**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

## Дешхьалхе

Хастам бу, Iаламаш кхиош-кхобуш Волчу АллахIна. Делера хаза мел долу салам-салават хуьлийла халкъашкахь шел везаниг кхин хир воцуш, оцу Iаламех къинхетам беш ваийтина волчу Мухьаммад-пайхамарна, цуьнан доьзална, асхьабашна, царна тIаьхьа баьзначарна массарна а.

Веза-Сийлахьчу Дала къинхетам бина вайх: Цо Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ваийтина, цуьнга Къуръан доссийна, Ислам-дин вайна марздина, вайга и къобалдайтарца. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, АллахIера Нур а, билгала жайна а** (Къуръан) **деъна шуьга. Цуьнца маьршачу новкъа нисбо АллахIа Ша резаван къахьоьгуш берш. Шен лаамца боданашкара серлоне боху Цо уьш, нийсачу новкъа а хIиттабо».** *«Аль-Маидат», 15-16.*

Даима дин дезаш, шайн ницкъ кхоччучу барамехь и лелош схьабогIуш бу нохчий. Делан цIена дин маьрша леладан йиш хилийтарехьа къуьйсуш, бIешерашкахь тIемаш бина, шайн мерза синош дIадаларца хIаллакьхилла къоман яхьйолу къонахий. Делан къинхетам бу, тахана, цкъа а ца хиллачу кепара ала мегар долуш, Ислам-дин довза, лело маршо ю вайн махкахь. И маршо ларъяр, цуьнан пусар-тIалам бар, нийсо толош, хьарам-хьанал къастош, даима иманехь совдовла хьовсуш дахар – вайн сийлахь декхар ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шун Дала кхайкхам бина: «Нагахь санна аш шукра дахь** (шайна деллачу ниIматана)**, шу сов даханза Iийра вац Со».** *«ИброхIим», 7.*

**Лераме вежарий!** Де-дийне мел дели, Нохчийчохь бIаьрла хаало беркатечу хийцамийн инзаре-боккха барам. ТIеман ницкъ эшийна хиларан, машарехьа йоху гIулчаш чIагIлуш хиларан тоьшаллаш го вайна тахана. Цундела вайн йиш яц, хуьлучуьнца доьзна бендоцуш хила. Вайх хIора декхарийлахь ву вешан мохк денбарехь, иман долу тIаьхье кхиорехь жигара дакъалаца. Тахана нохчийн халкъан ирс дебочу пхьалгIахь хьуьнаре аьчкапхьар хила гIерташ воцург, вайна хьалхахьа гIулчаш яха новкъарло еш хуьлу. Кхечарна шех бала муххале ца беш, иттаннан, бIенан метта къахьега декхар ву тахана хIора нохчи. Эрна олуш дац, стагах цхьа пайда болуш бацахь, цуьнах шена, ерриг юкъараллина а бала хуьлу.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), **«Цхьа аят кхачадай а, соьгара дIакхачаде»,** – аьллачунна тIе а доьгIна, вайн

юкъараллехь лардан, тидаме эца дезачу хьелийн, хеттарийн бусалба дино хадийна мах, йина терго юьйцуш бинчу хьехамийн гулар ю вай вовшахтоьхнарг. Жайна дешначунна, тхо тешна ду, гур ду, бусалба дино терго ца еш адаман, юкъараллин цхьа а агIо йитина цахилар, Исламан зIаьнарш массо хенахь нахана некъан серло хилла, лепаш лаьтташ, лаьттар йолуш хилар а. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**Веллачул тIаьхьа коша чохь волчу лена мела кхачош ворхI хIума ду: Iилма хьехар; я хи даладар; я гIу яккхар; я хурманан** (я муьлхха стом болу) **дитт дер; я маьждиг догIар; я ирс эца Къуръан дитар** (эца а эцна иза сагIийна дIадалар, я вакъф дар, я шен кIантана дитар)**; я ша веллачул тIаьхьа шена гечдар доьхуш доьзалхо витар».** *Баззар.*

Ас даггара баркалла боху, хIара жайна кечдеш дакъалаьцначу сайн белхан накъосташна а. Халкъана пайде хиларе йолчу дегайовхонца, Делан дуьхьа аьлла, вовшахтоьхначу хьехамийн хIокху гуларх цхьаммо эцна а ирс эцнехь, оха лелийна жима (гIийла) бахьана эрна дац аьлла, догтешна хир ду тхо.

Веза-Сийлахьчу Дала вай йина Iамал къобалйойла, Цо Шен къинхетамах ма дохийла вай дуьненахь а, эхартахь а!

***Илесов Iелин Iарби, «Некъ» ТРК-н говзанча***

## «Мел дийци совдуьйлу хьан нуьре жовхIараш…»

### **Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хаза сурт-сибат, оьзда гIиллакхаш**

Веза-Сийлахьчу Дала болу: **«Баккъалла а, сийлахь-деза гIиллакхаш долуш ву хьо** (хIай Мухьаммад)**».** *«Аль-Къалам», 4.*

Хаза хилла болу хастам хуьлийла Веза-Сийлахьчу Далла, Iаламах къинхетам беш Шен сийлахь Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вайна ваийтина Волчу. Къинхетамах къегина а, вазварца нуьре а долу салават-салам хуьлийла Мухьаммад-пайхамарна, цуьнан сийлахьчу доьзална, асхьабашна а.

Лараме вежарий, йижарий! Дала Шен цIарах цIе хоьттина, халкъашлахь вазвина ваийтинчу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIиллакхаш, сибаташ довзар тIехь ду вайх хIоранна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, шуна ма дара Делан Элчанехь хаза хилла долу масал, АллахIах а, ТIаьхьарчу** (къемат) **дийнах а кхоьручарна а, АллахI дукха хьехочарна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21.*

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) куьцаш вайга кхаьчна цуьнан асхьабашкахула (Дела реза хуьлийла царна).

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хазалла

МуIаввизан йоIа РубаййиIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира, шега Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сибаташ дийца аьлча: **«ХIай кIант, хьайна и гича, схьакхеташ болу малх гича санна, хетар дара хьуна».**

Самуратан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цIечу басахь духар дуьйхина гира суна цхьана екхначу буса. Цуьнга а, стигларчу батте а хьаьжира со, оцу баттал хаза вара иза».**

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) месаш, Iаьржа а йолуш, дукха хьийзина я нисса охьаяхана а йоцуш, хилла. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **месашна, можана юккъехь ткъех кIайн чо бара».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дегI

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **лекха а, лоха а вацара, шуьйра белшаш яра цуьнан. И санна тайна стаг цул хьалха а, тIаьхьа а гина вац суна».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) юьхь

Абу Бакаран йоIа Iаишата (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Цуьнан юьхьа тIехь, беттасин нур санна, нур догура».**

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **юьхь горга яра, кIайн бос болуш, цуьнца цхьаьна цIен бос а бетталуш».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бIаьргаш

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **бIаьргаш, бIаьргийн негIарийн чоьш - кIарула Iаьржа дара, озабелла горга дара цуьнан бIаьргаш… горгий долуш, деха цIоцкъамаш дара цуьнан».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бIаьрса

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со ламазна хIоьттина велахь а, со сайн букъа тIехьа дерг гуш вац ма моттийла шуна. ВаллахIи, суна къайла ма ца долу, ламаза тIехь Делах шу кхерар, аш ден рукуIаш, сужданаш. Сайн букъа тIехьа лаьтташ долу шу гуш ву со».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хазар

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элча а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), Билал а (Дела реза хуьлийла цунна) БакъиI кешнашна тIехволуш, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIай Билал, суна хезаш дерг хезий хьуна?»** Билала (Дела реза хуьлийла цунна): **«ХIан-хIа, ца хеза, вайн Делора»**, – аьлла, жоп делира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) юха а элира: **«Iазап хьоьгучу кешнийн охIлано хьоькху мохь ца хеза хьуна?!»** *Хьаким.*

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цергаш

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хьалхара цергаш нилха яра. Цуо къамел дечу хенахь цуьнан цергашна юккъехула нур дуьйлура».**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **велакъежча, кхелаш а цхьаьна нуьрах лепара цуьнан».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) туй

Хьужран кIанта Ваила (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Пайхамарна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **чийликахь хи даьхьира ас. Цуо хи а мелла, багахь дисинарг юха чийлик чу Iанийна, цу чохь долу хи гIу чу доьттира. Оцу гIуна чуьрчу хих мискан хаза хьожа етталора».** *Ахьмад, ТIабарани.*

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) лаг

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **лаг, дато кIудал санна дара».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) куьйгаш, когаш

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **куьйгаш, когаш даккхий дара».**

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **куьйгел кIедачу** (я шолан, я дарин) **кIадинах куьг ма ца кхетта сан».**

Абу Жухьайфата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **куьг сайн юьхьа тIе диллира ас. Шал шийла дара цуьнан куьг, миск-IатIарал хаза хIожа а йогIура цунах».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) болар

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **вара, шен болар, ша цхьана лекхачу лома тIера чувогIуш санна, нуьцкъала, тIах-аьлла долуш. Ша юхахьожучу хенахь, дийнна дегI схьадерзадора цо».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) майралла

Абу ТӀолибан кӀанта Ӏелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Гуттар боккха кхерам тӀебеача, тхаьш Делан Элчанна гергахь карадора тхуна. МостагӀчунна цул гергахь ца хуьлура тхох цхьа а».**

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Цхьана буса, массо нах Ӏадош, инзаре-чӀогӀа мохь белира Мадинатахь. Оцу маьхьаре дӀахьаьлхинчу нахана дуьхьалкхийтира цигара вухавирзина Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**. Абу ТӀалхьатан говрахь массарел хьалха кхиънера иза оцу маьхьаре. Ткъа нах паргӀатбехира цуо, кхера ма кхералаш, аьлла».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) эсала хилар

Абу СаӀйда аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Кирхьана тӀехьа лаьттачу нускалал эхьхеташ, эсала вара Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**. Шена ца деза хӀума цунна гича, цуьнан юьхьа тӀехь иза хаалора тхуна».** *Бухари, Муслим.*

Цхьаннен бӀаьра вогӀавелла ца Ӏара иза. Стиглачул дукха шен бӀаьрг лаьтта хьажийна хуьлура цуьнан. Ша реза воцург цхьаннах даьлла аьлла шена хезча, цкъа а цуьнан цӀе ца йоккхура: **«Оцу наха и тайпа хӀума шайх хӀунда долуьйту-техьа?»** – олура цуо.

Нийсонна тӀехь хилар

Массо нахал сов нийсо еш, тешаме вара иза. Иза чӀагӀдора цуьнан накъосташа а, мостагӀаша а. Шега пайхамаралла доссале а, «бакълуьйш, тешаме верг» аьлла цӀе яхана а, нахана юкъахь нийсонца девнаш листарца гӀаравоьлла а вара иза.

Кураллина гена вара иза

Нахаца кура вацара иза. Мискачу нахаца уьйр йолуш а, къечу нахаца охьахуьйшуш а, лено дехначунна жоп луш вара иза. Шен асхьабашна юкъахь ша волуш, царах ца къеста хьожура иза. Цуьнан хӀусамнанас Ӏаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Цуо шен мачаш тойора, бедарш дӀатоьгура. Аш шайн цӀахь ден гӀуллакхаш санна, иза вара шен цӀен**

**тIехь гIуллакх деш. Иза вара, шу санна, шен бедар цIанъеш, уьстагIера шура йоккхуш, шен гIуллакх ша деш».**

Массарел дика ша делла дош кхочушдар, гергарло леладар дара цуьнца; кхиверг шел гIиллакхе хила йиш йоцуш, нахаца гIиллакхе а, къинхетаме а вара. Маьттаза лелар, вистхилар дацара цуьнца, неIалташ ца кхайкхадора, базарахь мохь ца хьоькхура. Вуочу хIуманна дуьхьала вуониг ца доккхуш, къинтIера волий Iадвуьтура шена халахетар динарг. Шеца цхьаьна новкъахула богIучарах цхьа а шена тIаьхьа ца вуьтура цуо. ТIаьххьара пайхамар ву аьлла, шен шина белша юккъехь тоьхна мухIар а долуш вара иза.

Абу ХIалатан кIанта ХIинда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), **дукхахьолахь, гIайгIане хуьлура, даима ойлаеш вара иза, паргIатваьлла зама ян а яцара цуьнан. Оьшучохь бен вист ца хуьлура иза, вист ца хуьлуш вехха а Iара. Ша дуьйцург къастуьйтуш, хIора дош кхоччуш олура цо къамелехь, вистхилар кIеда дара цуьнан. Цхьанне Iиттарш ца йора, сийсаз ца вора цхьа а. Кхоллучу хIуманна реза воцуш хIума ца олура, я хасто ца хIуттура. Шена халахетар дича, оьгIаз ца воьдура, къинтIера а волура. Цхьанна тIе ишар еш пIелг ца хьажош, дийнна куьйгаца йора ишар.**

**Ша оьгIазвахча, дIа а воьрзий, дIахуьлура. Шена хазахетар хилча, хьажар лаьтте дерзадора. Велаваларан хазалла къажарца дара цуьнан** («къахь-къахь» аьлла, велалуш ца хилла иза)**.**

**Шена пайде доцчу хIуманах мотт ларбора цуо, асхьабашна юкъахь барт чIагIбора, хIора тайпанан хьакъволчу къонахчун сий-ларам бора, иза церан хьаькам хIоттавора. Нах зен-зуламах ларбора».** *Тирмизис далийна «Шамаил» жайнахь.*

Мажлисехь иза волуш

Дела ца хьахош, охьа ца хуура я хьала ца гIоттура иза. Нахах къаста гIерташ, даима цхьана метте охьа ца хуьйшура. Нах гулбеллачу кхаьчнехь, гуламна тIаьххье охьахуура, иштта кхечаьрга а охьаховша олура. Хевшина болчаьрца цхьатерра къамел дора, цхьаъ вукхул сийлахь ву царна ца

моттийта. Шега хIума хаьттинчуьнга цуьнан гIуллакх чекхдаллалц леррина ладугIура. Шена тIедеана хьашт кхочушдора я, хаза дош олий, там бора. Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **шега дехначунна цкъа а «хIан-хIа» аьлла дац».** *Бухари.*

Наха дезаш тIеийцира цуьнан гIиллакхаш, церан да хилла дIахIоьттира иза. Цуьнан гергара нах хилира царах, цунна гергахь диканиг – Делах чIогIа кхоьрург волуш. Собаре, тешаме, оьзда нах гуллора и волчу мажлисехь. Маьхьарий ца хьоькхура, хьарам некъаш боьхкура, Делах кхерарца яра церан вовшашца йолу марзо. Баккхийчеран сий деш, кегийчаьрца къинхетаме болуш, гIо-накъосталла оьшучунна гIо деш бара оцу мажлисехь берш…

Даима хаза дош олуш вара, нахаца хаза тIекаре йолуш, шех стаг ийзаволуьйтур воцуш вара. Цунах дог ца дуьллура цхьаммо. Шена кхо хIума дихкинера цуо: моттаргIанаш лелор; дукхалер; шех хьакхалуш доцу хIума тергалдар. Нахаца лелон кхо хIума а дихкинера цуо шена: муьлхха стаг сийсазвар; стеган къайленаш гучуяхар; пайде, меле доцу къамел дийцар.

Иштта Веза-Сийлахьчу Дала хазчу суьртахь кхоьллина, кхиийна Шена дукхавезаш волу вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), кхоччуш долу хаза гIиллакхаш делла цунна. Халкъашлахь уггаре веза волу иза хастош, Веза-Сийлахьчу Дала болу: **«Баккъалла а, сийлахь-деза гIиллакхаш долуш ву хьо** (хIай Мухьаммад)**».** *«Аль-Къалам», 4.* «Мел дийци совдуьйлу хьан нуьре жовхIараш» бохучу назманехь ма-аллара, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIиллакхаш мел дийцарх кIордор дац, хIунда аьлча и санна везчу стага ког ца биллина я буьллур бац хIокху лаьттан букъа тIе.

Дала хIокху дуьненахь Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) масал эца ийман, собар лойла вайна, эхартахь ялсаманин бошмашкахь цуьнца цхьаьна а тухийла вай!

***

**Жизнь, посвяшенная спасению Уммы**

**Во имя Аллаха, Милостивого, Милосердного!**

Хвала Аллаху, Господу миров! Мир и благословение Аллаха - лучшему из Его творений, Мухаммаду, его семье, сподвижникам и всем их последователям.

Мусульманский мир ежегодно отмечает годовщину со дня рождения своего первого и главного наставника - пророка-Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), жизнь которого была образцом беспримерного служения Аллаху и наставления своей уммы на светлый путь истины. Всевышний говорит в Священном Коране: **«Для вас в Посланнике Аллаха – образцовый пример для тех, кто надеется на милосердие Аллаха и на блага Последнего дня и поминает Аллаха часто».** *«Аль-Ахзаб», 21*.

Как говорил известный ученый, имам двух Священных мечетей Мекки и Медины Ахмад Дахлан, благодать Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) была для его уммы до его рождения, при его жизни и будет после его смерти. Что касается благодати, ниспосланной до рождения Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), то можно привести хадис Анаса бин Малик (да будет доволен им Аллах) о том, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Когда пророк Адам, вкусив запретный плод, он обратился к Аллаху: «О Господь, прости меня ради Посланника Мухаммада. Всевышний сказал** (хоть и знал ответ)**: «Откуда тебе известно имя пророка Мухаммада?» Тот ответил: «После того как Ты сотворил меня, я поднял голову и увидел, что на Твоем троне написано Лá илáхIа иллаллóхIу Мухьаммадур-росýлуллóхI** (нет бога, кроме Аллаха, и Мухаммад – Посланник Аллаха)**. И я понял, что Ты поставил бы рядом со своим именем только имя наиболее любимого Тобой творения». «Ты прав, Мухаммад – самое любимое из всех Моих творений. Если ты просишь прощения ради него, то Я прощаю тебе. Если бы не Мухаммад, Я не сотворил бы тебя».**

И хотя Аллах – обладатель Щедрости и Благородства – послал Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) как милость для всех миров – **«Мы послали тебя, о Пророк, только как милость для обитателей миров»** – все же, он больше переживал за мусульманскую умму. Вся жизнь Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) пронизана высочайшей степенью милосердия и заботой по отношению к верующим. Доводом тому служит священный аят из Корана: **«К вам, о люди, пришёл Посланник из вас самих, которому тяжко и больно видеть, как вы грешите и будете страдать за это. Велико его желание наставить вас на путь истины. Он к**

**верующим кроток и милосерден!»**. *«Ат-Тавба», 128.* Также передается, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Я** (по отношению к верующим) **подобен тому, кто отгоняет мотыльков от ночного костра».** *Муслим.*

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) отдавал все свои силы, энергию во имя счастья своей общины (уммы) в этом тленном мире. Он показывал яркие примеры для подражания во всех жизненных ситуациях, будь то обряды поклонения, проявление высших моральных качеств, вопросы войны, политики, торговли, семейные отношения… Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) так сказал об этом: **«Я не оставил** (не упустил) **без сообщения ничего того, что было бы для вас ценным и полезным, и не оставил без предостережения ничего того, что могло бы навредить вам».** Даже на смертном одре в последние мгновения своей жизни на этом свете он повторял: **«О моя умма, моя умма!»** Таков был наш Пророк (да благословит его Аллах и приветствует), любимец Аллаха, при жизни переживающий за нас, любящий свою умму.

Земная жизнь преходяща, загробная жизнь вечна. В Судный день первым из могилы встанет Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует). Пророки и все верующие сойдутся под его знаменем. Сообщается, что Анас бин Малик (да будет доволен им Аллах) сказал: «Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) рассказал нам следующее: **«Когда настанет День воскресения, людей охватит волнение, и будут они в смятении обращаться друг к другу, после чего явятся к Адаму и взмолятся: «Заступись за нас перед твоим Господом!» а он скажет: «Я не достоин быть заступником, а вам следует пойти к Ибрахиму, поистине, он – возлюбленный Аллаха!» Тогда они явятся к Ибрахиму, который скажет: «Я не достоин быть заступником, а вам следует пойти к Мусе, поистине, Аллах говорил с ним!» Тогда они явятся к Мусе, который скажет: «Я не достоин быть заступником, а вам следует пойти к Исе, поистине, он – дух от Аллаха и Его слово!» Тогда они явятся к Исе, который скажет: «Я не достоин быть заступником, а вам следует пойти к Мухаммаду, да благословит его Аллах и приветствует!» Тогда они явятся ко мне, и я скажу: «Я заступлюсь за вас!» и обращусь к своему Господу за разрешением; и разрешение** (на это) **будет дано мне, а затем Он внушит мне слова хвалы, с которыми я обращусь к Нему и которых не знаю сейчас. И я воздам Ему эту хвалу и**

**склонюсь перед Ним в земном поклоне, после чего мне будет сказано: «О Мухаммад, подними голову, говори - и тебя выслушают, проси - и тебе будет даровано, обращайся с заступничеством, и оно будет принято!» Тогда я скажу: «О Господь мой, община моя, община моя!» – а** (мне) **будет сказано: «Ступай и выведи из** (пламени ада) **тех, у кого в сердце было веры** (хоть на вес) **ячменного зерна!» – и я пойду и сделаю** (это). **Потом я вернусь, снова воздам Ему эту хвалу и склонюсь перед Ним в земном поклоне, и мне будет сказано: «О Мухаммад, подними голову, говори - и тебя выслушают, проси - и тебе будет даровано, обращайся с заступничеством - и оно будет принято!» Тогда я скажу: «О Господь мой, община моя, община моя!» – а** (мне) **будет сказано: «Ступай и выведи из пламени ада тех, у кого в сердце было веры** (хоть на вес) **пылинки или горчичного зерна!» – и я пойду и сделаю это. Потом я вернусь и снова воздам Ему эту хвалу, после чего склонюсь перед Ним в земном поклоне, и** (мне) **будет сказано: «О Мухаммад, подними голову, говори - и тебя выслушают, проси - и тебе будет даровано, обращайся с заступничеством - и оно будет принято!» Тогда я скажу: «О Господь мой, община моя, община моя!» – а Он скажет** (мне)**: «Ступай и выведи тех, у кого в сердце было веры** (хоть на вес) **мельчайшей части горчичного зерна, выведи** (таких) **из огня!» – и я пойду и сделаю** (это)**».** После этого Анас (да будет доволен им Аллах) рассказал, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) также сказал: «**А потом я вернусь в четвёртый раз и** (снова) **воздам Ему эту хвалу, после чего склонюсь перед Ним в земном поклоне, и** (мне) **будет сказано: «О Мухаммад, подними голову, говори - и тебя выслушают, проси - и тебе будет даровано, обращайся с заступничеством - и оно будет принято!» Тогда я скажу: «О Господь мой, позволь мне** (обратиться к Тебе с заступничеством) **за тех, кто сказал: «Ла́ ила́хIа иллалло́хI** (Нет бога, кроме Аллаха!)**» – и Он скажет: «Клянусь Своей славой, Величавостью и Величием, Я обязательно выведу оттуда тех, кто сказал: «Ла́ ила́хIа иллалло́хI** (Нет бога, кроме Аллаха!)**»** *Бухари.*

**Уважаемые братья и сестры по вере!**

Разве не должны мы отдать дань памяти и уважения благороднейшему из рабов Всевышнего – Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), благодать которого мы ощущаем при жизни и ощутим в виде его заступничества в Судный день. Давайте еще больше говорить о нем и

вспоминать его в дни месяца рабиуль-авваль, чаще извлекать уроки из его жизни. Самое лучшее, ценное, весомое, что может любой из нас сделать - это произношение ему салаватов (благословлений), так как Всевышний говорит нам об этом: **«Поистине, Аллах и Его ангелы благословляют Пророка! О вы, которые уверовали, благословляйте Пророка и приветствуйте его искренним приветствием!»** *«Аль-Ахзаб», 56.*

Да сделает Аллах всех нас любящими пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), и да воскресит нас в Судный день вместе с ним.

***

**Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **зиярт даран гІиллакхаш**

Хастам бу, халкъашлахь вайн эла Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вазвина, цуьнан уммат кхечу уммател сийлаллехь лакхадаькkхинчу АллахІна. АллахІера салам-салават хуьлийла, Іаламех къинхетам беш Дала ваийтинчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, массо хьелашкахь царна тІаьхьабаьзначарна а. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) коша тІе зиярте вахар Къуръана чохь, Суннатехь, Іеламнехан бартехь деза, дика лерина Іибадат ду. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Баккъалла а, уьш – шаьш шайна зулам дича,** (дохко а бевлла) **хьо волчу баьхкинехьара, тІаккха цара АллахІе гечдар дехнехьара, Элчано а царна гечдар дехнехьара, царна карор ма вара АллахІ, тоба къобалдеш, къинхетам беш а».** *«Ан-Нисаъ», 64.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Со веллачул тІаьхьа суна зиярте веънарг, со дийна волуш суна зиярте веънарг санна ву», «Суна тІехь хьакъ ду, цІенчу ниййатца суна зиярте веанчунна къематдийнахь шапаІат дан».**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Хьаж дина, сан коша тІе зиярт динарг, со дийна волуш суна зиярте веънарг санна ву».** *Абу ЯІла, ТІабарани, БайхІакъи.*

Кхечу некъахула деанчу оццу хьадисехь ду: **«Мадинате суна зиярте веанчунна шапаІат дийр ду ас, цунна теш а хІуттур ву. Маккахь, Мадинатахь велларг, къематдийнахь нахаца маьрша гІаттор ву».** *Абу Давуд.*

**Лараме вежарий!** Дала халкъашлахь вазвина, Шен цIарца цIе хьоттина волчу Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) зиярт дарехь вай лардан дезаш гIиллакхаш ду. Деа мазхIабан дуккха Iеламнаха Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) зиярт дар хьахочу шайн жайнийн дакъош тIехь яздина уьш. Цуьнан кошехьа вирзина, Деле шена гечдар доьхуш, шен хьашташ кхочушдар доьхуш, доIа дар – суннат ду аьлла билгалдаьккхина цара. Зиярт даран гIиллакхех ду, оцу езчу метте (зиярте) кхаьчча - хIораммо шен тоба карладаккхар, Деле тоба цIенчу ниййатца хилийтар доьхуш. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цIарца, цуьнан беркатца, АллахIе тоба къобалдар дехар ду зияртан гIиллакхех. Къуръанан хIара аят: **«И къинош леторца шайна зулам динчу наха, хьо волчу баьхкина, Деле шайна гечдар дехахьара, Элчано уьш Деле боьхур бара, АллахI къинхетаме, тоба къобалдеш карор вара царна»** дешначул тIаьхьа, Делах кхерар совдоккхуш, гечдар дехар алсамдаккха а деза зиярте ваханчо.

Цул тIаьхьа хIара доIа дар дика лоруш ду: **«Хьуна хьалха тхешан хьакъ дIадала, хьуна зиярт дарх беркат оьцуш, хьо волчу, хьуна зиярте даьхкина тхо, хIай Делан Элча. Тхаьшна беза мохь хилла, дегнаш тIе томмагIаш летийначу къиношна, хьан цIарца Деле гечдар доьхуш даьхкина тхо. Хьо воцург, Делера шапаIат деха тхо тIедаха цхьа вацара, хьан неI йоцург тхо неIаре даха меттиг яц, хьайн Далла хьалха шапаIат дехьа тхуна, Цуьнга гечдар дехахьа тхуна, оха доьхург луо алий; къематдийнахь дикчу нахаций, Iилманах пайда бинчу Iеламнахаций тхо гулде алий, дехахь Цуьнга»**.

Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) зиярт даран гIиллакхаш хьахийна имама Ар-Рамлис а (Дала къинхетам бойла цунах). Цо боху: «Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) зиярт даран гIиллакхех ду, Мадинате кхаьчча цунна салаваташ дахкар совдаккхар. Цуьнан маьждиге кхаьчча, Ровзатехь (Делан Элчанан кошана а, минбарна а юккъера меттиг) ши ракаIат маьждиган хьурмат ламаз дина, ша кхуза кхачаварна Далла шукра дина, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) коша хьалха соцур ву иза. Цул тIаьхьа, кошехьа вирзина, къилбехьа букъ тоьхна волуш, шен хьажар кошан лахене дерзош, гIиллакххехь (иза дийна волуш санна), сов аз ца ойуш, цуьнга салам лур ду. Уггар доца салам далар иштта хир ду: **«Ассала́му Iалайка я́ росу́лалло́хI»** – «АллахIера салам-маршалла хуьлийла хьуна, хIай Делан Элча».

Цул тIаьхьа, аьтту агIор хуьлуш, жимма герга хуьлуш, цунна юххе дIавоьллина волчу Абу Бакаре (Дела реза хуьлийла цунна) салам лур ду, юха жимма дIахуьлуш, Iумаре (Дела реза хуьлийла цунна) салам лур ду. Цул тIаьхьа, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) коше юха а вирзина, цуьнга юьхь ерзийна, цуьнан возаллица, сийлаллица Деле шена гечдар, шапаIат дар доьхур ду. Цул тIаьхьа, къилбехьа вирзина, Деле шена а, шена безачарна, бевзачарна, массо бусалба нахана гечдар доьхуш доIа дийр ду. Иштта гIиллакхехь ду, Мадинатерчу езчу меттигашка зиярте вахар: БакъиI кешнашка, Къубаъ маьждиге... Мадинатехь ткъе итт гергга ю уьш.

## Лараме вежарий, йижарий!

Бусалба стаг массо дикчу хIуманах ирс, пайда эца безаш ву. Шен аьтто баьллачун бен йиш ца хуьлу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) зиярте ваха. Амма, Делан къинхетамца, вай цунна дуьллуш долу салават, вай мичхьа диллича а, дIакхочуш ду, оцу салавато вайна ял (мела) хуьлуьйтуш ю. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аш сан кошах Iийд ма де** (Iийд долчу дийнахь бен ца догIуш)**, аш суна салават дилла, баккъалла а, шун салават соьга кхочуш ду, шу мичхьа делахь а».** *Абу Давуд.*

Авсан кIанта Авса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шун денойх уггаре дезаниг - рузбанан де ду, аш дукха де цу дийнахь суна салават диллар, баккъалла а, шун салават суна тIедохьуш ма ду».** *Абу Давуд.*

АллахIа вайн къомах бина къинхетам бу, вайна юккъе Шена дукхабезаш болу нах – эвлаяаш – бахкийтар. Шайгарчу масалца Делаца йолу вайн уьйр чIагIъеш, дуьненан марзонех хаьдна, къахьоьгуш баьхна вайн юккъехь и Делан леш. Уьш дIабевлча а, царах долу беркат ду вайх хьерчаш. Оцу Iалашонца доьлху вай царна зиярте а.

ШафиIин мазхIабан Iеламстага имам Фахруддин Ар-Разис (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Кайфиятуль-интифаIи би зияратиль-мавта валь-къубур» жайнахь иштта яздина зиярт даран дозаллех лаьцна: «Стага, цхьана дикчу стеган коша тIе зиярте вахана, сахьт хан яккхича, оцу коша чохь верг везарна цунах тIеIаткъам хуьлу цунна. Иштта шеко йоцуш, оцу веллачун сина а хуьлу тIеIаткъам (безам кхоллалло) шена зиярте веанчуьнгара. Стаг оцу коша тIе зиярте вар бахьанехь, цуьнан а, веллачун а

синош цхьаьнакхета (встречаются) оцу меттехь. Шаьш цIена хиларца, дезарца вовшех тарло и ши са. Шайн дикаллин нур хьерча оцу синойх. Делан кхиэлана реза хилар, Делах кхерар бахьанехь, дийначу стагехь дика мел долчу хIуманан (кхетам, Iилма, гIиллакхаш) нур хьаьрча (отражается) оцу веллачу стеган сих. Иштта, оцу веллачун дика мел долчу хIуманан нур а кхета (отражается) оцу зиярте веанчу стеган сих. И зиярт дар бахьанехь, доккха беркат, деза совгIат хуьлу оцу зиярте веанчун синна. ХIара ду-кх, шариIато зиярте ван магоран бахьана. Гена дац, оцу зияртах кхин а вайна ца гуш, къайлах долу даккхий беркаташ хила а. Дерриге гуш, хууш Сийлахь АллахI бен, цхьа а ма вац».

Эвлаяашна зиярт дар – деза, мехала гIуллакх ду, АллахIа ял йоцуш дуьтур доцуш долу, Дала мукъалахь. Оцу дикчу нахана зиярт дар къобал хилийтархьама, вай лакхахь хьахийна долу зиярт даран гIиллакхаш лардан деза вай.

Веза-Сийлахьчу АллахIа, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шапаIатах, эвлаяийн беркатах ма дохийла вай. Дала къинхетам бойла массо бусалба нахах!

***

**Бераш хецна дитахь, дакъаздала гена дац да-нана!**

Хастам бу, Iаламийн Да Волчу АллахIна. АллахIера салам-салават хуьлийла, Iаламех къинхетам беш Дала ваийтинчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Адаман юкъараллин массо агIо юкъалоцуш деанчу Делан дино – Исламо – тергам боцуш ца дитина дас-нанас шайн доьзал кхиабарехь дан дезарг. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху Къуръана чохь: **«ХIай ийман диллина нах, аша шайн догIмаш а, доьзалш а** (жоьжахатин) **цIарах ларде, керста нахах а, тIулгех а ша латор йолчу.** *«Ат-Тахьрим», 6.*

Бер кхетош-кхиор, хууш ма-хиллара, доьзалехь долалуш ду. Дуьне довза, гонаха долчух кхета шен хIусамера долало бер, дегара, ненера масал а оьцу цо. Дайшна, наношна хаа деза, шайн доьзал ийманехь, гIиллакхехь кхио Далла гергахь шаьш жоьпалле дуй. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

элира, аьлла: **«Цхьа а доьзалхо ма вац, ша бусалба а волуш дуьнен чу волуш а бен; амма цуьнан дас-нанас жуьгтийн дин тІехь я эрмалойн дин тІехь, я цІарна Іибадат дарна** (огнепоклонник) **тІехь кхиаво иза».** *Бухари.* Цундела, Дела реза волчу некъахь шен доьзал кхиор, царах махкана, къомана пайде гІоьнчий бар – коьрта декхар ду дайн а, нанойн а. ХІокху дуьненахь, ваьш лийр дуй хууш, эхарт лаха дезаш ву вайх хІора. Ткъа берийн дола а ца деш уьш хецна дитахь, уьш бахьанехь дакъазадовла гена дац вай. Іумаран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шух хІора а Іу ву, хІораммо а жоп дала дезар ду шен Іуналлех».** *Бухари, Муслим.* Далла гергахь, деза, мехала Іуналла ду, дас-нанас шайн доьзална тІехь ден Іуналла.

**Лераме дай-наной!**

Далла гергахь, аша шайн доьзалца бан беза коьрта белхаш хІорш бу шуна:

**– Шен доьзалхочунна дика цІе тиллар, корта башар, сунтвар**

Джундубан кІанта Самурата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХІора бер шен Іакъикъатах доьзна ду. Цунна тІера урс хьокхур ду ворхІалгІачу дийнахь, цунна цІе а туьллур ю, цуьнан корта а бошур бу».** *Ахьмад, Абу Давуд, Тирмизи, Насаи, Ибн МажахІ.* Дуьнен чу даьллачу берана цуьнан ворхІалгІачу дийнахь цІе тиллар суннат ду, иштта цунна хаза хилла йолу цІе харжар а ду суннат. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла, къематдийнахь шуьга кхойкхур ду шайн цІерашца, шун дайн цІерашца а, тІаккха аша хаза цІераш тахка шайна»**. *Абу Давуд.*

Шайн берашна пайхамарийн (Мухьаммад, Муса, Іийса, ИбрахІим, ИсмаІил), асхьабийн (Абу Бакар, Іумар, Іусман, Іела, Хьамзат, Зубайр…), дикачу нехан цІераш тахкар бегІийла ду. ЙоІаршна - Хадижат, Іайшат, ФатІимат, Асмаъ… тахкар дика ду.

Іамран кІанта (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Далла дукхаезаш йолу шун цІераш: ІабдуллахІ, Іабдуррохьман а ю».** *Муслим.*

Оцу беран, кIант хуьлда я йоI хуьлда иза, ворхIалгIачу дийнахь, цунна тIера Iакъикъат дийначул тIаьхьа, корта башар суннат ду, сагIина хIума лур ю цунна тIера, цуьнан месийн йозаллин барамехь долу деши я дети.

Иштта дика лерина ду, берана, и дуьнен чу ма-делли, аьтту лерехь молла кхайкхар, аьрру лерехь къамат дар. Цуьнца цхьаьна, бер дуьнен чу долушшехь, дуьххьара, цунна хезаш долу хIума – Дела цхьаъ хилар хозуьйту цунна.

Суннат ду, дуьнен чу даьллачу берана – кIант велахь а, йоI елахь а – бага хурма Iоттар. Бага хурма Iоттар бохург – иза цкъа ша хурма Iовша а Iаьвшина, тIаккха оцу берана (цуьнан кийра цунах марзо кхачийта) бага Iуттур ю иза. Нагахь санна хурма яцахь, кхийолу мерза хIума багаIуттур ю цунна.

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Суна кIант винера, иза Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **волчу вигира ас; цунна цIе тиллира цо, ИбрахIим аьлла, бага хурма а Iоьттира цо кIантана».** *Муслим.*

Бер сунтдар важиб ду, делахь а бехкам бац и бер жима доллуш сунтде, аьлла; бер сунтдан мегар ду жима долуш а, доккхахилча а.

Бер сунтдарна шариIатехь долу хьикмат – иза цIена хиларехь, цIано ярехь соввалар ду; шеко яц, сунтваро цIаноярехь берана гIо деш хиларан.

**– Доьзална Ислам-дин довзийтар, Дала фарз динарш, хьарам динарш а Iамор** (ламаз дан, Къуръан деша…) **ду дай-нанойн декхар;**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Аша шайн берашка ламаз де ала, церан ворхI шо кхаьчча; церан итт шо кхаьчча, аша и ламаз бахьана долуш царна тоха, дIабуьйшучу меттехь дIаса а къастабе уьш».** *Абу Давуд.*

Iумар бин ХаттIаба (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Дена тIехь хьакъ** (декхар) **ду шен доьзалхочунна Къуръан Iамор** (шена ца хаахь, кхечуьнга хьехийтина а)**, хьанал рицкъа бен ца даор».** Къуръан Iамийначу доьзалхочун дена-нанна хир йолу ял юьйцуш ду хIара хьадис. Анасан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къуръан дешнарг милла велахь, цуьнца Iамал а еш, – цуьнан дена-нанна таж** (корона) **туьллур ду къематдийнахь, цуьнан серло хир ю дуьненан хIусамашкахь хиллачу**

**маьлхан серлонал хаза. ТӀаккха и Къуръан Ӏама а дина, цуьнца Ӏамал йинарг муха хир ву аьлла хета шуна?!»** *Абу Давуд.*

**– Доьзална гӀиллакх Ӏамор, уьш оьзда кхиор;**

Маликан кӀанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша сийде шайн доьзалан, аша хазде церан гӀиллакхаш».** *Ибн МажахӀ.*

**– Берашна юккъехь нийсо яр, уьш кхабар** (напха латтор)**;**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шаьш царна лучу хӀуманехь аша нийсо е шайн доьзалшна юккъехь».** *Бухари.*

**– Баккхий хилча, кӀантана зудаялор, йоӀ дикачу метте маре ялар.**

**Лараме дай-наной!**

Вайна ма-гарра, къоман кхетам кхиоран, цуьнан барт чӀагӀбаран муьрехь еха тахана Нохчийчоь. Бусалба хилийша, нохчаллех ма дохийша, шайн доьзалан, юьртан, мехкан дай хилийша бохуш, хӀора дийнахь вайга кхайкхамаш беш Нохчийчоьнан куьйгалхо а ву. Къоман кхетам кхиор, цуьнан кхачамбацарш дӀадахар атта гӀуллакх дац я цхьана дийнахь бича чекхбер болу болх бац иза. Делан дуьхьа, хӀора дийнахь, сохьтехь къахьега дезаш болх бу. Тхо тешна ду, къам кхиоран, иза динехь нисдаран болх берашна тӀера дӀаболо безаш хиларх. Бераш вайн къоман кхане ю. Царах доьзна ду вайн къоман хиндерг. Царах вайна накъостий хиларе догдоху вай, уьш сил дукхабезаш кхиа а бо. Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: **«Шух хуьлийла дикане кхойкху уммат, диканиг де олуш, вуониг ма де а олуш. Уьш декъала хилларш бу».** *«Алу Ӏимран», 104.* Ткъа оцу тобанах хила беза аьлла хета тхуна берийн дай-наной а.

Тахана, къаьсттина, берийн дай-нанойн жоьпалла совдолу, вайн махкахь дӀахьош болчу къоман кхетам кхиоран балха юкъа шайн дакъа дилла уьш дагахь белахь – муххале а.

Оцу сирлачу, мехалчу гӀуллакхехь шуьгара накъосталла оьшу, лераме дай-наной!

Веза- цхьана ялсаманин охӀланех а дойла.

Дала къинхетам бойла массо бусалба нахах!

Сийлахьчу АллахIа, доьзалш ийманехь кхио собар, хьекъал лойла вайна, уьш бахьанехь цаьрца

***

## Бозбуунчаллех, шайтIанан мекарлонех ларло вай!

Хастам бу, Iаламийн Да Волчу АллахIна. АллахIера салам-маршалла хуьлийла, Iаламех къинхетам беш Дала ваийтинчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIума хаьа бохучу стагана я палтуьйсучунна тIе а вахана, цара дуьйцург бакъдинарг - Дала Мухьаммаде** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **доссийначунна куфр динарг ву».** *Абу Давуд.*

Бусалба вежарий, йижарий! Жинашца тайна, бозбуунчалла лелош болчара нахана деш доккха зулам ду, вайн къомана беш боккха бохам бу. Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) ма-аллара: «Иблисна вай дицлуш дац шуна, цо вайца беш болу тIом сацийна хан еана яц. Амма вай бицбо вайна дуьхьал цо беш болу тIом». Вайца бечу тIамна кхачам боллуш дуьхьало ярхьама, вайна йовза еза шайтIанан мекарлонаш а, бусалба дино хьоьхуш болу церан зуламах ларваларан некъаш.

## ШайтIано адамашна тIехь кхочушъян лаьцна Iалашонаш

Адам нийса боцчу новкъа даккхаран Iалашонца шайтIано дуккха хIуманаш вовшахдетта. Царах ду вай лахахь дагардийраш:

1. Iибадат дан хьакъ верг цхьа АллахI бен цахиларна стаг шеконе вахийтар.
2. АллахIан нийсачу некъара бусалба стаг вохор.
3. Къеллица кхерам тийсар а, боьха, оьзда мел доцчу хIуманна тIетеIор а.
4. Дела вицвина, шайтIанашна Iибадат дайтар.
5. Нахана юкъахь питанаш даржор.
6. Адамашна юкъахь Iаьржа ун даржор.

7. Адам талхор, галдаккхар.
8. Адаман кӀесаркӀога тӀехь шеддаш дар.
9. Бусалба стеган наб йохор, цуьнга нахаца хьагӀ-бода лецийтар а.
10. Стаг хӀуманна вицвалийтар.
11. Ламаз тӀехь волчунна новкъарло яр.
12. Горгалин зов, зурманан гӀовгӀа яржор.
13. Адамах делархьама, цуьнга бага гӀеттаяйтар.
14. ЦӀенош дага бахьана даккхар.

### Муьлхачу рогӀаллехь бо шайтӀано адам тилоран болх?

Уггар хьалха, шайтӀа адаме куфр (керсталла) дайта хьожу. Цунах гӀуллакх ца хилча, иза гӀоьрта шариӀатна дуьхьал долу хӀуманаш бусалба динна юкъа даржадайта. Цунах а ша догдиллича, адаме даккхий къинош летадайтаран болх болабо (стаг вер, зина дар, риба (проценташ) яар). Цу тӀехь ша ца ларийча, стаге кегий къинош летадайта хьожу, къинош дуккха гулделча, и стаг хӀаллакьхир ву олий. Цу тӀехь ша эшча, и стаг цхьа а мела я къа доцчу гӀуллакхашна тӀеверзо хьожу шайтӀа. Шен и дайта аьтто ца баьлча, адаме шена пайде, беркате долу хӀума дӀа а тасийтина, беркат кӀеззиг долу гӀуллакхаш дайта хьожу иза.

### Делан лай муха тилаво шайтӀано?

1. Харцо хазъярца, иза дикчу суьртахь гайтарца.
2. Дала хьарам динчу хӀуманашна тамехь цӀераш тахкарца.
3. Дела резаван ечу Ӏамалшна товш йоцу цӀераш тахкарца.
4. Адамна моссо агӀор гуобилларца.
5. Нахана харц хьехамаш барца.
6. ШайтӀанан гергарчу нахера адамашка гӀо лахийтарца.

### Маца дӀалоцу шайтӀано адаман дог, хьекъал а?

1. Стагана дин девзаш ца хилча;
2. Стаг оьгӀазваханчохь;
3. Стаг дуьненах Ӏехавелча;
4. «ХӀинца-тӀаккха» бохуш, дан дезарг дӀатеттийтарца;
5. Дечу гӀуллакхна сихвелча;

6. Сутара хилча;
7. Стагехь бІаьрмецигалла елахь;
8. Кура хилча;
9. Стагана ша кхечара хестор дезча;
10. МоттаргІанаш лелийча;
11. Стага шех дозалла деш хилча;
12. ДегІан лаамашна каравахча;
13. Стагах лаьцна вуон ойла хилча;
14. Ша летош долу къинош стагана кІеззиг хетча;
15. Бусалба стаг везаш а, цунах вешаш а ца хилча;
16. Муьлхха къа латийча а, АллахІа шена гечдийр ду моьттича;
17. Делан къинхетамах стага догдиллича.

## **Бозбуунчалла** (сихьр)

Бозбуунчалла лелочу стага (зудчо) шен болх шайтІанашца тайна, церан гІоьнца бо. Цаьрца тархьама, оцу наха ца лелош хІума ца дуьту, цхьадерш вайна кхузахь хьахо оьзда доцуш. ШайтІана некъаш цхьа Іалашо йолуш ду: сахьире (бозбуунчалла лелочуьнга) ширк (Делаца накъост лацар), куфр дайтина, иза Далла гена ваккхар. Дала хьарам динчех долу доккха къа ду бозбуунчалла лелор. Делахь, наха сихьр леладо, Дала иза хьарам дина долушшехь. Хьусойнан кІанта Імрана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Вайх ма вац - палтуьйсуш верг, и пал шена туьйсуьйтуш верг, хІума хаьа бохуш, нах лебеш верг, цунна тІелелаш верг, сихьр лелош верг, и леладе аьлла, цунна тІевахнарг а».** *Баззар.*

Софиййата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХІума хаьа бохучу стагана тІе а вахана, цуьнга цхьа хІума хаьттинчун ламаз къобалдийр дац шовзткъа дийнахь-буса».** *Муслим.*

## Муха дан мегар ду сихьрана дарба?

Сихьрана дарба леладайта мегар дац, Іеламнахе бен. Царна шарІо бехкина хІара бехкамаш бу:
– Делан дуьхьа цІена ниййат хилар;

– Доьшучу Къуръанан аяташа жинаш дӀадохур ду аьлла, догтешна хилар;
– ШайтӀанах цакхерар, цуьнан мекарлонаш, Дала ма-баххара, гӀийла юй хаар;
– ГӀоли Делера юй хаар;
– Цомгуш волчун сакхталлаш къайлехь йитар;
– Жинаша, шайтӀано лелориг девзаш хилар.

Шеко йоцуш, и дарба лелош верг ламаз-марха долуш, хьарам хӀуманна генаваьлла стаг хила веза. ХӀусамнана йолуш хилар гуттар бегӀийла ду.

## Сихьрах муха ларлур ву?

Бусалба стаг сихьрах ларваларан болх шина бӀогӀамна тӀехь бу: Дела хьехор а, доӀа дар а. Сийлахьчу Къуръана чохь деза доӀа-аяташ ду, уьш дешаро гӀо дийр ду стагана сихьрах ларвала:

**– «Роббана́ золамна́ анфусана́ ва ил-лам тагӀфир лана́ ва тархьамна́ ланаку́нанна миналь-хо́сири́н** (Тхан Дела, оха зулам дина тхайн догӀмашна, Ахь тхуна геч ца дахь, тхох къинхетам а ца бахь, баккъалла а, тхо хир ду эшначарах)**».** *«Аль-АӀраф», 23.*

**– «Робби аӀу́зу бика мин хӀамаза́тиш-шайа́тӀи́ни. Ва аӀузу бика робби ай-йахьдуру́н** (ХӀай сан Дела, Хьоьца ларло со шайтӀанийн саьхьарлонех. Хьоьца ларло со, сан Дела, сайна уьш гергадахкарх)». *«Аль-Муъминун», 97-98.*

**– «РоббанагӀфир ли́ ва лива́лидаййа ва лиль-муъмини́на йавма йакъу́муль-хьиса́б (**ХӀай тхан Дела, хьесапдечу дийнахь суна, сан денананна, муъмин нахана а гечдехьа)**».** *«ИброхӀим», 40.*

## ШайтӀанех, сихьрах ларвеш йолу дуьхьалонаш

Къинхетамечу Дала, вайна аьттонна, Шен Элчанехула (Делера саламмаршалла хуьлийла цунна) йийцина вайна шайтӀанех, сихьрах ларвеш йолу дуьхьалонаш:
1) ДӀа мел доладо хӀума «БисмиллáхӀиррохьмáниррохьúм» – аьлла доладар;
2) Еш йолу Ӏамал Делан дуьхьа хилийтар;
3) Цхьана АллахӀна бен Ӏибадат цадар;
4) Даима жамӀатехь хилар, ша цхьаъ цависар;
5) ЖамӀатца ламаз лардар;
6) Ӏилманций, Ӏамалций а Къуръанна а, Суннатна тӀаьхьавазар;
7) Ял алсам йолу Ӏамал совъяккхар;

8) АллахIера гIо лахар, Цуьнца шайтIанах ларвалар а;
9) Ламаз карахь латтадар;
10) Буьйса юкъал тIехъяьлча хьала а гIоттуш, Далла Iамал яр;
11) Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла:
**«Iуьйранна, меца а волуш, ворхI хурма йиъначунна, дIаьвшах я сихьрах зен хир дац».**
12) ДIавижале хьалха Аятуль-курсий дешар;
13) Шайн цIахь дуьззина «Аль-Бакъарат» сурат дешар;
14) ХIора маьркIажа ламазал тIаьхьа хIара аяташ дешар: сурат «Аль-Бакъарат» тIера хьалхара пхиъ аят; Аятуль-курсий а, цул тIаьхьара ши аят; сурат «Аль-Бакъарат» тIера тIаьххьара кхо аят. И аяташ дешнарг цу буса жинех а, сихьрах ларвийр ву Дала.
15) Сарахь, Iуьйранна кхузза - «Аль-Ихлас», «Аль-Фалакъ», «Ан-Нас» дешар;
16) IиндагIна, малхана юккъе охьа ца хийшар.

ХIара болх, бусалба вежарий а, йижарий а, аш цIенчу ниййатца, шайн ницкъ кхочучу барамехь бахь, Дала шу шайтIанан мекарлонех, сихьран баланех а хьалхадохур ду. Дика хууш Верг АллахI ву, Цунна хастам а бу!

***

## Вахош долу маларш массо зуламна догIа ду

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна. АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Ислам – иза дуьненан барамехь дин ду, хIора стаг, доьзал, ерриг юкъаралла йиманехь хилийтар шен Iалашо йолуш. Шеца болчу интеллектуальни, синъоьздангаллин, социально-экономически баххашца шена чохь дехаш долчу адамашна дуьненахь, эхартахь ирсе, декъала хила аьтто бийр болу юкъаралла кхуллу цо.

Кхеташ ду, стаг могуш вацахь, цуьнан доьзалан бух чIогIа хир бац, иштта ша юкъаралла а хир яц шен кхиаран тIегIанехь кхачаме. Оцу сийлахьчу Iалашоне кхачархьама, Исламо бусалба стеган дахаран пхи бух ларбо:
1) Дин; 2) дахар; 3) хьекъал; 4) тIаьхье; 5) даьхни.

Вахош долу маларш мийлар – вайн заманахь баккхийчех бохам бу. Оцу зуламо тӀаьхь-тӀаьхьа дийр долчу зенан барам вайна хаа а йиш йоцчу хенахь, 14 бӀе шо хьалха доьссина вахош долу малар къилахь хиларан хьокъехь долу Сийлахьчу Къуръанан аят. Веза-Сийлахьчу АллахӀа оцу хьокъехь иштта боху: **«ХӀай ийман диллина нах! Баккъалла а, вахош долу малар а, хьарам ловзарш а, жӀараш а, палтасар а шайтӀанан боьхачу балхах хӀума ду, цунна генадовла шу, декъала хир ду шу».** *«Аль-Маидат», 90.*

Дерриге гуш, хууш Волчу АллахӀа вайна гайтина, хьарамчу новкъа ваьллачунна хир болу бекхам. Лахахь далийначу аятехь Веза-Сийлахьчу АллахӀа хоуьйту Шен лешка: **«Баккъалла а, шайтӀанна лаьа маларца а, хьарам ловзаршца а шуна юккъе мостагӀалла а, оьгӀазло а таса; АллахӀ хьехорх а, ламаз дарх а шу духатоха лаьа цунна. Шайга ма де бохург дуьтий аш?!»** *«Аль-Маидат», 91.*

Вахош долчу маларша Ӏаламат вуон Ӏаткъам бо вай лакхахь хьахийначу бусалба стеган пхеа хӀоттамна. Вай уьш багарбина ца довллал дукха бу вахош долчу маларша дина зен бахьанехь лазартнешка кхаьчнарш. Царах цхьаболчийн психика галъяьлла, вукхара хоршанан цамгар токху, кӀеззиг бац зорхан-йоьхьийн цамгарш ерш а. Вахош долчу маларех ца даьлла беркат бахьанехь шаьш-шайн, кхидолу адамаш дайинарш, бахам дӀабоьхкинарш, доьзалш бохийнарш бу дуккха. Ишттачийн масалша вай дика кхето там бу вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисах. Ибн Ӏаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къаьркъанна гена хила шу, баккъалла, иза массо вочу хӀуманан догӀа ду».** *Хьаким.*

Билгалдаккха догӀу, вахош долчу маларех лору шариӀато адаман хьекъал, кхетам галдоккхуш дерг хӀуъа а: наркотикаш, пиво, и. дӀ. кх. Меллачу чагӀаран, оьзначу марихуанин барам (дукхалла) цхьана а хьесапе ца лору. ӀабдуллахӀан кӀанта Джабира (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дуккха мелча вахош дерг кӀеззиг малар а хьарам ду».** *Абу Давуд.*

Вахош долу малар меллачо ша-шена, гергарчарна, гонахарчарна, ерриг юкъараллина зен до. Исламан бакъонан – шарӀан – яккхий таронаш ю и зулам ца даржийта. Оцу юкъа догӀу, вахош долу малар муьйлучунна хир болу бекхам бовзийтар. Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къаьркъа меллачунна жоьжахатин соьла малор ду АллахӀа».** *Баззар.*

Исламо къилахь лору иштта къаьркъа кечдар а, иза дохкар а. Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахІа неІалт аьлла къаьркъанна, иза молуш волчунна, иза дуттуш волчунна, иза духкуш волчунна, иза оьцуш волчунна, иза доккхуш волчунна, иза доккхуьйтуш волчунна, иза хьуш волчунна, иза доуьйтуш волчунна».** *Абу Давуд.*

Билгалдаккха догІу кхин цхьаъ а. Мел халахеташ делахь а, тойнашкахь вахош долу маларш мийлар ламасталле дирзина догІуш ду вайн заманахь. Машенаш лелочарна юккъехь кІеззиг ца хуьлу къаьркъа мелларш. Цундела совбевлла транспортаца боьзна некъан бохамаш, цигахь адамаш далар а.

Хьакхин жижиг а, иза дууш верг а жирга хета-кх вайна, къен еллачу хІуманах атталла куьг Іотта а луур дацара-кх вайх цхьанне. Ткъа Исламо цхьана могІарера къинош лору вахош йолу хІума малар а, къен еллачу хІуманан а, хьакхин а жижиг даар а. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахІа хьарам дина къаьркъа, цуьнан мах а, къиэн елла хІума, цуьнан мах а, хьакха, цуьнан мах а».** *Абу Давуд.*

Лераме вежарий, вахош долу маларш мийларо оьздавоцчу воккху стаг. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху вайга: **«Шаьш шайн хІаллак ма де, баккъалла а, АллахI Къинхетаме Ву шуьца».** *«Ан-Нисаъ», 29.*

Оцу зуламна, воьд-воьдуш, юкъа а воьдий, стаг шен къилбанах хеда, цІе южу цуьнан, гонахарчарна вуон масал хуьлий дІахІутту иза. Маларш муьйлучун болар, сурт-сибат данне а ца догІу нохчийн гІиллакх-оьздангаллица, къоман гІиллакхашца. Цундела вайн бакъо яц бендоцуш Іан, бІешерашкахь схьадаьхкина долу вайн къоман ламасташ, гІиллакхаш иштташу наха шайн цІарматчу, товшдоцчу леларца талхош хиларе хьоьжуш. Юкъараллехь хуьлучуьнца бала кхочуш хила веза бусалба стаг. Вайн бакъо яц, вахош долу маларш мийларан цамгар кхетта болу вайн вежарий шайн балица шаьш бита. Уьш нийсачу новкъа баха, оцу боьхачу зуламах дІакъасто хьовса деза вай. Абу СаІи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шух вуон хІума гиначо – иза шен куьйгаца хуьйцийла, нагахь шен ницкъ ца кхаьчнехь, – шен маттаца, тІаккха а ницкъ ца кхаьчнехь, – шен дагца; иза уггаре а гІийла ийман ду».** *Муслим.*

Вайн, массо бусалба нехан, декхар ду адамаш дикачуьнга кхойкхуш хила, ваьшна гонахара нах вуочух ларбан. Вай иштта ца хилахь, Делан

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлларг тІехІотта тарло вайна: **«Баккъалла а, адамашна зуламхо гича, цара и саца ца вахь, АллахI герга ву царна массарна тІе Шен Іазап доссо».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Лераме вежарий, хІара дуьне вайх дуьсур долуш ду. Даима хир йолчу ялсамане кхачархьама, Сийлахьчо тІедиллинарг кхочуш а деш даьхча гІолехь хир дацара вайна?! Эхартахь, Дала мукъалахь, кху харцдуьненахь долчул гІоле дакъа кхочур ду вайна. Комаьршаллин шорто Шегахь йолчо боху Шен лешка: **«Цара** (АллахІна муьтІахь хиларехь) **собар дарна, Цо** (АллахІа) **царна бекхам бийр бу** (ялсаманин) **бошмашца а,** (дегІана аьхначу) **дарешца а. Цигахь уьш Іийр бу маьнганаш тІехь тевжина. Царна гур бац цигахь малх а** (йовхо)**, бутт а** (шело)**. Гергахь хир ду царна** (ялсаманин диттийн) **ІиндагІаш, охьакхевдина хир бу цуьнан стоьмаш** (ирахІоьттина волчунна а, охьахиъна волчунна а, вижна волчунна а шайна тІекхача аьтто болуш)**. Царна тІехьийзар бу** (оцу чохь) **детин пхьегІашца, чекх сагучу кедашца а. Чекх сагучу детех долчу** (кедашца)**, царна кхачам хир болчу барамехь** (оцу кедаш чохь малар долуш)**. Царна малор бу цу чохь маларан кад, шех занжабил иэдина болу. Шовда ду иза, шех салсабиль олуш долу».** *«Аль-Инсан», 12-18.*

АллахІа ялсаманин бошмашца совгІат дойла вайна. Сийлалла, Комаьршалла Шегахь йолчу АллахІна хастам бу.

***

**Нийсонца, хьаналчу некъахь лелае вай йохк-эцар!**

Хастам бу Іаламаш кхиош, кхобуш Волчу АллахІна. АллахІера салам-салават хуьлийла Іаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тІаьхьа мел баьзначарна а.

**Бусалба вежарий, йижарий!** Де дийне мел дели вайн дахар тоделла догІу. Нехан хьелаш, аьттонаш совбуьйлуш лаьтта. Делан къинхетам бу иза, амма вай дицдан мегар дац, рицкъа луш верг Дела хилар. Шен Сийлахьчу Къуръанехь, Муса-пайхамаран (Делера маршалла хуьлийла цунна) дешнашца боху Цо. Шега Делан мостагІчо ПирІуна, шуьшиннан (Мусан, цуьнан вешин ХІаронан) Дела мила ву аьлла, хьаьттича, Муса-пайхамара (Делера маршалла

хуьлийла цунна) элира: **«Тхан Дела – Ша массо хIуманна кхоллар делларг, тIаккха** (иза) **нийсачу новкъа нисдинарг а Ву».** *«ТIо-хIа», 50.*

Халахеташ делахь а, хьанал-хьарам ца къастош, дуьненан даьхнина тIаьхьабевлларш дуккха нисло вайна юккъехь. Хьенех шел вехаш хилча: «Цунна хIунда делла, суна хIунда ца делла?» – хоьттурш а бовлу. Ткъа АллахI ма ву кхайкхам беш: **«Царна ца хаьа те, рицкъа совдоккхург, жимдийриг АллахI вуйла. Баккъалла а, оцу балхехь Делах тешаш болчарна билгалонаш ма ю».** *«Аз-Зумар», 52.*

Нехан шайн рицкъанна тIекхачар тайп-тайпанчу некъашкахула нисло. Цхьаверг гIишлошъярхо хуьлу, важа – хьехархо, кхоалгIаниг – куьйгалхо. Амма шеко яц, стаг шена яздинчу рицкъанал соввериг цахиларх. IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIай нах, Делах кхера, шайна хаза рицкъа лаха. Баккъалла, стаг шен рицкъанан да хилла бен лийр вац, и мел цунна тIаьхьадисахь а. Делах кхера, шайна хаза рицкъа лаха, хьаналдерг схьаэца, хьарамдерг дита».** *Ибн МажахI.*

Вайн махкахь, дерриг дуьненахь а санна, баьржина бу йохк-эцаран белхаш. Нийсонца, хьаналчу некъахь бахь, дика беркате болх бу иза, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) а вовшахбиттина болх а бу. МаIди Йакрибан кIанта Микъдама (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен куьйга къахьегна ялккхинчул дика йолуш яахIума йиъна яц цхьаммо цкъа а. Баккъалла а, Делан пайхамар Давуд** (Делера салам хуьлийла цунна) **шен куьйга къахьегна ялккхинарг юуш вара».** *Бухари.*

ШарIо магийначу кепара йохк-эцар лелор – иза Далла гергахь мела болуш, даьхних беркат долуш болх бу. Харцонца, хьарамчу некъа йохк-эцар лелош волчо шена, нахана а доккха зулам до. Исламо хьарамдина хIокху тайпана йохк-эцар лелор:

1. Бежана, уьстагI озале, церан шура йохкар; уьстагIна тIехь болушшехь, тIаргIа бохкар, хилла а балале дитташ тIехь болу стом бохкар. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дихкира, хилла балале диттан стом бохкар, ларгазчу хьайбанна тIера** (тIехь болушшехь) **тIаргIа бохкар, тIераш чуьра шура йохкар, шурех къастийна боцу налха бохкар а».** *БайхIакъи.*
2. Юхкуш йолу хIума кхожаца билгалъяккхар.

3. Цхьанаметта, шозза, йохк-эцар лелор. Масала, ас хIара машен 10 000 соьмах юхку хьуна, нагахь санна ахь хьайн цIа 20 000 соьмахь дохкахь, аьлла йохк-эцар. Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дихкина цхьанаметта шозза йохк-эцар лелор».** *Ахьмад.*
4. Мах бале хьалха хIума юхкучо оьцучунна хьалхара махбаларан бехкам хIоттор. Нагахь эцар кхочушхилахь, и мах хIуманан мехах лоруш, ткъа эцар ца нислахь, юхкучунна и мах совгIатна буьсур болуш. Цунна делил хIара хьадис ду: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хIума юхкучунна дихкина хьалхара мах баккха».** *Ахьмад, Абу Давуд, Насаи.*
5. Декхарна дуьхьал декхар дохкар.
Масала, цхьана стеган кхечунна тIехь декхар ду. Ткъа и дуьххьарлерниг кхоалгIачунна ву декхар. Оцу декхар волчу шиннах цхьамма шен декхар кхоалгIачунна дохкар бохучу маьIнехь далийна лакхарниг. Хьалхарчо олу кхоалгIачунга: «И шолгIа стаг суна декхар ву, цо токхур ду сан декхар». Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дихкина декхарх декхар дохкар».** *ДаракъутIни, Хьаким.*
6. Мах дIа а белла эцна йолу хIума каракхачале кхечунна дIайохкар. Цуьнан бахьана ду, шен каракхаччалц эццачун долахь ца лору и хIума. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дихкина яахIума эцначо, и шена караяллац, йохкар».** *Бухари, Муслим.*
7. Хьайба ца узуш а латтийна, дукха шура луш ду а моттуьйтуш, дохкар. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дихкина къепалшна дуьхьалвахар** (уьш базара схьакхачале)**, цIахь волчо аренгара веаначуьнгара партал** (товар) **схьаэцар а** (тIе са йоккхуш дохкархьама)**, зудчо шен йиша йитар бехкам бар а, къонахчо шен вешин мах кхочушхиллачул тIаьхьа мах бохош тIедалар а, цхьаъ Iехо мах лакхабаккхар а, дохка дуьгу хьайба ца узуш дитар а».** *Бухари, Муслим.*
8. ХIума эца дагахь воцуш, эца баьхкинчарна хьалха ша хIоккхул мах ло а аьлла, и хIума эца луучу нахе (уьш сихбина) и хIума кхин а безчу мехах эцийтар. Нагахь санна оцу стага хIума юхкучуьнца бертахь и леладахь, шинне а къа хуьлуш ду. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дихкина и тайпа йохк-эцар лелор.

9. Шеца йохка хIума йохьуш юьрта, шахьара веанчуьнга бухахь вехачо, ша духкур ду и кIез-кIезиг духкуш, олий, цуьнга а ца доххуьйтуш, мах тIе а тухуш, и ша дохкар. Цунна делил ду Iаббасан кIантера (Дела реза хуьлийла цаьршинна) деана хIара хьадис. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дихкина цIахь волчо аренгара веана волчуьнгара массарна оьшу хIума схьаэцна паргIат йохкар, иза цуьнан нанас дена вина ваша велахь а».** *Бухари, Муслим.*
10. Махка (юьрта) сурсаташ дохка богIучу совдегаршна дуьхьал вахана, оцу юьртахочо, шуьгахь долу сурсаташ юьртахь дуккха ду, церан хьашто яц тхан олий, уьш Iеха а бой, лахарчу мехах цаьргара сурсаташ эцар. Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Парталшна** (уьш йохьуш болчарна) **дуьхьал ма гIо, уьш базаршка дIакхаччалц** (собар де)**».** *Бухари, Муслим.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къепалшна дуьхьала ма гIо, цIахь волчо аренгара веаначуьнгара партал** (тIе са йоккхуш дохкархьама) **схьа ма эца».** ТIавуса цуьнга хьаьттира: **«ЦIахь волчо аренгара веаначуьнгара партал** (тIе са йоккхуш дохкархьама) **схьа ма эца», - бохучуьн маьIна хIун ду?»** Цо жоп делира: **«Цуьнан юкъарлонча** (посредник) **хила ца веза иза».** *Бухари, Муслим.*
11. Нахана уггар оьшу сурсаташ цхьанаметта схьаоьций, шегахь дуй ца хоуьйтуш, мах хьалабаллалц латтадой, нах гатбеллачу хенахь и сурсаташ лакхарчу мехах кIез-кIезиг дIадохкар. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дихкина цIахь волчо аренгара веана волчуьнгара массарна оьшу хIума схьаэцна паргIат йохкар. Цхьаъ Iехо мах лакха ма баккха, шен вешин мах бохош къонахчо мах ма бойла, шен вешин захало дохош захало ма дойла цо, зудчо ма дехийла шен йиша йитар, цуьнан пхьеха Iанаярхьама** (цуьнан меттана ша маре яхархьама цуьнга)**».** *Бухари, Муслим.*
12. Бусалба вешера хIума эцначуьнга, кхечо, ша изза хIума кхин а йорах юкку, алар. Я махбинчул тIаьхьа, хIума юхкучуьнга кхечо, ас оцу хIуманах кхин а беза мах ло, алар. Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьаболчара шен вешин мах бохош мах ма бойла, шен**

**вешин захало дохош захало ма дойла, цо цунна пурба делла дацахь».** *Бухари, Муслим.*

Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаг бусалба стеган ваша ву. Бусалба стагана хьанала дац шен вешин мах бохош мах бан, шен вешин захало дохош захало дан а, цо** (цуьнан вашас) **и** (захало) **дитталц».** *Муслим.*

13. Дерриг даьхни хьарам некъаца гулдинчуьнца йохк-эцар лелор.

Иштта хьарам ду оцу стеган кхачанах кхетар, я цуьнца муьлхха болх бар а. Нагахь санна, стеган даьхних хьарам рицкъа хьакхаделлехь, цуьнца мах лелор шарIо карахIат (цалелор гIоле долуш) лерина. Баши́ран кIанта НуIмана (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Баккъалла а, хьаналдерг билгала ду; баккъалла а, хьарамдерг а билгала ду, амма цаьршинна юккъехь бу, дукхахболчу нахана хааза болуш, шеконаш йолу белхаш. Ткъа шеконаш йолчех ларвеллачо шен дин, шен сий а Iалашди».** *Бухари, Муслим.*

## Йохк-эцарца хила деза гIиллакхаш

– Йохк-эцар лелорехь вовшашна хало ца яр, вовшийн аьтто бар.

Масала, юхкуш волчо тIех сов мах ца бехар, оьцуш волчо ша оьцучу хIуманан бехкамаш чIагIцабар. Иштта хаза гIиллакх ду, оьцуш волчун мах бала аьтто бацахь, цхьана ханна и мах схьалург, цуьнга езарг яхьийтар, декхар схьадоьхуш, цуьнан аьтто хиллалц, и стаг ца хьийзор а… IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дала къинхетам бойла, йохкарехь, эцарехь, декхар схьадехарехь нахана хало ца ечу стагах».** *Бухари.*

– Бакълуьйш, пуьташ ца буттуш, мах бар

Масала, юхкуш волчо пуьташ буттуш, шена хIокху хIуманах юьсуш хIумма яц, алар, я – китайн, италин… бедар ю, алар, хьарам ду. Абу СаIида аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бакълуьйш волу, тешаме волу совдегар пайхамаршца, бакълуьйчарца а, гIазотехь эгначарца а хир ву».** *Тирмизи.*

Хьиза́ман кIанта Хьаки́ма (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIума юхкуш верг, оьцуш верг а шаьшшиъ дIасакъастталц харжам бан йиш йолуш ву. И шиъ бакълехь, цаьршимма** (сакхт) **билгалдахь а – цаьршинна беркат хир ду шаьшшиннан йохк-эцарехь. Цаьршимма** (сакхт) **хьулдахь, и шиъ харц а лехь – цаьршиннан йохк-эцаран беркат дIадоккхур ду».** *Бухари, Муслим.*

– Дуйнаш цабаар (ша бакълуьйш велахь а).

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Дуй баар – партал юхкуш аьтто беш ду, са яккхар эшош, цуьнан беркат дIадоккхуш а ду».** *Бухари, Муслим.*

Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Йохк-эцарехь дукха дуйнаш даарх ларлолаш, баккъалла а, цо** (партал йохка) **аьтто бо, цул тIаьхьа цуьнан беркат дIадоккху».** *Муслим.*

– Махбечу заманахь сагIина хIума ялар совдаккхар;

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«ХIай совдегарш, баккъалла а, йохк-эцарна гергадогIу шайтIа а, къа а. Шайн йохк-эцар сагIанашца иэделаш».** *Тирмизи.*

– Цхьа хан яьлча мах дIалур болуш долчу йохк-эцарна тоьшаллаш хилар а, хилла барт дIаязбина хилар а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллина нах, шаьш цхьана билггалчу ханна декхарна хIума луш, и барт дIаязбелаш».** *«Аль-Бакъарат», 282.*

**Лераме вежарий, йижарий!**

Дуьненахь вехаш верг шена рицкъанан некъаш ца лехча ца волу. Оцу некъех бу вай хьахийна болу совдегараллин некъ а. Дуьне пана хилла дIадер долуш ду, дуьсудерг эхарт ду. Йохк-эцар лелош болчара а, вай массара хIокху дуьненахь ялсамане боьду некъ лаха безаш бу. Ткъа массо хIума дика хууш Волчу АллахIа вайна йийцина уггар пайден йолу йохк-эцар. Шен Сийлахьчу Къуръана чохь Цо боху: **«Баккъалла а, АллахIан жайна** (Къуръан) **доьшуш берш, ламаз хIоттийнарш, Оха шайна деллачу рицкъанах къайлах а, гуш а харж йинарш а – уьш догдохуш бу хIаллакьхирйоцчу йохк-эцаре».** *«ФатIыр», 29.*

Комаьршачу АллахІа вай лелочух беркат дойла вайна, Цо Шен къинхетамах а ма дохийла вай!

***

**Делан дуьхьа ХьаьжцІа ваха ниййат долчу вешега** (йишега)

Хастам бу Іаламийн Да Волчу АллахІна. АллахІера салам-салават хуьлийла Іаламех къинхетам беш Дала ша ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тІаьхьа мел баьзначарна а.

Дала тІедиллинчу дезчу фарзех ду хьаж дар. Цунна делил Къуръанан аят ду: **«Баккъалла а, нахана** (Ибадат дан) **уггаре хьалха доьгІна цІа Баккахь** (Маккахь) **дерг ду, Іаламашна беркате долуш, нийса некъ а болуш. Оцу цІийнаца ю бакъйолу билгалонаш, царах цхьаъ - ИбрахІим лаьттина меттиг а ю. Макки чу кхаьчнарг маьрша ву массо зуламах. Нахана тІехь важиб ду АллахІан дуьхьа ХьаьжцІа бахар, цига новкъа дІасабаха ницкъ кхачахь** (некъ маьрша белахь, могашалла а елахь, шена а, цІахь буьсучу шен доьзална а тоам беш кхача а белахь)**».** *«Алу Іимран», 96-97.*

**Хьаждар хьанна тІехь ду?**

Хьаждар хІара бехкамаш шеца болчунна тІехь ду:

1) Бусалба хилар.
2) Хьекъалехь хилар.
3) Пхийттара валар.
4) Маьрша хилар (лена тІехь дац хьаж дехкар).
5) Некъ маьрша хилар.
6) Цига ваха аьтто хилар.

**Хьаждаран арканаш** (меженаш)

Хьаждаран арканаш 5 ю, шайх цхьаъ йитча, хьаж кхочуш ца хуьлуш. Лахахь ягарйийр ю вай уьш:

1) Дехкаран ниййат.
2) Іарафатехь сацар.

3) Фарз тIаваф дар (Маккарчу КаIбатан гуонаш бахар).
4) СаIйу дар (Софа, Марват а олучу шина ломана юкъахь дIасавахар).
5) Божарша корта башар я бацбар, зударша – бацбар.
6) Дукхах йолчу рукнашкахь рогIалла ларъяр.

**Цуьнан важибаш** (декхарш)

1) Дехкаран нииййат микъатера хилар.
2) Муздалифатехь буьйса яккхар.
3) ГIурбанан деношкахь тIулгаш кхиссар.
4) Минахь буьйсанаш яхар.
5) Хьаж дихкинчу хенахь хьарам динчу хIуманах ларвалар.
6) Iодикаяран тIаваф дар.

Хьаждаран важибаш шена тIехь долчо царах цхьа важиб дитча, цунах гIуда хьаьрча. Иза дIатакхархьама, Маккахь уьстагI а бийна, и берриге (шена хIумма ца юьтуш) цигарчу мискачу нахана дIабекъа беза цуо.

**Ихьрам дихкинчунна хьарам ду:**

а) Тегна йолу я дерриг дегIан меженех хьаьрчаш йолу бедар (коч, хеча, чухула юху бедарш – турси, майка, пасаташ) юхар. Иштта хьарам ду, берриг ког дIакъовлуш йолу мача юхар. Цуьнан метта сандалеш юха еза, берриг кIажа, когийн дукхах долу пIелгаш гуш долуш.
б) Шен ихьрам коьрта тIе тилла а, иштта чалба хьарчор, куй я пес тиллар. Амма ихьрам дихкинчо, вицвелла, я и хьукма ца нууш шен коьрта цхьа хIума тиллинехь, ша тIе тиллинарг дIайоккхур ю цо, шена дага ма деъа, я шена иза мегаш цахилар ма-хиъи, тIаккха цунах гIуда ца хьаьрча. *(Лакхахь дагардина долу ши хIума къаьсттина божаршна хьарам дина ду).*
в) Месаш шаръяр (ахкарца, мIараца…). И бахьанехь чо охьабожахь, гIуда хьаьрча.
г) Коьртан мас хадор, ларгар я дегIа тIера чо баккхар.
д) ДегIана я бедарна IатIар тохар, кхийолу хаза хьожа йолу хIума дегIах кхетийтар (оцу юкъа догIу хаза хьожа йогIучу сабанца лийчар я оцу тайпанчу метта вижар…)
е) МIара хадор.
ж) ХьаьжцIийнан хьаьрман дозанал чоьхьа лаьттахула (иштта, хIаваэхула) лелаш долу дийнат таллар, и дер я човхор, я цу тIехь цхьанна гIо дар а. (Иза

муьлххачу бусалба стагана а ду хьарам – ихьрам дихкина велахь а, я дехказа велахь а, стаг велахь а, зуда елахь а).
з) Зударшна тIе захало кхехьийтар, цаьрца мах бар (шен дола йоккхуш хуьлда я кхечуьнан дола йоккхуш хуьлда цуо иза).
и) Зудчуьнца меттахь хуьлу юкъаметтигаш кхочушъяр, я ша меттах вер волчу барамехь и зуда хьестар.
к) Хьаьрмана чоьхьа кхиъна долу дитт а, муьлхха сийналла а хадор (ихьрам дихкина велахь а, вацахь а).

Коьртан мас, ткъа иштта мIара хадийначунна я дегIан чо баьккхинчунна, тегна йолу я дерриг дегIан меженех хьаьрчаш йолу бедар (коч, хеча, чухула юху бедарш) юьйхинчунна, я ког хьулбеш мачаш юьйхинчунна, IатIар тоьхначунна, коьрта хIума тиллинчунна, шен зуда хьистинчунна тIедужуш гIуда ду. Шена хьарам дуй хуушшехь, вицвалар доцуш, царах цхьа хIума динчо гIурбана бен магош болу цхьа уьстагI бен беза я ялх миска стагана вуззалц кхача бала беза, я кхаа дийнахь марха кхаба деза. Ткъа зудчуьнца меттахь хуьлу юкъаметтиг лелийначо, эмкал я етт бийна, сагIина дIабекъа беза. Ден хьайба ца карадахь, Маккахь цуьнан болу мах дIабекъа мегар ду.

## Ихьрам дихкинчунна мегаш ду:

– Сахьт дехка, лерга ладугIургаш яхка;
– ПIелга мухIар дилла, кIажа а, когийн пIелгаш а гуш хуьлу мачаш кога юха а;
– БIаьрга куьзганаш дохка, доьхка дехка;
– Коьрта тIехула лоцучу четарца (зонтик) IиндагI дан;
– Машенан тхевнан кIелларчу IиндагIе вала;
– Коьрта тIехь маххьаш дIасакхехьа;
– Коьрта тIехь мотт дIасабахьа.

Иштта мегар ду: чов дIаехка, ихьраман духар хийца, иза дитта, корта а, дегI а дила. Нагахь санна, цахууш цхьа мас охьайожахь, цунна тIе гIуда ца дужу.

Ихьрам дихкинчо, вицвелла, я цуьнан хьукма ца хууш, шен коьрта тIе цхьа хIума тиллахь, шен коьртара хIума дIаяккха еза цо шена дага ма-деъа, я шена цуьнан хьукма ма-девззи, амма цунна тIехь цхьа а гIуда дац.

**Лераме махкахой, бусалба вежарий, йижарий!**

Делан дуьхьа кхочушдинчу хьажна Цуо кечдина доккха-деза совгӀат ду. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«ХьаьжцӀа вахнарг, оьзда боцу мотт ца лебеш, Ӏеса а ца хуьлуш, къинойх цӀанлур ву, шен нанас ша винчу дийнахь санна».** *Бухари, Муслим.*

ХьаьжцӀа вахар атта хӀума дац. Новкъа а ваьлла, гена дӀасавахар халонан цхьа дакъа ду. Некъо стаг дукхах йолчу паргӀатонех воккху (шен хенахь вижар-гӀаттарх, даар-маларх, ламаз эцарх...). Маккахь, Мадинатахь дуьненан массо къоман адам гур ду шуна; гатте йолуш, цатам хуьлуш хьал хӀотта мега. ШайтӀа ма дац дижина Ӏаш, шен ма-хуьлла шун Ӏамал йохо гӀертар ду иза. Шун кхечу нахаца йолу юкъаметтиг талхо, шуна юкъа питана дожо хьожур ду и. И массо хӀума хууш Волчу Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: **«Хьаьж** (даран хан) **– девзаш долу беттанаш ду. Оцу** (беттанаш) **чохь хьаьж дихкинчо зудчуьнца юкъаметтиг ма лелайойла, Ӏеса ма хуьлийла, къийса а ма лойла хьаьж деш».** «*Аль-Бакъарат», 197.*

ХӀора стаг оцу хьаждечу деношкахь (къаьсттина, зуль-хьижжатан хьалхарчу итт дийнахь) Дела хьехош, марханаш кхобуш, дикачу Ӏамалца соввуьйлуш хила веза. Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахӀна гергахь зуль-хьижжат беттан итт дийнал деза долуш, Ӏамал шена чохь еза йолуш цхьа а де ма дац; оцу деношкахь ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ, Алло́хӀу Акбар, Альхьамду лилла́хӀ а дуккха бахалаш».** *Ахьмад.*

Делан дуьхьа, цӀенчу нийййатца Цуьнан деза фарз кхочушдан ийман, собар, хьуьнар лойла шуна, лераме махкахой. Мадинатахь шаьш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) коша тӀе хӀиттича, тхоьгара салам-маршалла лойла аш цуьнга. Делан цӀа – КаӀбат шайна дуьххьара гича, шайн доӀанна юкъа Нана-ДегӀаста, шун доӀанашка сатуьйсуш долу цӀахь дисина да-нана, йиша-ваша, берриге махкахой бало диц ма делаш!

Марша гӀойла шу, хьаж къобал а хилла могаш-маьрша шайн махка юхадерзадойла шу Веза-Сийлахьчу Дала!

***

**Аллах облегчит твои трудности, если ты решишься бросить курить!**

Всевышний говорит: **«А кто боится Аллаха, соблюдая Его установления, тому Аллах облегчит его трудности».** *«Ат-Толак», 4.*

**Во имя Аллаха, Милостивого, Милосердного!**

Хвала Аллаху, Господу миров, мир и благословение Аллаха лучшему из Его творений – Мухаммаду, его семье, сподвижникам и всем его последователям. Всевышний Аллах говорит в Благородном Коране: **«От Аллаха к вам пришёл шариат – Свет, разъясняемый в ясном Писании – Коране, которым Аллах ведёт тех, кто следует Его благоволению, к пути спасения из мрака неверия и заблуждения; и выводит их Своей волей к Свету веры и ведёт их праведным путём истины».** *«Аль-Маида», 15-16.*

Ислам – мировая религия, цель которой состоит в формировании цельной, всесторонне развитой личности, здоровой семьи, нации, всего человеческого общества. Благодаря своим интеллектуальным, нравственным и духовным принципам, а также социально-экономическим основам, Ислам создает идеальное общество, которое позволяет каждому обрести счастье и в этом, и в последующем мире.

Понятно, что без здоровой личности невозможно создать крепкую семью, сформировать полноценное общество. Именно для достижения этой благородной цели Ислам усердно выступает за сохранение пяти важнейших аспектов жизни каждого мусульманина: 1) религии; 2) жизни; 3) разума; 4) потомства; 5) имущества.

Курение – одно из тяжелейших бедствий современности, которое самым негативным образом влияет на все пять вышеуказанных аспектов. Последние открытия ученых в области медицины, психологии дали возможность исламским ученым выработать (вынести) единое заключение по поводу курения.

Эти исследования дали весьма настораживающие результаты. Судите сами. Курение (по сути) – это вдыхание дыма некоторых тлеющих растительных продуктов. Курение табака – одна из наиболее распространенных вредных привычек, отрицательно влияющая на здоровье

курильщика и окружающих его людей, способствующая развитию болезней сердца, сосудов, желудка, легких. Табачный дым содержит канцерогенные вещества.

## Курение и его вредные последствия

Что «дарит» курение? В сигарете содержится примерно 6-8 мг никотина, из которых 3-4 мг попадает в кровь… Дым от одной выкуренной сигареты весит 0,5 г. В табачном дыму содержится более тысячи различных компонентов. В дыме от 20 сигарет содержится около 0,032 г аммиака, а по объёму – от 0,15 до 0,46 %, который раздражающе действует на слизистую оболочку полости рта, носа, гортани, трахеи, бронхов. Табачный дым после выкуривания 20 сигарет содержит 369 мл угарного газа (окиси углерода), или 5 % объёма. Окись углерода создаёт помехи в осуществлении одной из важнейших функций крови – доставке кислорода к различным органам и тканям… И это всё курение.

Табачный дёготь (смолы, особенно бензопирен), радиоактивные изотопы, мышьяк и другие компоненты табачного дыма являются канцерогенными веществами, то есть могущими вызывать развитие злокачественных опухолей. Особенно сильным канцерогенным свойством обладает радиоактивный изотоп – полоний-210… И это курение.

Человек, выкуривающий пачку сигарет в день, получает от полония дозу облучения в 3,5 раза больше дозы, принятой (допущенной) международным соглашением по защите от радиации. Особенно вреден дым от конца сигареты. Он содержит больше окиси углерода – в 5 раз, бензопирена – в 4, никотина и смол – в 3, аммиака – в 46 раз, а также высокие концентрации других ядовитых веществ… И это тоже курение.

Табачный дым надо разбавить чистым воздухом в 384000 раз, чтобы он стал безвредным для дыхания.

Общий показатель токсичности табачного дыма в 4,25 раза превышает токсичность выхлопного газа автомобиля, в 248 раз выше загрязнённости отработанного газа газовой горелки и в 1100 раз выше токсичности выдыхаемого человеком воздуха. И всё это курение.

Курение может стать источником развития 7-ми разновидностей рака у мужчин и 9-ти разновидностей рака у женщин. Курение табака связано с возникновением рака не только легких, но и губ, полости рта, трахеи. Процент больных туберкулезом среди курящих почти вдвое выше, чем среди

некурящих. Курение связано с 95% заболеваний туберкулезом, начавшихся в зрелом возрасте.

Доказано, что курение повышает возможность заболеть раком легких у курящих более двух пачек сигарет в день в 20 раз больше, чем у некурящих. Среди всех больных раком лёгких, более 90% – курящие.

Существует такой миф про курение, будто сигары и трубки курить безопаснее, поскольку ими не затягиваются. Эти курильные принадлежности действительно редко вызывают рак лёгких, поскольку их дым не принято вдыхать. Однако именно курение сигар и трубок способствует возникновению рака гортани и губы. Кстати, сигары – это лидеры по содержанию смол.

Как видим, курящий человек подталкивает себя к медленной гибели. Как тут не вспомнить аят Священного Корана, предостерегающего нас от этого: **«Вы не протягивайте свои руки к гибели»**. *«Аль-Бакара», 195.*

Опираясь на доводы Корана и Сунны Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), принимая во внимание результаты медицинских исследований, ученые-алимы вынесли шариатское заключение (фетву) о том, курение является запретным действием.

## Как бросить курить?

Решением это вопроса занимаются ведущие научные центры мира. Однако, наука еще не нашла такого рецепта, который помог бы избавиться от этого зла. На наш взгляд, лишь укрепляя связь с Аллахом, очищая свой ийман, уповая на Всевышнего, можно добиться ощутимого результата в борьбе с этим недугом. Всевышний говорит: **«А кто боится Аллаха, соблюдая Его установления, тому Аллах облегчит его трудности».** *«Ат-Толак», 4.*

Курящий должен помнить, что он совершает грех, за который будет отвечать перед Аллахом в Судный день. Аллах говорит об этом так: **«Кто совершил на вес пылинки греха, тот также увидит его, и ему воздастся за него. Ведь Аллах не поступает несправедливо ни с кем».** *«Аз-Залзала», 8.*

Нужно просить у Всевышнего, чтобы Он помог бросить курить, ведь Всевышний помогает тому, кто воздерживается от чего-то ради Него. Также необходимо проявлять терпение, ведь Аллах с теми, кто обладает терпением. Проси у Всевышнего ночью, после азана (призыва к намазу), во время

намаза: «О Аллах, покажи нам греховность курения табака, обереги нас от него, надели нас чувством антипатии к нему». Надо помнить, что любое действие, совершаемое рабом ради лика Всевышнего, не останется без воздаяния, тем более, если раб Аллаха проявляет в этом деле терпение и твердость духа. В Священном Коране так говорится об этом: **«Поистине, тем, кто, выполняя повеления Аллаха, проявляет терпение, уготована неизмеримая награда».** *«Аз-Зумар», 10.*

Эта награда ждет человека в Последней жизни, но щедрость Аллаха не ограничивается временными рамками, милость от Него раб может ощутить и в этом мире. Так, исследователи проблемы курения пришли к следующим выводам. Если Вы бросите курить, то:

1) через 20 минут после последней выкуренной сигареты артериальное давление нормализуется, восстанавливается работа сердца;

2) через 8 часов нормализуется содержание кислорода в крови;

3) через 2 суток усилится способность ощущать вкус и запах;

4) через неделю улучшится цвет кожи, исчезнет неприятный запах от кожи, волос, при выдохе;

5) через месяц станет легче дышать, покинет головная боль, перестанет беспокоить кашель.

Сегодня, когда стало понятно всем, что курение – это не только вредная привычка, а ослушание повелений шариата. Каждому курящему, если он верит в Судный день, нужно как можно быстрее избавиться от этого недуга. В борьбу с курением должны включиться все члены общества. Мы не должны быть равнодушными, когда наши братья бросают себя на погибель, а должны пресекать их действия любыми доступными средствами.

Обязанность каждого сегодня – уберечь мусульманина от этого зла; если есть возможность, сделать это необходимо силой (или словом, или состраданием). Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Кто из вас увидит порицаемое, пусть изменит его рукой. Если он не в состоянии сделать это, то – языком. Если и это он не в состоянии сделать, то – сердцем. И это – признак наиболее слабой веры».** *Муслим.*

Долг каждого из нас сегодня – в меру своих сил и способностей помогать тем, кто борется с этим злом. Мы не имеем права допустить того, чтобы на наших глазах портились наши братья. Мы должны трудиться, призывая очиститься от этого опасного яда и тех, кто продает, и тех, кто курит табак. Это надо делать грамотно, добрым словом, искренне, во имя Всевышнего, наставляя людей на путь истинный.

Просим Аллаха наставления всех нас на путь истинный, наделить нас разумом, ийманом и терпением, уберегающим нас от ослушания Его повелений. Хвала Ему, Владыке Судного дня!

***

**Эхарт лохуш, къематденна кечам бе вай!**
**(Къематдийнан билгалонаш)**

***Iаламийн бакъволу Да АллахI-Дела ву хьуна,***
***ШапаIат дендериг Мухьаммад-элча ву хьуна,***
***Шеко йоцуш, тIедогIуш къематде ду хьуна***
***ДIакхача воллу хьо, хуур ду хьуна.***

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна. АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

**Бусалба вежарий!**

Делах тешаш хиларх терра, къематде догIург хиларх тешна хила дезаш ду вай. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а,** (къематдийнан) **сахьт догIур долуш ду. И догIур долу хан Ас къайлехь йитина».** *«ТIо-хIа», 15.*

Къематдийнан бигалонаш шина кепара ю: 1. Кегий билгалонаш; 2. Яккхий билгалонаш.

**Ягарийир ю вай кегий билгалонаш:**

**1. Питанаш гучудийлар, нехан вовшийн байарш совдийлар.**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аш сихо е** (дика) **Iамалш ярехь, бодане буьйсанан дакъош санна питана тIедале хьалха. Iуьйранна бусалба хилла волчу стагах суьйранна керста хир ву, суьйранна бусалба хиллачух Iуьйранна керста хир ву, дуьненан пайданах шен дин духкуш».** *Муслим.*

Иштта кхечу хьадисехь ду цо аьлларг: **«Сайн са карахь долчу АллахIца дуй буу ас, дуьне духур ма дац, стаг вуьйчунна ша и хIунда воь ца хууш, леш волчунна ша хIунда вуьйш ву ца хууш йолу зама яллац».** Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттина, муха хир ду иштаниг, аьлла. Цо жоп делла: **«И ший а жоьжахатехь хир ву».** *Муслим.*

**2. Ирча, оьздадоцу хIуманаш, алсамдовлуш, даржар.**

Къематдийнан кегийчу билгалонех ду маьттаза хIуманаш даржар: зина, къаьркъа, хьарам ловзарш, оьзда доцурш лелорх кураллаш яр. Дин лело хала хир ду, куьйгахь алу лаца санна. Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Къематдийнан билгалонех ду: Iилма дIаайбар, кхетамбацар совдалар, зина дар даржар, къаьркъа малар совдалар а».** *Бухари.*

**3. Нах тилош царна хьалхабевлларш баржар** (гучубовлар)**.**

ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Уггар а чIогIа со кхоьруш верг – сан умматана юккъехь говза мотт буьйцуш мунепакъаш хилар ду».** *Ахьмад.*

**4. Беркат лахдалар, догIанаш кIеззиг дар, мохкбегораш совдийлар, хиш дистина дар.**

ХIокху заманахь гуш ду вайна сих-сиха хуьлу мохкбегорш, дистина даьхкинчу хиша бен бохамаш, эзарнашкахь хIаллакьхуьлу нах. Нехан Iесалла бахьанехь, беркат лахделла, хIуманийн мехаш хьалабевлла...

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Стиглара беркате догІа дайитира Оха царна, церан когашка хиш** (татолаш) **хийцира. Амма уьш Іесабовларна, къинош летор бахьанехь хІаллакбира Оха уьш».** *«Аль-АнІам», 6.*

Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХІокху умматан тІаьхьарчу заманахь - нах сийсазбар, цІекхоллар, хІума эрчадаккхар совдер ду».** Ас хаьттира, вай хІаллакьхир ду-те, вайна юккъехь дика нах а болуш, аьлла. Цуо жоп делира: **«Хир ду, нагахь санна вайна юккъехь Іесаллаш, къинош даржахь».** *Тирмизи.* И хуьлуш болу бохамаш – Дала вайга деш долу дІахьедар ду, Ша бохучунна тІехь нисло бохуш.

**5. Зударий оьздачу гІиллакхех бевлла, догІмаш оьхьучу духаршца кечбелла нахана юкъабовлар.**

Цунах ду, зударий божаршна юккъехь эвхьаза лелар, оьзда доцу къамелаш дар, мода ю бохуш, маьттаза, Іаврат гучудоккхуш духарш лелор… Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Суна гина доцу ши тайпа адамаш хир ду жоьжахати чохь: шайца бежанийн цІоганех тера шодмаш йолуш, уьш нахана етташ хилла болу нах; аьхза догІмаш оьхьуш** (чекх са го дуткъачу кІаденан духарш духуш)**, оьзда доцчу боларца шайн дегІан меженаш сеттош** (кхечу зударшна и марздеш)**, шайн коьртех, эмкалан дуьмеш санна, хІуманаш хьерчош, уьш техкош лелаш болу зударий. Оцу тайпана лелаш болу зударий ялсамане баххане гІур бац, цул сов оццул гена етталуш хир йолу ялсаманен хьожа а кхетар яц царна».** *Муслим.*

**6. Шаьш пайхамарш бу бохуш, нах гучубийлар.**

Совбана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къематде хІуттур дац, сан умматан цхьадолу тайпанаш мушрикашна тІаьхьахІитталц, кхечара хІолламашна Іибадат даллалц. Баккъалла, сан умматехь ткъе итт гергга харц-пайхамар вер ву. ХІораммо ша пайхамар ву бохуш харц-кхайкхам бийр бу. Амма сол тІаьхьа элча вер вац, со тІаьххьара веъна пайхамар ву».** *Абу Давуд, Тирмизи.* Оцу харц-пайхамарех бу хьалхарчу заманахь гучубевлла Мусайлимат, Сажахьа, Асвад Іансий. Вайн заманахь гучуваьлла хилла ГІулам Ахьмад (Ахьмадан кІант) цІе йолу харц-пайхамар.

**7. Нехан кхетам хийцабалар, адамашкахь дика, мехала долу гIиллакхаш дIадовлар.**

Царах ду, дика хIума нахана вуочу агIор гар, вуон хIума дика хетар, дика стаг ца везар, хьекъале воцуш, эхь ца хетачун сий-ларам бар. Иштта оцу заманан билгалонех ду, тешаме стагах ямарт ву аьлла дегабаам хилар, ямартхочух тешар, бакълуьйш верг харцвар, харцлуьйриг бакъвар.

**8. Жуьгташна, бусалба нахана юккъехь тIом балар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийцина, жуьгташна, бусалба нахана юккъехь боккха тIом бер бу, аьлла. Толам бусалба нахехь хир бу, Дала Къуръанехь ма-аллара: **«Бусалба нахана гIо дина, уьш толийтаран хьакъ Тхуна тIехь дара».** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къематде хIуттур дац, бусалбанаша жуьгтешца тIом баллац, жуьгтий тIулгана а, дитташна а тIехьа дIалачкъалц, тIаккха тIулго, дитташа а эр ду: «ХIай бусалба, хIара жуьгти ву суна тIехьа, схьаволий ве иза», гIаркъад бохуш долу цхьа дитт доцург, иза жуьгтийн дитташха ду».** *Бухари, Муслим.*

ХIорш ю, къематде кхачаран цхьайолу кегий билгалонаш. Царах дукхах ерш гучуевлла, кхочушхилла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхин а йийцина уьш, царах ю: нехан бахамаш совбийлар, божарий лахбалар, нах гIишлош ярехь къийсабалар. Шеко йоцуш, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьехийна и билгалонаш хIуьттур йолуш ю.

Ткъа къематдийнан яккхий билгалонаш, бакъ хьадисашкахь ма-йийццара, итт ю. ТIаьхье, хьалхе йогIур йолуш ю уьш, шайх тIаьххьарниг – малх малхбузехьара хьалабалар а йолуш. Хьузайфата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла, къематде хIуттур дац хIара итт билгало шуна галлац: кIурбалар, Дажжал гучувалар, экха гучудалар, малхбузехьара малх кхетар, Iийса-пайхамар стиглара охьавоссар, яъжуж-маъжуж гучудалар, малхбалехь, малбузехь Iарбийн ахгIайренна тIехула бутт лацар, тIаьххьара Йеменера цIе гучуяьлла, нах махьшаре лахкар».** *Муслим.*

**Бусалба вежарий, йижарий!**

Къематде догIург хиларх шеко яц шуна. Дуьненахь вай мел йоккхучу заманахь цунна кечам беш, эхарт лохуш къахьега деза вай. Дала Шен къинхетамах ма дохийла вай дуьненахь а, эхартахь а!

***

**Некъа дIасавахаран бакъонаш ларъяр – стеган ийманах ду**

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ша ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а!

Де дийне мел дели хазлуш бу вайн мохк. Адамийн дахаран хьелаш толуш ду. Иза гойту нехан долахь йолчу машенийн барам совбуьйлуш хиларо а. Болх бан, дикане-вуоне дIасаваха дика аьтто бо машено, Iедало некъа дIасаваха хIиттийначу бакъонашца вай цаьрца дIасалелчахьана. (Хьалха заманахь стеган оцу тайпана дика накъост говр хилла). Мел халахеташ делахь а, некъа дIасалеларан бакъонаш ца ларъяро зен-зулам до вайн адамашна. Хийла жима, воккха стаг лазаво, леш меттиг йогIу. Низам лар ца дечо - шена, нахана вуон болх бо. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Шайн догIмаш хIаллакьхиларе ма тийса аш».** *«Аль-Бакъарат», 195.*

Новкъахь ларлуш воцчунна, некъан низам талхочунна, Далла гергахь шена бекхам хир бац моттахь, иза гIалатваьлла ву тIаккха. Веза-Сийлахьчу Дала боху вайга Шен Элчанехула (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна): **«ХIай Сан леш! Баккъалла а, Сой зулам деш вац Со, иштта иза шуна юкъахь а хьарам дина Аса, аша вовшийн зуламаш ма де!»** *Муслим.* Цундела ша машенахь новкъаволучу хIора стагана хаа деза, нахана зулам дар хьарам дуйла, цунах ша ларвала везаш вуйла. Джáбира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Зуламах кхера шу, баккъалла а, зулам – къематдийнан боданаш бу; бIаьрмецигаллах кхера шу, баккъалла а, бIаьрмецигалло шул хьалхарниш хIаллакбина. Цо цаьрга вовшийн цIийш а Iенадайтина, шайн хьарам дерг хьанал а дайтина».** *Муслим.*

Къаьсттина кхераме ву, вахо малар мелла, машенахь араваьлларг. Дала хьарамдина долу и малар молий, шена а, нахана а зулам до оцу стага. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дош харц хила йиш яц. Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къаьркъанна гена хила шу, баккъалла, иза массо вочу хІуманан догІа ду».** *Хьаким.*

Цкъа хьалха, иза маларна къа леташ ду цунах. Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахІа неІалт аьлла къаьркъанна, иза молуш волчунна, иза дуттуш волчунна, иза духкуш волчунна, иза оьцуш волчунна, иза доккхуш волчунна, иза доккхуьйтуш волчунна, иза хьуш волчунна, иза доуьйтуш волчунна».** *Абу Давуд.*

ШолгІа, нахана зулам дарна къа хуьлу цунна, мелла волуш цуо шен машен цхьанна тІетохахь. Ткъа шариІатан бакъо хилла лелаш ду Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлларг: **«Хьайна зен дар дац я нахана зен дар а дац** (хьайна я нахана зен ма де, бохучу маьІнехь)**».** *Ибн МажахІ.*

Хаалахь, Дала хьайх къинхетам барг, Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) далийначу хьадисехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Зина дечо зина дийр ма дац, иза иманехь волуш; хІума лачкъочо лачкъор ма яц, иза иманехь волуш; къаьркъа молучо мер ма дац, иза иманехь волуш».** *Бухари, Муслим.*

**Ойлаехьа, сан ваша,** вехна волуш валар нислахь, Далла хьалха хІун аьлла хІуттур ву хьо?

Бусалба Іеламнехан хилла барт бу: **«ХІора бусалба стагана важиб ду** (дича мела хир болуш, ца дича къа хир долуш) **некъа дІасалеларан бакъонаш ларъяр».**

Аварех ларвеш жайна даккхахьара шена аьлла, дехна хиллера цхьана стага Элистанжарчу Болега (Дала гечдойла цунна). «Некъа дІасалеларан бакъонаш» олу жайна дагахь Іамадай, Деле хьой ларвар деха», – аьлла Іеламстага цуьнга.

Кхин цхьа а хІума а билгалдаккха лаьара кхузахь. Машен лелорехь гучудолу иза лелош волчуьнгахь долу гІиллакх. Ткъа гІиллакх Далла гергахь деза лерина ду. Джа́бира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух уггаре суна**

**дукха везарг а, къематдийнахь суна уггаре герга хир верг а – шух хаза гІиллакхаш дерш бу».** *Тирмизи.*

Суннат ду, ша араволуш – **«Бисмилла́хІи. Таваккальту Іалалло́хІи, ва ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хІ** (АллахІан цІарца. Диканна тІехь ницкъ кхачийтар, вуочух дІахьовзор а АллахІера бен дац)», – алар.

Ша машенна (кеманна) тІехууш, я и уьш лелош волчо хІара доІанаш дар дика ду:

**– «Бисмилла́хІи, альхьамду лилла́хІи. Субхьа́наллази́ саххоро лана́ хІа́за́ ва ма́ кунна́ лахІу мукърини́н. Ва инна́ ила́ роббина́ ламункъолибу́н** (АллахІан цІарца тІехии со, хастам АллахІна бу. ЦІена ву вайна хІара муьтІахь йина верг, вай и дан ницкъ болуш а дацара. Бакъ долуш, вай вешан Деле доьрзур долуш а ду)**».**

**– «Альхьамду лилла́хІи, Альхьамду лилла́хІи, Альхьамду лилла́хІи, Алло́хІу акбару, Алло́хІу акбару, Алло́хІу акбару, субхьа́накалло́хІумма инни́ золамту нафси́ фагІфир ли́, фаиннахІу ла́ йагІфируззуну́ба илла́ Анта** (Хастам АллахІна бу, Хастам АллахІна бу, Хастам АллахІна бу, АллахІ воккха ву, АллахІ воккха ву, АллахІ воккха ву. ЦІена ву Хьо, я АллахІ, баккъалла а, суо-сайна зуламе хили со, гечдехьа суна, баккъалла а, Хьо воцчо гечдац къиношна)**».**

Дала массо зенах-зуламах Іалашвойла новкъа мел волуш верг!

***

**Рузба а дитий, дакъаза ма довла!**

***(Денойх уггар диканиг долчу – пІераскан дийнах - хьехам)***

Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«ХІай ийман диллинарш! ПІераскан дийнахь ламазе кхайкхича, АллахІ хьехон** (рузбанан ламазе) **сихо е аш, йохк-эцар дита. Иза шуна дика ду, шу хууш делахь».** *«Аль-ДжумуІат», 9.*

Хастам бу, Ша даздинчу пІераскан дийнахь бусалба нахана къинхетамца рузбанан ламаз важиб дина волчу АллахІна! Делера салам-салават хуьлийла, рузба дар бусалба нахана довзийтина, марздина волчу, Дала вазвина ваийтинчу Мухьаммад-пайхамарна, цуьнан доьзална, асхьабашна, царна тІаьхьабаьзначарна!

Делан къинхетамца, дин лело маршо ю вайна тахана Нохчийчохь. Дагна там беш ду хазчу маьждигашкахь нийсачу могІаршка дІахІиттинчу

вайнаха ламазаш даран сурт. Вайн ийманан чIогIалла, юкъараллин динца йолу зIе билгалйоккху вайн адамийн маьждигца йолчу уьйро.

Халахета, вайн бусалба вежарий берриге ца хиларна маьждиге бахка сихбелла. Цул сов, кIиранах цкъа бен ца дечу рузбанан ламаз тIехь ледарло йо вайх цхьаболчара. Дала могуьйтур долуш хIума дац иза. Абу ХIурайрата а, Ибн Iумара а (Дела реза хуьлийла царна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен минбар тIехь волуш, олуш хезира шаьшшинна, аьлла: **«Нах рузба дитарх бухабевр ма бу, я АллахIа церан дегнаш тIе мухIар таIор ду, тIаккха уьш хир ма бу тергам боцучарех».** *Муслим.*

Рузбанан ламаз Дала, вай декъалдархьама, вай уммат къастош, дезчу пIераскан дийнахь вайна делла совгIат ду. Рузбанан ламазах Iарбийн маттахь джумуIат ламаз олу. ПIераскан дийнахь делкъа ламазан метта 2 ракаIатца маьждигехь до рузбанан ламаз. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«ХIокху дуьнен чу тIаьхьа даьхкинехь, къематдийнахь хьалхарниш ду вай, массарел хьалха ялсамани чу гIур ду вай, вайл хьалха Дала царна жайнаш** (Таврат, Забур, Инжийл) **диссийнехь а, вайна** (Къуръан) **царел тIаьхьа деллехь а. Дала хIокху пIераскан дийнахь Шена Iибадат дар тIедиллира царна, амма церан барт ца хилира оцу тIехь. Дала вай нийсачу новкъа дехи, хIара де вайна Iибадат дан даздина даийтарца, ткъа и нах цхьа де даздарехь вайл тIаьхьа бу: жуьгташа шоьта де даздо, керста наха – кIиранде».** *Муслим.*

**ШариIатехь рузбанан ламазан хьукма - важиб ду** (дича мела хир болуш, ца дича къа а летар долу хIума)**.** Оцунна делилаш хIорш ду:
1. Къуръанан аят. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«ХIай ийман диллинарш! ПIераскан дийнахь ламазе кхайкхича, АллахI хьехон** (рузбанан ламазе) **сихо е аш, йохк-эцар дита. Иза шуна дика ду, шу хууш делахь».** *«Аль-ДжумуIату», 9.*
2. ТIарикъ ибн ШахIабера (Дела реза хуьлийла цунна) деана хIара хьадис. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Рузбанан ламаз дар массо бусалба стагана важиб ду…»**

**Рузбанца долу хьикмат**

Рузбанан ламазах болу пайданаш бийцина ца валлал дукха бу. Царах коьртаниг – цхьана меттехь (юьртахь, гIалахь) бехаш болу бусалба нах цхьана рузбанан маьждигехь хIора кIиранах цкъа вовшахкхетар. Делан лаам кхочушбеш вовшехкхеттачу наха ирс оьцу имамо дечу хутIбанах. Вовшийн дезар, ларам чIагIло Делан дуьхьа маьждиге баьхкинчарна юкъахь. КIиранчохь хийцаделла бусалба нехан хьелаш довзар, вовшех догадовлар хуьлу нехан. Делан цIа чохь, маьждигехь, тасаделла доттагIалла хедар доцуш ду. Бусалба нехан кIиранан кхеташо (гулам) бу ала мегар ду рузбанах.

Оцу вайна гуш долчу бахьанашна, Дала важиб дина рузбанан ламаз дар. Рузбанан ламазе ца боьлхуш, цуьнан метта пIераскан дийнахь цIахь делкъа ламаз дича тоьар ду моттар - доккха гIалат ду. Рузбанан ламаз дитар доккха къа а лерина шарIо.

## Рузбанан ламаз важиб хиларан бехкамаш

Рузбанан ламаз важиб хуьлу хIара бехкамаш шеца болчунна:

1. Бусалба хилар.
2. Пхийттара валар.
3. Маьрша хилар. Лай волчунна тIехь дац рузбанан ламаз, хIунда аьлча иза шен лаамехь воцу дела.
4. Хьекъалехь хилар. Хьераваьллачунна тIехь дац рузба дар.
5. Боьрша хилар.

Зударий шайн берийн доладан дезаш, цIийнан гIуллакхаш кхочушдан дезаш бу. Билггалчу хенахь цхьана метте ламазе бахка хала хир дара царна. Делкъа ламаз деш, пIераскан дийнахь цIахь Iер гIоле ду царна. Амма рузбане дахкар дихкина а дац.

6. Могуш хилар.

Маьждиге вахалур воцчунна я оцу чохь Iалур воцчунна тIехь дац рузбане вахар. Иштта тIерадолу и ламаз, маьждиге вахча я цу чохь Iийча лазар совдер делахь а. Цомгушчунна юххера дIавала йиш йоцчунна а тIерадолу рузбанан ламаз.

7. Рузба дечу меттигехь вехаш хилар.

ШарIо магийначу Iалашонца новкъаваьллачунна тIехь дац рузбанан ламаз дар, нагахь санна пIераскан дийнахь Iуьйра ламазан хан хилале иза новкъа ваьллехь. Иштта, ша вехачу меттехь рузба хIотто мегаш дацахь, масала, юххера рузба дечу юьртара молла кхайкхар ца хезачу жима кIотарахь

рузба ламаз дан 40 стаг вацахь. Юххерчу юьртахь молла кхойкхуш хазахь, оцу юьрта рузбане дахар тIедужу царна.

## Рузба кхочушхиларан бехкамаш

Рузба кхочушхиларан бехкамаш багарбийр бу вай:

1. Рузба шахьарахь я юьртахь хилар, шена чохь вехаш ламаз тIедожийна лаххара 40 стаг волуш.
2. Рузбанан ламазе дIахIуттуш верг 40 (шовзткъаннал) кIеззиг цахилар.
3. Рузба делкъа ламазан хенахь дар.
4. Рузба цхьана хеннахь, цхьана маьждигехь дар.

## Рузбанан гIиллакхаш

1. Лийчар.
2. ДегI моданех, товш йоцчу хьожанех цIандар, IатIар тохар.
3. Хаза бедарш юхар.
4. МIарш хадор, месаш тояр.
5. Хьалхxе рузбане вахар.
6. Маьждиг чу ваьлча, ши ракаIат маьждиган хьурмат ламаз дар.
7. Шина хутIбане, вист ца хуьлуш, ладогIар.

## Рузбанан дийнан суннаташ

Рузбанан де кIиран чохь уггар дика де ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена тIе малх хьожучу денойх уггар деза де – иза рузбанан де ду, оцу дийнахь Адам кхоьллина, оцу дийнахь иза ялсамане чу а вахийтина, оцу дийнахь иза оцу чуьра ара а ваьккхина».** *Муслим.*

Цундела хIора бусалба стага оцу дийнахь шена мела алсам хир болу Iамал ян еза.

## ПIераскан дийнан езчу Iамалех цхьаерш хьахор ю вай:

1. Суннат ду, пIераскан буса я дийнахь «Аль-КахIф» сурат дешар.
2. Рузбанан дийнахь-буса алссам доIанаш дар.
3. Рузбанан дийнахь-буса алсам Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салаваташ дахкар.

Авсан кIанта Авса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шун денойх уггар гIоле долу де – пIераскан де ду. Оцу дийнахь суна салаваташ дукха дахка, баккъалла а, аша дуьллуш долу салават суна тIедохьуш ду».** *Абу Давуд.*

Рузбанан де Дала вайна къинойх цIандала, алсам мела баккха хIора кIиранах доуьйтуш сийлахь дезде ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олура, аьлла: **«Пхи ламаз а, рузба а – вукху рузбане кхаччалц, мархин бутт а – вукху мархин батте кхаччалц, царна юккъехь дина долу къинош дIадойуш ду, даккхийчу къинойх ларвелчахьана».** *Муслим.*

Вайн йиш яц и Делан совгIат, пусар ца деш, дIататта. Рузбане ца воьдуш Iан мегар дац, цул сов - шен кIелдуьсуш доккха гIуллакх доцчо дийнна пIераскан де Далла Iибадат деш даккхар гIоле ду. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлларг кхаьчна вайга Абу ХIурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) хьадисера: **«Малх кхетта я дIабуьзна бац рузбанан дийнал дезчу дийнахь».**

Веза-Сийлахьчу Дала рузбанан дийнахь а, кхийолчу хенахь Шен дуьхьа йина Iамал къобалйинчарах дойла вай! Дала къинхетам бойла массо бусалба нахах! Хастам бу АллахIна!

***

## Спиртное – ключ ко всякому злу

Хвала Аллаху, Господу миров, мир и благословение Аллаха лучшему из Его творений – Мухаммаду, его семье, сподвижникам и всем их последователям!

Ислам – мировая религия, цель которой состоит в формировании цельной, всесторонне развитой личности, здоровой семьи, нации, всего человеческого общества. Благодаря своим интеллектуальным, нравственным и духовным принципам, а также социально-экономическим основам, Ислам создает идеальное общество, которое позволяет каждому обрести счастье и в этом, и в последующем мире.

Понятно, что без здоровой личности невозможно создать крепкую семью, тем более сформировать полноценное общество. Именно для

достижения этой благородной цели Ислам усердно выступает за сохранение пяти важнейших аспектов жизни каждого мусульманина: 1) религии; 2) жизни; 3) разума; 4) потомства; 5) имущества.

Пьянство – одно из тяжелейших бедствий современности. Разве мог кто-нибудь предвидеть те масштабы вреда, который несет с собой алкоголь, когда 14 веков назад ниспосылался аят Священного Корана, запрещающий спиртное. Всевышний Аллах так говорит об этом: **«О те, которые уверовали! Воистину, опьяняющие напитки, запретные игры, идолы и гадальные стрелы являются скверной из деяний дьявола. Сторонитесь же их, чтобы быть преуспевшими».** *«Аль-Маида», 90.*

В который раз убеждаешься в мудрости Аллаха, когда Он разъясняет о последствиях нашего ослушания. В следующем же аяте этой суры Всезнающий предупреждает своих рабов такими словами: **«Воистину, сатана при помощи опьяняющих напитков и запретных игр хочет посеять между вами вражду и ненависть и отвратить вас от поминания Аллаха и намаза. Неужели вы не прекратите?!»** *«Аль-Маида», 91.*

Употребление спиртного оказывает самое негативное влияние на все пять вышеуказанные важнейшие составляющие жизни человека. Не счесть, сколько пациентов, страдающих из-за алкоголя психическими расстройствами, белой горячкой, заболеваниями желудочно-кишечного тракта, лечатся в больницах. А если добавить связанные с пьянством самоубийства, убийства, растрата имущества, разрушенные семьи, то станут понятными слова Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), который сказал: **«Не приближайтесь к спиртному, поистине, оно является ключом ко всякому злу».** *(Хадис передал Хаким).*

Следует отметить, что Шариат относит к опьяняющим напиткам все, что может затуманить разум, мысли, будь то наркотики, пиво… Не имеет значения, в каком количестве выпито вина или выкурено марихуаны. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) совершенно четко высказался по этому поводу: **«Все, что опьяняет в большом количестве, запрещено употреблять и в малом».** *Абу Дауд, Тирмизи.*

Человек, употребив спиртное, может нанести вред в первую очередь себе, затем близким, окружающим и обществу в целом. Исламское законодательство обладает действенными рычагами для предотвращения распространения этого зла. В первую очередь, это напоминание о том, какое наказание ожидает того, кто употребляет спиртное. Посланник Аллаха (да

благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Аллах взял на Себя обязательство заставить выпить ты́натуль-хаба́л того, кто употребляет спиртное».** Они спросили: **«О Посланник Аллаха, что такое ты́натуль-хаба́л?»** Он ответил: **«Пот обитателей ада или жидкость** (гной, кровь и т. п.) **обитателей ада».** *Муслим.*

Не оставляет Ислам в стороне и тех, кто изготовляет или торгует спиртным. Вот что говорится об этом в хадисе ибн Умара (да будет доволен ими Аллах), переданном Абу Даудом: «Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Аллах проклял алкоголь, а также употребляющего его, наливающего, продающего, покупающего, изготавливающего, предлагающего изготовить, переносившего и получателя».**

Надо отметить, что сегодня самое страшное это то, что употребление спиртного становится неизменным атрибутом наших празднеств. Зачастую пьяных можно увидеть за рулем автомобилей, что приводит к многочисленным авариям, результатами которых нередко становятся человеческие жертвы. Ислам ставит в один ряд употребление спиртного, мертвечины и свинины. Об этом передают со слов Абу Хурайры (да будет доволен им Аллах), что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Поистине, Аллах запретил алкоголь и средства, вырученные за него, мертвечину и деньги, полученные за нее, свинину и деньги, полученные за нее».** *Абу Дауд.*

Уважаемые братья, употребление опьяняющих средств ведет к моральной деградации человека, а порой и к смерти. Всевышний говорит нам: **«Не убивайте друг друга. Воистину, Аллах милостив к вам».** *«Ан-Нисаъ», 29.*

Постепенно втягиваясь в это зло, человек теряет ориентиры, чувство собственного достоинства, словом, превращается в безликое существо, являющееся дурным примером для окружающих. Поведение алкоголика никак не согласуется с чеченской традиционной культурой и этикой. Мы не можем и не должны равнодушно смотреть на то, как своим непристойным поведением такие люди разрушают наш национальный уклад жизни, многовековые традиции, обычаи народа.

Ни один мусульманин не может быть безразличным к тому, что происходит в обществе. Люди, которые больны этим недугом (употреблением спиртного), нуждаются в нашем участии в их судьбе. Лучший из наставников пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и

приветствует) учит нас: **«Кто из вас увидит порицаемое, пусть изменит его рукой. Если он не в состоянии сделать это, то – языком. Если и это он не в состоянии сделать, то – сердцем. И это – признак наиболее слабой веры».** *Муслим.*

Все мы, мусульмане, должны активно призывать людей к одобряемому и удерживать себя и окружающих от порицаемого. А иначе может случиться так, как говорил Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует): **«Клянусь Аллахом, обязательно должны вы побуждать к одобряемому, и удерживать от порицаемого, и хватать за руку притеснителя, и склонять его к истине и удерживать его в истине, а иначе Аллах непременно столкнет между собой ваши сердца, а потом проклянет вас, как проклял их!»** *Абу Дауд, Тирмизи.*

Дорогие братья, мирская жизнь преходяща, не лучше ли нам прожить ее в соответствии с повелеваниями Всевышнего, чтобы попасть в Его вечный Рай. Ведь там мы, если будет на это воля Аллаха, найдем нечто намного лучшее, чем земное зелье. Наищедрейший обещает своим рабам: **«А за то, что они проявили терпение, Он воздаст им Райскими садами и шелками. Они будут лежать на ложах, прислонившись, и не увидят там ни солнца, ни стужи. Тени будут близки к ним, и плоды будут подчинены им полностью. Обходить их будут с сосудами из серебра и кубками из хрусталя, хрусталя серебряного, соразмерных размеров. Поить их там будут из чаши напитком, смешанным с имбирем».** *«Аль-Инсан», 12-18.*

Да облагодетельствует нас Аллах райскими садами! Хвала Ему, обладателю Величия и Щедрости!

***

**Дала аьтто бийр бу хьан, ахь цигаьрка йитахь!**

Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«АллахIа шена тIедиллинарг кхочуш а деш, Цунах кхоьруш волчун, АллахIа аьтто бийр бу цуьнан гIуллакхашкахь».** *«Ат-ТIолакъ», 4.*

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

Хастам бу АллахIна, Iаламаш кхобуш, кхиош Волчу! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ша вайтина волчу вайн

элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, массо хьелашкахь царна тIаьхьабабьзначарна а!. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Баккъалла а, АллахIера Нур а, билгала жайна а** (Къуръан) **деъна шуьга. Цуьнца маьршачу новкъа нисбо АллахIа Ша резаван къахьоьгуш берш. Шен лаамца боданашкара серлоне боху Цо уьш, нийсачу новкъа а хIиттабо».** *«Аль-Маидат», 15-16.*

Ислам – дуьненан дин ду, адам кхетош-кхиор, могуш доьзал, къам, адамийн юкъаралла кхоллар шен Iалашо йолуш. Исламо ма-бохху кхоьллина йолу юкъаралла бе а барам боцуш дика хуьлу. Цу чохь дехачу адамашна дуьненахь а, эхартахь а ирс карор ду. Кхеташ ду, адам могуш ца хилча, бертахь, чIогIа болу доьзал а, юкъаралла а кхоллалур яц. И сийлахь Iалашо кхочушъярхьама, Исламо лоху хIора бусалба стеган дахаран пхи хIума лардар: 1) дин; 2) дахар; 3) хьекъал; 4) тIаьхье; 5) даьхни.

Цигаьрка озар – Iаламат чолхе, зуламе лазар хилла дIахIоьттина тахана, цо вуно вуон Iаткъам бо вай лакхахь дагардинчу пхеа хIуманна. Медицинехь, психологехь Iилманчаша бинчу тIаьхьарчу талламаша Iеламнехан аьтто бина цигаьрка озаран хьокъехь мехала дош ала. Вай буьйцучу талламийн жамIаш сингаттаме ду. Шаьш ойлаел аш. Цигаьрка озар (ма-дарра аьлча) – йогуш йолчу цхьайолчу ораматийн сурсатийн кIур чуозар ду. Томка озар – шуьйра яьржина йолу вуон амал, сакхталла ю (мел лахара а). Томкано зен до иза узуш волчун могашаллина а, цунна гонах болчарна а; деган, пхенийн, зорхан, пехан цамгарш кхиайо цо. Томканан кIуьра юккъехь ю шайх канцерогенни олу хIуманаш (вещества).

## Цигаьрка озар а, цуьнан зене тIаьхье а

ХIун «совгIат» до цигаьрка озаро? Цхьана цигаьрканна юккъехь 6-8 мг никотин ду, ткъа оцу юкъара 3-4 мг цIийх дIаоь…

Стага оьзначу цхьана цигаьркин кIуьран йозаллин барам 0,5 г бу. Томканан кIуьра юккъехь эзар сов тайп-тайпана компоненташ хилар гучудаьлла. 20 цигаьркех баьллачу кIуьра юккъехь (герггарчу хьесапехь) 0,032 мг аммиак ду, шен чухоамехь (объем) 0,15-0,46% долуш.

Цо хьу йуолуьйту (кIамйо) баганан, меран чоьнаш, легаш, екъа къамкъарг, къамкъарг. Оццу кIуьра юккъехь 369 мл хьаьха (угарный) газ (углеродан окись) ю, шен чухоаман барам 5% болуш. Углеродан окисо новкъарло йо цIийн коьртачу балха тIехь – дегIан тайп-тайпанчу меженашка кислород дIакхачорехь… И дерриг зен томка озаро деш ду.

Томкано (бензопирен, радиоактивни изотопаш, мышьяк, полоний-210 и.дI.кх. – цуьнан дакъош ларало) кхиайо кхераме йолу дестаран цамгар (злокачественная опухоль). Дийнахь цхьа ботт цигаьркаш узучун дегIаца хуьлу полоний 3-4-зза сов ду дуьненаюкъарчу барто кхераме дац аьлла магийначул а.

Къаьсттина зене бу яьгна чекхйолуш йолчу цигаьркан кIур. Оцу юкъахь: углеродан окись – 5-зза, бензопирен – 4-зза, никотин, смолаш – 3-зза, аммиак – 46-зза сов хуьлу, ткъа иштта кхийолчу дIаьвшечу хIуманийн барам лакхара хуьлу цуьнца.

Томканан кIур цIеначу хIаваах 3840000-зза иэбан беза, иза садаIарна зене боцуш хилийтархьама. Томканан кIуьран зене хиларн барам (токсичность) 4,25-зза лакхара бу машено арахоьцучу газийнчул а, 2,48-зза сов бу газови горелкано арахоьцучул а, 1100-зза сов бу адаман кийрара арадолучу хIаваачул а.

Томка озар бахьанехь хила тарло божарийн 7 тайпанан, зударийн 9 тайпанан даI (рак) цамгарш. И бахьанехь, пехийн даI хилла ца Iаш, хуьлу балдийн, баганан чоьнан (полость рта) даI а. Туберкулез цамгар йолчарна юккъехь цигаьрка узурш шозза сов бу бисинчел. ГIеметта шаьш хIиттинчул тIаьхьа туберкулез цамгар кхеттачарах 95% цигаьрка узуш хилла бу. Дийнахь ши ботт цигаьркаш узучарна рак цамгар кхета 20-зза герга ду иза узуш боцучарначул а.

Цхьацца хабарш хеза, (ишттачохь кIур кийра боьдуш цахиларна) луьлла (трубка) озар зене дац бохуш. Бакъду, оцу гIирсах пайда а оьцуш цигаьрка узучарна юккъехь даI цамгар ерш кIеззиг нисло, амма къамкъарган а, балдийн а даI цамгар гучуяла хьелаш кхуллу оцу балхо а.

Вайна ма-гарра, цигаьрка узучу стага ша шен дегI хIаллакьхиларе дуьгу. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Шайн догIмаш хIаллакьхиларе ма тийса аш».** *«Аль-Бакъарат», 195.*

Къуръанан, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисийн бухехь, медицинан талламаш тидаме а оьцуш, Iеламнаха фетва далийна, цигаьрка озар хьарам ду аьлла.

## Цигаьрка озар муха диталур ду?

Оцу чолхечу хаттарна жоп лоьхуш къахьоьгуш бу дуьненан дуккха Iилманчаш. Бакъду, царна хIинца а карийна бац оцу зуламах хьалхавоккху некъ. Тхуна хетарехь, оцу цамгарна уггар дика «дарба» хIара ду: Ийманехь

нислуш, болх АллахIна тIе а буьллуш, Цуьнца йолу шен юкъаметтиг тояр. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«АллахIа шена тIедиллинарг кхочуш а деш, Цунах кхоьруш волчун, АллахIа аьтто бийр бу цуьнан гIуллакхашкахь».** *«Ат-ТIолакъ», 4.*

Цигаьрка узучунна хаа деза, ша къа латош хилар а, къематдийнахь АллахIна хьалха шен жоп дала дезар дуй а. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Мискъала зарратал вуониг диначунна – иза гур ма ду».** *«Аз-Залзалат», 8.*

Цигаьрка йитарехь Делера шена гIо деха деза, хIунда аьлча АллахIа гIо до къилахь долу хIума дар Шен дуьхьа дитинчунна. Доккха собар а оьшу оцу тIехь адамна, амма АллахI собар диначуьнгахьа ву. Деле деха мегар ду буса а, ламазна молла кхайкхинчул тIаьхьа а, ламазехь а, масала, кху кепара: «Я АллахI, томка озар къилахь хилар гайтахьа тхуна, лардехьа тхо оцу зуламах, цабезам кхоллахьа тхан цуьнга!»

Шен дуьхьа адамо цхьаъ дича, Дала цунна диканца бекхам беш хилар дицдан ца деза, амма, бакъду, лено оцу тIехь шегара собар а, синан чIогIалла а гайта еза. Оцу хьокъехь Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «**Баккъалла а, собаре болчарна хьесап дар а доцуш юьззина дIалур ю шайн ял».** *«Аз-Зумар», 10.*

И совгIат адамна эхартахь хир ду, амма АллахIан Комаьршалла хенан гурашна юкъа тарлуш яц. АллахIера къинхетам Цуьнан лена хила тарло дуьненахь а. Цигаьрка озаро деш долу зен толлучу Iилманчаша чIагIдо: «Адамо цигаьрка йитича, хIара дика белхаш хуьлу цунна:
а) цо тIаьххьара цигаьрка оьзна 20 минот яьлча цIийн таIам а (артериальное давление), деган болх а шен хила безачу барамехь дIанисло;
б) 8 сахьт даьлча дIанисло цIийца долчу кислородан барам;
в) ши де-буьйса даьлча меттахIутту хIуманан чам хаабалар а, хьожа яр а;
г) кIира даьлча чкъуран бос туоло, дегIах а, месех а, садоIуш арахоьцучу хIаваах йогIу боьха хьожа дIайолу;
д) бутт баьлча (пехашца) садаIа атта хуьлу, корта лазар а, йовхарш еттаро сагатдар а дIадолу».

Тахана шеко йоцуш хууш ду, цигаьрка озар вуон амал хилла ца Iаш, шариIато бохург кхочуш ца дар а ду.

Цигаьрка узучо, нагахь санна ша къематдийнах тешаш велахь, оцу цамгарх хьалхавала некъ лаха беза. Вайн юкъараллин хIора декъашхо оцу гIуллакхна орцахваьлча а сов хир дац. Вайн вежарша шаьш-шайн

хIаллакдечу хенахь, бен а доцуш, сапаргIат хилла IадIан бакъо яц вайн. Тахана хIораннан декхар ду бусалба нах оцу зуламах ларбарехь дакъалацар. Аьтто белахь, иза дан деза шен куьйга (ницкъаца), и дан аьтто бацахь – хьокъала доллу дош аьлла а. Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шух вуон хIума гиначо – иза шен куьйгаца хуьйцийла, нагахь шен ницкъ ца кхаьчнехь, – шен маттаца, тIаккха а ницкъ ца кхаьчнехь, – шен дагца, иза уггаре а гIийла ийман ду».** *Муслим.* Оцу зуламца къуьйсучарна гIо дар а тахана вайн декхар ду. Гуш лаьтташехь хIаллак муха хуьлуьйтур бу вайн вежарий?! Шаьш лелочух цаьрга бухабовла а кхойкхуш, вай вешан дош ала деза тахана томка духкуш болчаьрга а, иза узуш болчаьрга а. И зулам дIадаккхаран Iалашонца беш болу вешан болх вай уггар хьалха бан беза, Делан дуьхьа. Говза, хьекъале, хаза дош олуш, цIенчу даггара, нах нийсачу новкъа баха юкъ йихкина арадовла деза вай.

Веза-Сийлахьчу АллахIе доьху вай: ваьш нийсачу новкъа дахар, Ша тIедиллинарг кхочушдан Цо вайна хьекъал, кхетам, ийман, собар далар а! Хастам бу АллахIна, къематдийнан Паччахь Волчу!

***

**Вай динехь нисделча, дуьнено а сийдийр ду вайн!**
***(Къоман бартах, цхьааллех дош)***

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ша ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а!

Адамийн юкъараллин уггар лакхара тIегIа ю уьш къам хилла дIахIиттар. Цхьана махкахь бехаш хиларо, цхьа мотт бийцаро Iаткъам бо нехан Iадаташ кхолладаларна, церан синкхетам лакхабаларна.

Бусалба дино коьрта меттиг дIалоцу къам кхиорехь. Исламо инкарло ца йо адамаш къаьмнашка декъаделла хиларна. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«ХIай нах, Оха шу кхоьллина боьршачух а, стечух а. Оха шух дан а дина къаьмнаш а, тайпанаш а, шуна вовший довзийта. Баккъалла а, шух АллахIна гергахь сий дерг – шух алсама Делах кхоьруш верг ву».** *«Аль-Хьужурат», 13.*

Хууш ма-хиллара, къоман кхетам лакхара хиларан билгалонех цхьа билгало ю цуьнан барт хилар, адамаш вовшех дашар, дезар. Веза-Сийлахьчу Дала боху оцу хьокъехь: **«Цуо** (АллахIа) **уьйр-безам лацийтира церан дегнашка. Ахь лаьттахь мел дерг дIаделча а, церан дегнашка уьйр-безам лацуьйтур бацара ахь. Бакъду АллахIа цаьрга уьйр-безам лацийтира. Баккъалла а, Иза тоьлла верг, хьукма нийса деш верг а Ву».** *«Аль-Анфал», 63.*

Лераме махкахой, шуна ма-гарра, къоман кхетам кхиоран, цуьнан оьзда гIиллакхаш дендаран муьрехь еха тахана Нохчийчоь. Вай дицдан мегар дац нохчийн халкъан яздархочо, бакъ къонаха хилла волчу Айдамиров Абузара (Дала гечдойла цунна) яздина хIара мехала дешнаш. «Вайн амалш» цIе йолчу шен жайнахь боху цуо: «Къоман кхетам – иза оцу къомах хIора стага цхьана доьзалан ойла йина ца Iаш, шен юьртан, мехкан, халкъан кхолламан ойла яр, бала кхачар, царна шен ницкъ кхочу диканиг, пайдениг дар ду. Шен доьзалан аьтто, таро хилчхьана, арахьарчу адамех, халкъах сийна цIе ялахьара бохуш, шен къоман мотт, истори, культура, гIиллакхаш ца хууш, ца лардеш, царах дозалла ца деш оцу къомах хIора стаг я дукхахберш хилча, и къам мелла а кхетамна тIаьхьадисарна хьалхара билгало ю. Ишттачу къоман цкъа а барт ца хуьлу, иза маьрша а ца хуьлу, иза барамна шел кегийчу къаьмнех массо а агIор дозуш хуьлу». Чулацаме, маьIна долуш, коьртачу декъана динца догIуш ду и хьекъале къамел.

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Муъма стаг муъма стагана гIишлох терра ву, вовшех чIагIъеш йолчу».** Цо шен пIелгаш чучча дехира. *Бухари, Муслим.*

Тахана хIораммо ойлаян еза, къам когахIотторехь шега хIун далур дара те аьлла. Вайн тIаьхьене бехк ца боккхуьйту некъ лаха беза вай – дайн гIиллакхаш лардарций, мохк хазбарций.

Лераме вежарий, йижарий, вайн дайша олуш хилла, котаман лорах вахнарг кхелли тIе кхаьчна. Вайн Iалашо лекха, сирла хила еза. Эладитанаш ша ца дуьйцуш, уьш дуьйцучаьрга ла а ца доьгIуш, хIораммо шен Делаца йолу юкъаметтиг нисъян еза. Вайна юккъе хьагI, гамо йожо гIерташ къахьоьгуш бу Делан а, вайн къоман а мостагIий. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллинарш, АллахIах кхералаш, Цунах кхера ма-деззара, шу дала а ма лойла, шаьш бусалба долуш а бен. Шу дерриге тасало АллахIан динах, къеста ма къеста».** *«Алу Iимран», 102-103.*

Вайх хIора сема хила веза, къоман барт бохор болу хIума духатоха деза хIораммо шен ницкъ ма-кхоччу. Къоман хIора векалан кхетам, кхиар а ша цхьана къоман дакъа хилар дагахь долуш хила деза. Нагахь санна вай динехь нислахь, дерриге дуьнено сий деш, масал оьцуш дIахIуьттур ду вай, Дала мукъалахь. Дала бохучунна тIехь халкъ нисделча, цуьнан кхиаран тIегIа лакхара хирг хиларан масал ду вайна Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIаьхьахIиттинчу цуьнан асхьабаша дIахIоттийна пачхьалкх. Римойн, гIажарийн империшна ясакх луш, вовшашца тIемаш беш, маларш муьйлуш дакъазабевлла хиллачу Iарбаша ийман диллина, Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шайна сийдолу баьчча а вина, бIе шо далале кхечу къаьмнашца цхьаьна дIахIоттийра ша санна чIогIа кхин хир йоцу бусалба пачхьалкх. Делан дош харц хила йиш яц. Хастаме Волчо боху Сийлахьчу Къуръанехь: **«АллахIа ваIду (**чIагIо) **йина шух иймaн диллинчарна, шаьш дика Iамалш йиначарна а, Ша царах лаьттан урхалчаш бийр ма бу** (аьлла)**, Ша царал хьалхарниш барх терра. Ша реза а хилла хаьржина долу дин лело паргIато лур ю царна, Ша царна церан кхерамал тIаьхьа тешам лур бу** (маршо лур ю)**. Цара Суна Iибадат дийр ду, цхьа а хIума Соьца накъост ца лоцуш».** *«Ан-Нур», 55.*

Нохчий бусалба бу, дин дезаш бу, хIунда аьлча хIокху масийтта бIешарахь керстано таIзар дарх, шайн динах ца бевлла уьш. Оцу дина тIехула хийла Iеха а бина, хIаллак а бина. Таханлерчу дийнахь цхьа къам хилла дIахIотта аьтто баьлла вайн. Тахана вай и ца дахь, иштта хан кхин йогIур ю ала а дац.

Цхьа а къам кхиъна дац шен Даймохк боцуш. Даймохк безий аьлла хаьттича, хIораммо беза эр дара. Ткъа Даймохк безар хIун ду? Тхуна хетарехь, уггар хьалха Делан дуьхьа Даймеxкан хьашташ кхочушдар ду, хьо муьлххачу даржехь велахь, дозанал арахьа я чоьхьа велахь а. Даймохк хIун дина хазбийр, денбийр бара те бохуш ойлаяр, хьанала къахьегар а догIу оцу юкъа.

Масала, нохчийн мотт муха хаьа вайна, къоман яздархойн, поэтийн цIерш, церан говзарш евзий вайна? Шен мотт бицбеш долу къам дакъаздала гергадахана ду. Шен ненан мотт ца хиъча, цхьа а Iилма Iамалур дац стаге. Ткъа Iилма доцу къам бIаьрзе ду, маьрша а, паргIат даха йиш яц цуьнан. Нохчийн къоман поэто Мамакаев Мохьмада (Дала гечдойла цунна) говза аьлла оцу хьокъехь: **«Шен ненан мотт халкъо, сий ойбуш, Iалашбахь, цу халкъан паргIато цхьаммо а хьошур яц».**

Иштта, Даймохк безарх ду оцу халкъан гIилакхаш, Iадаташ лардар, даржор, хIунда аьлча дайшкара дуьйна луьттуш, хаздеш схьадаьккина ду уьш, хIора къам кхечух къастош, цуьнан башхалла, шатайпаналла билгалйоккхуш. Шайн гIиллакхех, Iадатех къаьстинчу къоман кхане ян яц. Кхин дика ала йиш йоцуш, говза, доца, маьIне аьлла оцу хьокъехь Цоцин-Эвларчу ишколехь иттанннаш шерашкахь берашна нохчийн мотт, гIиллакхаш хьехна волчу Хамерзаев Заурбека. 2009-чу шарахь зорбане яьллачу шен «Кханенах догйовха» цIе йолчу гуларехь цуо яздо:

**Дайн гIиллакхаш дIатесна,**
**Ма-хетта лелларг,**
**ТIаьхьене дIакховдо**
**Лард доцуш вуьсу.**
**Бух коьрта ца лоруш,**
**ГIаланаш йоьгIнарг**
**Херцачу хIусамийн**
**Бохь тIера вужу…**

Махкахой, къаьсттина кегийрхой, тахана бакъо яц вайн махкахь хуьлуш долчунна юьстах латта. Вай кхиийна, вайна халонаш эшо ницкъ луш болчу Даймахкана диканца бекхам бан декхар ду вайх хIораннан. Бусалба динца а, нохчийн гIиллакхашца а догIуш ду иза. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шайна дика болх бинарг резавелаш, и резаван шайн ницкъ ца кхачахь, аш цунна диканца доIа делаш, шаьш цунна кхоччуш бекхам биний шайна хаъалц».** *Тирмизи.*

Веза-Сийлахьчу Дала Шен къинхетамца барт цхьаъ бина, Ша резаволчу къомах дойла вай! Вайн къоман кхане сирла гаре сатуьйсуш, Делан дуьхьа шайн синош дIеделлачу къонахийн сий, ларам бан ийман лойла вайна!

***

**Вешан мохк, дегнаш цIена латтаде вай!**

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Дала Iаламех къинхетам беш, хаза гIиллакхаш кхочушдан, цIанонан, унахцIоналлин сийлалла гойтуш ваийтинчу вайн элчанна

Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тӀаьхьа мел баьзначарна а.

Веза-Сийлахьчу АллахӀа Ша кхоьллинчу Ӏаламашлахь адаман сий уггар лакха айдина. Дала боху Къуръанан «Ат-Тин» суратан 4-чу аятехь: **«Баккъалла а, Оха адам уггар хазчу куьцехь кхоьллина».**

Цунна и куц, хьекъал, кхетам баларца кхечу халкъех къастийна иза Сийлахьчо. Адамна тӀе цундела декхарш а дехкина, Делан омранаш кхочуш а деш, хӀокху льатта тӀехь дахийтархьама. Адам хӀокху льатта тӀехь эла лору, Дела воцчунна цхьанне а Ӏибадат дан декхар дац адамаш.

Цул сов, Цуо бусалба нахах къинхетам бина, уьш ийманехь кхиабарца. ХӀора бусалба стага массо дийнахь, сохьтехь шен духарца, леларца, гӀиллакхашца, кхочушдечу гӀуллакхашца гучудаккха деза шен ийман. Дала ша бусалба варца шех къинхетам биний хууш хила веза вайх хӀора а.

Бусалба дин – иза цӀена дин ду. Ӏасыман кӀанта Абу Малик аль-Хьариса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ЦӀано – ийманах цхьа дакъа ду».** *Муслим.* Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: **«Баккъалла а, Далла дукхабеза тоба деш берш, цӀано еш берш».** *«Аль-Бакъарат», 222.*

Бусалба дино уггар хьалха дегӀ цӀена леладаре кхойкху адамаш. Абу-ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Адамна чудиллинчу гӀиллакхах ду пхи хӀума: сунт вар, бехке меттера чоьш дӀадахар, мӀараш хедор, пхьарса кӀелхьара чоьш бухдахар, мекхаш дацдар а».** *Бухари, Муслим.*

И хӀуманаш шеца доцуш а, уьш кхочушдеш а воцчунна хаа деза, шеца оьздангаллех цхьа а хьаса боций. Оьздачу стага ойлайийр ю ша велча лийчо везаш хиларан а, шен боьха дегӀ лийчош волчунна гайтар товш цахиларан а. Цундела шен дегӀ даима а цӀена латтор бусалба стеган коьртачех цхьа декхар ду.

Ислам – иза адамийн юкъараллин дин ду. Вайх хӀора ву адамашна юкъа волуш, вовшашца уьйр йолуш. Цундела шен дегӀ нахана новкъарло хирйолчу хӀуманах Ӏалашдан деза хӀораммо. Къаьсттина лерина лела веза бусалба стаг рузбанан дийнахь. Салмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рузбанан дийнахь лийча а лийчина, шен ницкъ ма-кхоччу цӀано а йина, шен цӀера даьттанах даьтта а хьаькхна я шен цӀера ӀатӀарх ӀатӀар а тоьхна, цул тӀаьхьа араваьллачунна, шина стеган барт а ца бохош, цул тӀаьхьа шена**

**тӀедиллина ламаз а дина, цул тӀаьхьа имамо хутӀба доьшуш тапъаьлла цуьнга ладоьгӀначунна гечдийр ду оцу рузбанна а, тӀедогӀучу рузбанна а юккъехь долчунна».** *Бухари.*

**Лераме вежарий, йижарий!**

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ийманан кхузткъе иттаннал сов, я кхузткъаннал сов дакъа ду, царех уггаре дезаниг ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ боху дош ду, царах уггар лахарниг – цатам бо хӀума новкъара дӀаяккхар ду. Эхьхетар ийманах цхьа дакъа ду».** *Бухари, Муслим.*

Ойлаелаш, вежарий, йижарий, вешан урамашка кхеллиш яржош, квартирийн корехула нехийн тӀоьрмигаш урамнекъа вай охьакхуьссуш хилча, вайн ийманан тӀегӀанан барам мел хуьлу те?!

Цул сов, вайн урамашкахь цӀано латтош болчу вайн йижарийн, нанойн сий а ца до вай цуьнца цхьаьна. Ткъа уьш а ма бу вай санна бусалба нах. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба бусалбанна ваша ву, цо цунна зулам дийр дац, цо иза сийсаз вийр вац, цо иза харц а вийр вац, цунна иза атта а хетар вац».** *Муслим.*

Веза-Сийлахьчу АллахӀа, Цунна дукхавезаш волчу Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бохучунна тӀе а тайна, вешан урамашкахь, керташкахь цӀано ян еза вай. Далла гергахь мелехь болх бу и, наха баркалла эр долуш хӀума а ду. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Новкъа воьдуш волчу къонахчунна карийра, шена тӀехь кӀохцалш долуш га; и новкъара дӀадаькккхира цо; и бахьана долуш Дала гечдира цунна».** *Бухари, Муслим.*

Вайн урамашка а, керташка а, некъайистошка а, хийистошка а хьаьжжина а кхоллаяла тарло кхечу мехкашкара вай долчу баьхкинчийн вайн хьокъехь йолу ойла. Яханчу заманахь вайн махкахь хиллачу мохкбовзархоша кхузара дӀабахча шаьш яздинчу жайнашкахь хестийна вайн исбаьхьа мохк: гӀиллакхе адамаш, хаза доладина бошмаш, хьаннаш, шовданаш, керташ. Вайна тӀехь декхар ду, вайн дайша яккхийтина дика цӀе ларъяр, мехкан хаза доладеш, цуьнан Ӏалам лардеш хилар. Мохк денбан, цӀанбан гӀерташ болчарна гӀо дан деза вайх хӀораммо, шен-шен ницкъ кхочучу барамехь.

Вешан мохк кхидIа денбан, цIена, хаза, исбаьхьчу куьцехь латто Дала хьуьнар, ницкъ лойла вайна!

***

**Делан дашна кхоччуш тIедерзахь, вай ирсе дийр долуш ма ву АллахI!**

Хастам бу, Шен лена Сийлахь Къуръан доссийначу АллахIна. АллахIера салам-салават хуьлийла и Делан дош – Къуръан – шен уммате дIакхачорна тIехь ша дIакхалххалц къахьегначу элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, АллахIера Нур а, билгала жайна а** (Къуръан) **деъна шуьга. Цуьнца маьршачу новкъа нисбо АллахIа Ша резаван къахьоьгуш берш. Шен лаамца боданашкара серлоне боху Цо уьш, нийсачу новкъа а хIиттабо».** *«Аль-Маидат», 15-16.*

Тахана вай, ма-хуьллу, Везчу АллахIан Сийлахь Дош – Къуръан деша а, цунах кхета а, цуьнан омранаш кхочушдан а, цо дихкинчух лардала а дезаш ду. Дуьненан бахамашна тIаьхьабевлла лелачу вайнаха дицдина, Дала вайна даийтина долу СовгIат – Сийлахь Къуран. Цу Делан Дешан кхоччуш хама бина, сий дина, цунна вай тIедерзахь, вай ирсе дийр долуш ма ву АллахI. Вайн къоман бартхуьлу, цуьнан сий айдо хIума лахар ду коьртаниг таханлерчу дийнахь. Ткъа Къуръанна тIедерзарал коьрта, мехала хIума карор дац цхьана къомана а. ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу Дала хIокху Къуръанца хийла къам лакхадоккху, кхидерш лах а до».** *Муслим.*

Маккахь ша боккхучу халчу муьрехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен сахьаби волу МусIаб бин Iумайр (Дела реза хуьлийла цунна) вахийтира Мадинатерчу нахана Къуръан довзийта, царна и дIахьеха а. Оцу шарахь Мадинатан бахархойн (ансарийн) цIенойх цхьа а цIа ца дисира шена чохь доьшуш Делан Калам (Къуръан) доцуш. Сийлахьчу Къуръано Дела а, Элча а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) везаран шовкъ-марзо йиллира ансарийн дегнаш чу. Маккара хIижрат дина вогIу иза везаш тIеийцира ансараша, цунна тешаме накъостий хилира царах. Оцу Мадинатахь когахIоьттира бусалба пачхьалкх.

Вайн Къуръанна тӀедерзар Ӏилманан некъахь хила дезаш ду. Имам ГӀазалис (Дала къинхетам бойла цунах) ма-аллара, Ӏилма, Ӏибадат а ши жовхӀар ду. Цу шина жовхӀарна тӀаьхьаваза везаш ву хӀора бусалба стаг. Ӏилма (цу шина жовхӀарх) дезаниг ду. Ӏилма хен хилча, Ӏибадат цунна тӀера стом бу. Сий, ларам хенан бу, делахь а адамна пайда хенан стоьмех хуьлу.

ШариӀатехь болу Къуръанан кхетам – АллахӀа Джабраил-маликехула (Делера салам хуьлийла цунна) Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) доссийна, Ӏарбийн маттахь долуш, дешар Ӏибадат долу Делан дош ду.

Веза-Сийлахьчу Дала Лавхьул-Махьфуз кхоьллина, цу тӀе доссийна Къуръан, цу тӀера дуьненан стиглахь йолчу Байтул-Ӏизза шех олучу меттиге тӀедоссийна. Цу тӀера, АллахӀа Ша хаьржина волчу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цӀенчу даг чу диллина Сийлахь Къуръан.

Джабраил-малико (Делера салам хуьлийла цунна) шена ма-дешшара доьшуш хилла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Къуръан шен асхьабашна (Дела реза хуьлийла царна).

Дала Шен хьикматца, цхьаьнаметта ца доссош, 23 шеран заман чохь доссийна Къуръан. ХӀора доьссина аят дагахь Ӏамош, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цу аятан маьӀна хьоьхуьйтуш хилла асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна). ХӀора мархин баттахь Джабраил-маликца (Делера салам хуьлийла цунна) Къуръан дагахь доьшуш, карладоккхуш хилла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Ша дӀакхелхачу шеран мархин баттахь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шозза карладаьккхина Къуръан. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дӀакхелхинчул тӀаьхьа, Йамамат тӀамехь Къуръан дагахь хууш волу 70 асхьаб дӀакхелхина.

Ӏумар бин ХаттӀаб дагаваьлла Абу Бакар Сыддикъах (Дела реза хуьлийла цаьршинна), Къуръанан сурաташ цхьана жайне дерзийча дика хир ма дара вайна, аьлла. Абу Бакар Сыддикъан омранца, Зайд бин Сабит коьртехь волчу асхьабийн тобано (Дела реза хуьлийла царна) деша а доьшуш, цхьана жайни тӀе дӀаяздина Къуръан. Дуьххьара цхьаьнатоьхна долу Къуръан Абу Бакар Сыддикъехь (Дела реза хуьлийла цунна) лаьттина, и дӀаваьлча – Ӏумарехь (Дела реза хуьлийла цунна) хилла, цул тӀаьхьа Ӏумаран йоӀ Хьафсат (Дела реза хуьлийла цу шинна) йолчохь лардина.

Заманца бусалба пачхьалкх шоръелла. Тайп-тайпана къаьмнаш бусалба дине дирзича, Къуръан дешарна тӀехь гӀалаташ дан буьйлабелира нах.

ТIаккха Іусман бин Іаффана, Зайд бин Сабит коьртехь волчу асхьабийн лерринчу тобане Хьафсатера Къуръан тIера ворхI Къуръан яздайтира (Дела реза хуьлийла царна массарна). Къуръанан жайнаш пачхьалкхан массо маьIIе: Макка, Куфа-гIала, Басре, Шема-махка, Йемене, Бахьрайне дIасадахьийтира Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна). ВорхIалгIа Къуръан шегахь дитира Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна).

Цул тIаьхьа, пачхьалкхехь яздеш долу Къуръан ша даийтинчу Къуръанна тIера ша ма-дарра схьаяздина хила дезар хоуьйтуш, Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна) омра дира нахе, шайгара Къуръанан аяташ тIехь долу массо кехат, дечиг... ягае аьлла. И дина ца Іаш, Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна), хIора Къуръанца, Къуръан дагахь хууш, девзаш волу Іеламстаг вахийтира, нахана иза нийса деша дIахьеха.

Къуръанан Іилма боккха хIорд бу, и нийса деша Іамор цу Іилманан кIорге йовзаран новкъахь дуьххьарлера гIулч бен яц. ШолгIа гIулч – Къуръанах кхетар, тафсир хаар ю; кхоалгIаниг – Къуръанан омранаш кхочушдар; йоьалгIаниг – Къуръан нахана дIахьехар.
Къуръан нийса деша Іаморан Іилма Іеламнаха Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) схьаэцна, шайна юкъара зIе ца хоадуьйтуш, вайн деношка схьакхачийна. Делан дош харц хила йиш яц. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Оха боссийна и хьехам** (Къуръан)**. Баккъалла а, Оха и Іалашбийр а бу».** *«Аль-Хьижр», 9.*

Къуръан нийса деша, цуьнан хIора элп ша даккха дезачуьра даккхар, цу элпан сибаташ лардар, саца везачохь сацар Іамочу Іилманах **тажвид** олу. Тажвид Іилманан хьукма хIун ду аьлла хаьттича, вай ала деза: тажвидан ши агIо ю: 1) тажвидан бакъонаш дагахь хаар; иза шех кифаят олу фарз (цхьаболчарна хиъча, бисинчарна тIерадолуш долу) ду; 2) оцу бакъонашца Къуръан нийса дешар; иза важиб ду (тIехь ду) Къуръан доьшуш волчунна хIоранна.

Къуръан нийса дешар важиб хиларан делил (бух) Къуръанан аят ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа Къуръан дешалахь, мукъам хазбеш, хIора дош къостуьйтуш».** *«Аль-Муззаммил», 4.* Сийлахь Къуръан дешар схьаэцна хила дезаш ду Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дуьйна шайн силсилца (зIенаца) Къуръан деша Іамош схьабогIучу Іеламнахера.

**Лераме вежарий!**

Делан къинхетамца, тІаьхьарчу шерашкахь бусалба пачхьалкхашкахь жигараллица дІахьош бу Къуръан нийса деша Іаморан болх. Тахана оцу балхана тидам тІебахийта беза вайн махкара дешначу наха а. Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух уггар а дика верг – шена Къуръан Іамийна, цул тІаьхьа иза дІахьехнарг ву».** *Бухари.*

Цундела вайх хІора декхар ву Къуръан деша Іамо, шена Іеминарг дІахьеха а. Къуръан нахана юккъе даржоран балха тІехь вай къахьега деза.

Тхо тешна ду, Къуръан хьуьжаршкахь, институтехь Іамийна ца Іаш, маьждигашкахь я леррина цу балхана дІайиллинчу меттигашкахь Іамо деза аьлла. Шемара дешначу стага Абу Салмана ма-аллара, «вай хІокху дуьненахь кІеззиг ваьшна хало еш, жимма къахьегчахьана, вайна АллахІа кечдинарг доккха СовгІат дай, вайна Дала луръерг-м ялсамани яй!»

Я АллахІ, Хьайн Сийлахьчу Къуръанца тхан дегнаш тодехьа, дийнахь, буса и дешар лохьа тхуна! ХІай Везан Дела, Къуръанца нисдехьа тхо, гІодехьа тхуна! Кешнаш чохь тхо тхаьш дисча, царна чу Къуръанан Нур даржадай, тхан кхерар, сингаттам дІаэцахьа, къематдийнахь цуьнца шапаІат делахь тхуна, хастам бу Хьуна, я АллахІ!

***

## Динехь нисдаларца, дайн гІиллакхаш дендарца ю вайн къоман кхане!

Хастам бу Іаламийн Да Волчу АллахІна! АллахІера салам-салават хуьлийла Дала Іаламех къинхетам беш, хаза гІиллакхаш кхочушдан ваийтинчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тІаьхьа мел баьзначарна а!

Бусалба дин – иза оьздачу наха бен лелор доцу дин ду. Оьздангаллица (къасталур доцуш) доьзна ду гІиллакхаш а. «ГІиллакх - оьздангаллин бакъволу ваша ву», - эрна олуш ца хилла вайн дайша. Ислам довзуьйтуш ваийтина, халкъашлахь уггар веза волу Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хастош Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Баккъалла а, сийлахь-деза гІиллакхаш долуш ву хьо** (хІай Мухьаммад)**».** *«Аль-Къалам», 4.*

Стаг дуьненахь, эхартахь декъалвийр волуш ду цуьнца долу гІиллакхаш. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ийман диллинчарах дуьззина ийман дерш – царах хаза гІиллакх дерш бу».** *Тирмизи.*

Иштта эхартахь а воккхавер хир ду дуьненахь гІиллакхаш лардинчунна. Абу Дардаа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стеган терзан тІехь къематдийнахь хазачу гІиллакхал деза хІумма ма дац».** *Тирмизи.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира дукхах долчу хьолехь нах ялсамане чу бохуьйтур болчу хІуманах, цо элира: **«АллахІах кхерар а, хаза гІиллакх а ду».** *Тирмизи.*

Вайн къоман гІиллакхаш динца догІуш ду, къоман кхиарехь коьрта дакъа лоцу оцу шиммо а. Оцу хьокъехь дика аьлла историн Іилманийн кандидат волчу Хасиев Сайд-Мохьмада: **«Шеца, кхечу динийн йоцу башхалла йолуш ду бусалба дин. Цуьнан аьхна хилар гучудолу, иза кхечу къаьмнийн башхаллаш кегъян, ата, йохон ца гІертарца. Къаьмнийн гІиллакхаш, Іадаташ адамашна зене-зуламе дацахь, цуо** (бусалба дино) **хьеша ца хьоьшу, мелхо а дикачу агІор дерзош кхиадо, цаьрга зазадоккхуьйту».**

ГІиллакх бІаьрг белочарах, бІаьрг тІехь соцучарах лерина вайн дайша. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла долу – **«Баккъалла а, со ваийтина хаза-оьзда гІиллакхаш кхочушдан»** – дешнаш хезначу нохчаша, шаьш оьзда нах хиларе терра, тІамца-туьрца доцуш, маьрша тІеийцира бусалба дин. Бусалба динца вайн гІиллакхаш цхьаьнадаран масалш дагардина ца валлал дукха ду. Царах масех лахахь далор ду вай.

Хьешан чІогІа ларам беш, сийдеш хилла вайн дайша. Цара олуш хилла: **«Хьаша ца везарг, Далла а ца везна», «Хьаша ца вогІучу хІусаме, беркат ца догІу» ...** Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахІах а, къематдийнах а тешачо шен хьаша лорийла. АллахІах а, къематдийнах а тешачо шен гергарло хуттийла. АллахІах а, къематдийнах а тешачо диканиг олийла я тапъаьлла ІадІойла».** *Бухари, Муслим.*

Воккха стаг ларар а ду вайнехан гІиллакххехь. Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла

хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Вайх ма вац баккхийчеран сий деш воцург, кегийчаьрца къинхетаме воцург а».** *Ахьмад.*

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахӀан сий-ларам барх ду къежвелла волу бусалба стаг ларар; Къуръан доьшуш цуьнца Ӏамал а еш, цуьнгахь тӀех а ца вуьйлуш я иза тесна а ца дуьтуш верг ларар а; нийсонна тӀехь волу паччахь ларар а».** *Абу Давуд.*

Вайнехан Ӏадатехь йоӀ кӀантаца хинкоьртехь латта мегаш ца хилла, шайца кхоалгӀаниг кхиъна долу бер я зуда йоцуш. Ткъа бусалба дино Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дешнашца боху вайга: **«Стаг** (хийра) **зудчуьнца цхьалха вуьсур ма вац, шайца кхоалгӀаниг шайтӀа долуш а бен».** *Ахьмад.*

Вайнехан ширчу хенахьлера духарш хилла бусалба динца догӀуш. И гучудолу вайн дӀабаханчу баккхийчу нехан ширчу суьрташка хьаьжча. Оьзда а, шариӀатца догӀуш а хилла нохчийн зударийн духарш, гӀиллакхаш. Оьздангалла шайн синошца йолчу царна хала дацара Делан хӀара аят къобалдан: **«Ахьа ала** (хӀай Пайхамар) **ийман диллинчу зударшка,** (хьарам долчух) **шайн бӀаьргаш охьахьажабе, шайн бехкен меттигаш а ларъе, шайн хазалла а ма гайта** (хийрачарна)**, ша цунах ган магийна** (юьхь, ши куьйг) **йоцург».** *«Ан-Нур», 31.*

Пхийттара ваьллачул тӀаьхьа коьртахь хӀума йоцуш лелар эхь лоруш хилла вайнаха. Вайн дайша, масала, баьхна: «Коьртахь хӀума йоцу стаг диршачу газанах тера ву». КоьртаӀуьйра волу стаг тоьшаллина ца магаво, олуш схьадогӀуш ду вайн Ӏадатехь. Ткъа Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадис далош верг коьртаӀуьйра лелаш хааделлехь, оцу стагера хьадис схьаоьцуш ца хилла динан Ӏеламнаха.

Говрахь вогӀучо гӀаш вогӀучуьнга хьалха салам кховдош, гӀаш вогӀучо хиъна Ӏаш волчуьнга салам луш Ӏадаташ ду вайнехан. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлдийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьана хӀуманна тӀехиъна вогӀучо салам лур ду гӀаш вогӀучуьнга, гӀаш вогӀучо – хиъна волчуьнга, кӀеззиг болчара – алсам болчарга».** *Бухари, Муслим.*

Сихалло са диъна, собаро лам биъна, олуш ду вайн. Къонахчун мах цуьнан собарца хадабо. Анасан кӀанта МуӀаза (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен оьгӀазло хьулйинарг, ша иза чекхъяккха ницкъ кхочуш а волуш,**

**Веза-Сийлахьчу АллахIа къематдийнахь халкъана юккъера схьакхойкхур ву иза, хьурул-Iийнехь шена езнарг цуьнга харжийта».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Даг тIе куралла тасар – Дала дакъазаваккхаран юьхьиг ю, олуш хилла вайн дайша. Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ялсамане чу гIур ма вац, шен дагчохь мискъала зарратал** (мел кIеззиг) **куралла ерг!»** *Муслим.*

Кура стаг осала хетта вайн дайшна, мадаре (скромный) волчу стеган лерам беш хилла цара. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«СагIа даларо даьхни эшийна дац, гечдеш волу лай АллахIа сийлаллехь бен сов ца воккху. АллахIан дуьхьа цхьа а таьIна хир ма вац, АллахIа иза даржехь лакхавоккхуш а бен».** *Муслим.*

Бусалба вежарий, йижарий, дино хьарам ца дина дайн гIиллакхаш лелор. Цул сов, дукха меттигаш яьхкина къоман Iадаташна тIе а тевжина, динан Iеламнаха хьукма деш. Шайн гIиллакххех, Iадатех къаьстинчу къоман кхане ян а яц, хIунда аьлча дайшкара дуьйна луьттуш, тIаьхь-тIаьхьа хазлуш, толуш схьадаьхкина ду уьш, хIора къам кхечух билгалдоккхуш. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху вайга: **«ХIай нах, Оха шу кхоьллина боьршачух а, стечух а. Оха шух дан а дина къаьмнаш а, тайпанаш а, шуна вовший довзийта. Баккъалла а, шух АллахIна гергахь сий дерг – шух алсам Делах кхоьруш верг ву».** *«Аль-Хьужурат», 13.*

Веза-Сийлахьчу Дала, дайн гIиллакхаш дендан а, динехь нисделла, цхьабарт болуш, цхьа къам хилла дIахIитта а хьуьнар, кхетам, ийман лойла вайна!

***

## Духаро гойту адаман гIиллакх

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ша ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а!

Лараме бусалба йиша, хьуна ма-гарра, къоман кхетам кхиоре, цуьнан оьзда гIиллакхаш дендаре Нохчийчоь кхочур ю, нагахь санна вай динехь

нислахь. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХӀай нах! Шаьш кхоьллинчу Делах** (Цуьнан Ӏазапах) **кхера шу, цхьана дегӀах** (Адамах) **шу кхоьллина, цунах цуьнан зуда** (Хьава) **кхоьллина, цаьршиннах дуккха божарий, зударий а баржийна Волчу».** *«Ан-Нисаъ», 1.*

Къоман кхетам кхиор, цуьнан кхачамбацарш дӀадахар атта болх бац я цхьана дийнахь бича чекхбер болу болх бац иза. Делан дуьхьа, хӀора дийнахь, сохьтехь къахьега дезаш болх бу. Оцу балха тӀехь шуьгара, бусалба йижаршкара, гӀо оьшу божаршна. ХӀунда аьлча зударий вайнехан юкъараллин коьртачу дакъойх цхьа дакъа ду. Шу динехь нисделча, къомана, махкана йоккха сийлалла ю.

Халахеташ делахь а, билгалдаккха догӀу: тахана вайна яртийн, гӀаланийн урамашкахь гуш дерг ирча сурт ду. Цунна бехке беккъа зударий ца бо оха, коьрта бехк, Айдамиров Абузара шен «Вайн амалш» цӀе йолчу жайнахь ма-аллара, божарийн бу. Стаг галваьлча бен, галъер яц зуда.

Тахана вайн хьал кхерамечу зил тӀе кхаьчна. Вай массо (божарий, зударий) Делан динехь чӀагӀдаларца, вешан къам дендан хьовса деза. Оцу тӀехь шуьгара гӀо оьшу божаршна.

Гуш долчух уггар хьалха билгалдаккха догӀу ирчаниг ду цхьаболчу зударийн, мехкарийн духарш. Кхин а кхераме ду, иштта духар ирча ца хеташ, стага шен йишега, зудчуьнга, йоьӀе уьш леладайтар. Цхьаболу майранаш шайн зударшка омранаш дан буьйлабелла, мелла аьхза кечло бохуш. Жимма зудчунна къовлаяла дагадеъча, цунах ца вешаш, «йоккха стаг» бохуш, иза сийсазйо цара. ХӀун до вай, мича кхача гӀерта? Бусалба ма ду вай! Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа ала** (хӀай Пайхамар) **ийман диллинчу зударшка,** (хьарам долчух) **шайн бӀаьргаш охьахьажабе, шайн бехкен меттигаш а ларъе, шайн хазалла а ма гайта** (хийрачарна)**, ша цунах ган магийна** (юьхь, ши куьйг) **йоцург».** *«Ан-Нур», 31.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Суна гина доцу ши тайпа адамаш хир ду жоьжахати чохь: шайца бежанийн цӀоганех тера шодмаш йолуш, уьш нахана етташ хилла болу нах; аьхза догӀмаш оьхьуш** (чекх са го дуткъачу кӀаденан духарш духуш)**, оьзда доцчу боларца шайн дегӀан меженаш сеттош** (кхечу зударшна и марздеш)**, шайн коьртех, эмкалан дуьмеш санна, хӀуманаш хьерчош, уьш техкош лелаш болу зударий. Оцу тайпана лелаш болу зударий ялсамане баххане гӀур бац,**

**цул сов оццул гена етталуш хир йолу ялсаманен хьожа а кхетар яц царна».** *Муслим*

Ойлае, мехкарий, элира-бахара олу къамел дац хIара, Муслима далийна бакъ хьадис ду. Яханчу заманахь цкъа а ца хиллачу сийлахьчу, ларамечу тIегIан тIе яьккхина Исламо зуда. Сийлахьчу Къуръанан 114 суратах ши сурат – «Ан-Нисаъ» («Зударий»), «Марьям» («Марем») цIерш йолуш ду.

Бусалба динан историхь жигара дакъалаьцна зударша. Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уггар хьалха ийман диллинарг бусалба нехан нана йолу, цуьнан хIусамнана Хадижат (Дела реза хуьлийла цунна) ю. Абу Бакаран йоI Асмаъ (Дела реза хуьлийла цаьршинна) хилла Делан Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен дена а (и шиъ къайлах Макка хIижрате ваха новкъаваьлча) яахIума кхоьхьуш. Хийла гIазоташкахь (чевнаш ерзош, кхача кечбеш) дакъалаьцна зударша. Исламехь уггар хьалха гIазотехь кхелхинарг зуда ю – Сумаййа (Дела реза хуьлийла царна), Дела цхьаъ варна тIера ца йолуш, шен са дIаделла йолу. Цундела адамийн массо амал дика евзаш волчу АллахIа билгалдаьхна зударша лело дезарг, божарий цаьрца муха хила беза. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай Пайхамар, ахьа ала хьайн зударшка, хьайн йоIаршка, бусалба нехан зударшка а, шайна тIе дерриг дегI хьулдеш долу духарш духа, алий. Иза** (уьш хьулбалар) **герга ду уьш бовза а** (оьзда, цIена а хиларца)**, тIаккха царна новкъарло ца ян а. АллахI гечдеш, къинхетам беш а Ву».** *«Аль-Ахьзаб», 59.*

Зудчун юьхь а, ши куьг а доцург, дерриг дегI Iаврат (ган хьарам) лерина ду ШариIато. Иштта мегаш дац, хийра стаг а, зуда а, юххехь цхьа а воцуш, цхьаьна диса. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Стаг** (хийра) **зудчуьнца цхьалха вуьсур ма вац, шайца кхоалгIаниг шайтIа долуш а бен».** *Ахьмад.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьа а хийрачу зудчуьнца ша ма вуьсийла, цуьнца цхьана махьрам** (ялор хьарам дерг) **волуш а бен».** *Бухари, Муслим.*

Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шу ларлолаш** (хийра) **зударий болчу чу дахарха!»** Ансарех волчу цхьана къонахчо хаьттира тIаккха: **«Ахь суна дийцахьа, майрчуьн уллора гергара стаг хилча?»** Цо жоп делира: **«Майрчуьн уллора гергара стаг несаца**

**цхьаьна висар – валар ду».** *Бухари, Муслим.* Майрчуьн уллора гергара стаг – марваша, марвешин кIант, мардевешин кIант а ву.

Дала экама кхоьллина зуда. Цунна кечъяла лаьа, ша тергалъян лаьа. Амма цуьнан кечъялар шен майрачунна хила дезаш ду, хийрачу нахана хила дезаш дац. Зудчун кечъяларан а бу шен барам. Зударшна, божаршна хьарамдина ду, шайн месаш тIе кхечун месаш хиттар (тийсар). Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **неIалт аьлла месех** (кхечун) **месаш хуттучунна, и шена тIе хоттуьйтуш волчунна а, дегIа тIехь шекъанан сурт** (татуировка) **диллинчунна, и шена диллийтинчунна а».** *Бухари, Муслим.*

Дала шена делла сибат хийцар хьарам дина Исламо. Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«АллахIа неIалт аьлла татуировка йинчунна, и яйтинчунна а, шен бIаьрган цIоцкъамаш дIадохуьйтуш йолчунна а, шен цергаш хазаллина херайохуш йолчунна а, АллахIан кхоллам хуьйцуш йолчу».** Цуьнга элира (бехк баьккхира) цхьана зудчо цуьнан хьокъехь, тIаккха Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Аса неIалт муха ца олу Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна**) неIалт аьллачунна, иза жайни** (Къуръана) **чохь а долуш! Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Элчано шайна деанарг схьаэца аша, цо шайна дихкинчух духакхета шу».** *«Аль-Хьашр», 7. Бухари, Муслим.*

Бусалба йиша, шариIатехь долчу духаро хьан оьздангалла, гIиллакх, ткъа уггар коьртаниг – хьан ийман а гойту. Хьой цхьана буха тIера хилар, хьайн сий лардина ца Iаш, ден-ненан, йиша-вешиш, къоман сий лардар гойту ахь хьайн духарца, леларца. Цхьаммо цхьаъ эр дай, кхиниг реза хир ваций ца бохуш, Дала бохург де ахь, декъала хир ю хьо.

ЙоIарша хаьттина хилла шариIатан духарца (хьижабца) йолчу шайн накъосте: «Йох цо ло хьо оцу духарца?» – аьлла. ЙоIа, шен иймане хьаьжжина, сихха жоп делла: «Жоьжахатин цIе кхин йовха ма ю».

Берзина бовла къийсалуш болу, шайн бийца бух боцчу Европан, Iамаркан бахархойн леларх масал эца ца гIерташ, дIабаханчу вайн баккхийчу нехан оьздачу гIиллакхашка, духаршка хьовса деза вай. Хьижаб оьзда духар ду, оьздачу нахана, уьш лех къастош, дино билгалдина долу.
Iеламнаха оцу шарIан духарна хIиттийна бехкамаш бу:
– дерриге дегI (юьхь, куьйгаш доцург) дIакъовлуш хилар;
Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу Абу Бакран йоI Асмаъ еара, шена тIехь

дуткъачу кIаденан духар долуш. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цунах дIа а вирзина, элира: **«ХIай Асмаъ, баккъалла, зуда йоккхахилча** (пхийттара яьлча)**, цуьнан меженашха ган мегаш ерг хIара, хIара а бен яц** (шен юьхьана, шина куьйгана а ишар йира цуо)**».** *Абу Давуд.*

– божарийн тIе бIаьрг хIуттур болуш тIех къегина цахилар;

– чекх са гуш долчу кIадих цахилар;

– тIелетта, дегIан меженаш билгалйохуш, цахилар;

– божарийн духарх тера цахилар;

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **неIалт аьлла зударех тарлуш болчу божаршна, божарех тарлуш болчу зударшна а».** *Бухари.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **неIалт аьлла зударийн бедарш тIеюхуш болчу божаршна, божарийн бедарш тIеюхуш болчу зударшна а».** *Абу Давуд.*

– керста нехан зударех тера хила гIерташ, цо и духар доьхна цахилар.

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьана къомах тарвала гIертарг** (леларца, духарца, гIиллакхашца) **– оцу къомах ву».** *Абу Давуд.*

– дозаллина, кураллина доьхна цахилар.

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дуьнен тIехь дозаллина духар дуьйхинчунна Дала къематдинахь сийсазаллин духар духур ду, цул тIаьхьа цIарца дагор а ду».** *Абу Давуд.*

Бусалба йиша, шарIан духар лелорца Делан хьикмат ду. И дерриге вайна хаа йиш яц. Делахь а цхьаболу пайда а, вайна гуш долу маьIна а хьахор ду вай. Юкъараллехь шена а, божаршна а юккъехь йолу юкъаметтиг ларъярехь гIо до оцу духаро. Гонахарчу кегий нехан, кегий боцчу божарийн ойланаш гал ца йоху, уьш къа дарх а ларбо. Нехан зударийн дегIан куц, хазалла гаро, питана до майрачунна, зудчунна юккъехь. Майрачо, цхьаъ хазлой, шен хьалхалера зуда юьту, цул тIаьхьа кхиниг хазло…

Амма, уггар коьртаниг, Дала шена тIедиллина декхар кхочуш а деш, зудчо АллахI резавар ду.

Бусалба йижарий, хьалха вай ма-аллара, шу Iеса довларан коьрта бехк тхан бу, божарийн. Тхо ду, хьалха тхаьш нис а делла, шун доладан дезарш.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Зударшна дика хила алий, вовшашка весет де».** *Бухари, Муслим.*

Веза-Сийлахьчу Дала ийман лойла вайн божаршна, зударшна Делан цIенчу динехь даха, доьзалш кхио! Дала, Шен къинхетамца, ялсаманехь цхьаьнатохийла берриг бусалба нах!

*******

## Исламо зудчун ен терго

Хастам бу, Iаламийн Да Волчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ша ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а!

Бусалба дин массо Iаламна даийтина тIаьххьара долу бакъ дин ду. Шена тIаьхьаваьзнарг муьлхха велахь (стаг я зуда), дуьненахь, эхартахь ирсе вийр волуш ду Делан цIена дин. Шен Сийлахьчу Къуръана чохь боху Веза-Сийлахьчу Дала: **«Баккъалла а, АллахIера Нур а, билгала жайна а** (Къуръан) **деъна шуьга. Цуьнца маьршачу новкъа нисбо АллахIа Ша резаван къахьоьгуш берш. Шен лаамца боданашкара серлоне боху Цо уьш, нийсачу новкъа а хIиттабо».** *«Аль-Маидат», 15-16.*

Адамийн тарихехь (исторехь) бусалба дин дале бIешерашкахь сийсазбина зударий. Зударийн са дац, уьш иблисан эскарш ду, бохуш, таIзарш дина царна. Адам-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) ялсаманин стом кхаллийтина, иза оцу чуьра араваккхийтарна бехке Хьава ю аьлла, харц цIе кхоьллина, и бахьана дина, массо зуда дуьнен чу йолушшехь къа долуш ю бохуш, бIешерашкахь хьийзийна зударий Европехь.

Яханчу заманахь цкъа а ца хиллачу сийлахьчу, ларамечу тIегIан тIе яьккхина Исламо зуда. Сийлахь Къуръанан бIе дейтта суратах ши сурат – «Ан-Нисаъ» («Зударий»), «Маръям» («Марем») цIерш йолуш ду. Ислам бакъ дин хилар гойту цуо зударийн бечу тидамо, церан бечу ларамо. Уггар хьалха Исламо билгалдоккху, стаг, зуда цхьаннах схьадаьлла хилар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай нах! Шаьш кхоьллинчу Делах** (Цуьнан Iазапах) **кхера шу, цхьана дегIах** (Адамах) **шу кхоьллина, цунах цуьнан зуда** (Хьава)

**кхоьллина, цаьршиннах дуккха божарий, зударий а баржийна Волчу».** *«Ан-Нисаъ», 1.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХӀай ийман диллинарш, АллахӀах кхералаш, Цунах кхера ма-деззара, шу дала а ма лойла, шаьш бусалба долуш а бен».** *«Алу Ӏимран», 102.*

Далла гергахь, сий, ларам стаг я зуда хиларца доьзна дац, хӀораннан иймане хьаьжжина бу сий-ларам. Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: **«ХӀай нах, Оха шу кхоьллина боьршачух а, стечух а. Оха шух дан а дина къаьмнаш а, тайпанаш а, шуна вовший довзийта. Баккъалла а, шух АллахӀна гергахь сий дерг – шух алсам Делах кхоьруш верг ву».** *«Аль-Хьужурат», 13.*

Дуьнен чохь йинчу дикчу Ӏамална эхартахь бекхам цхьатерра бийр болуш ву Комаьршаниг. Летийначу къиношна бекхам беш, АллахӀа стагана, зудчунна юккъехь озабезамаш, къестамаш бийр бац.

Исламо зуда, стаг санна, адамийн юкъараллин декъашхо лоруш ю. Стагал оьшуш яц иза, я гӀоле яц. Божаршна гӀоьнча хилла, Делан дош ойбуш, Исламан исторехь жигара дакъалаьцна зударша. Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уггар хьалха ийман диллинарг бусалба нехан нана йолу, цуьнан хӀусамнана Хадижат (Дела реза хуьлийла цунна) ю. Абу Бакаран йоӀ Асмаъ (Дела реза хуьлийла цаьршинна) хилла Делан Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен дена а (и шиъ къайлах Макка хӀижрате ваха новкъаваьлча) яахӀума кхоьхьуш. Хийла гӀазоташкахь (чевнаш ерзош, кхача кечбеш) дакъалаьцна зударша. Исламехь уггар хьалха гӀазотехь кхелхинарг Ясиран хӀусамнана ю – Сумаййа (Дела реза хуьлийла царна), Дела цхьаъ варна тӀера ца йолуш, шен са дӀаделла йолу. Ясиран доьзал Делан мостагӀаша хьийзош, царна дан гӀо доцуш гатвеллачу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира цаьрга: **«Собаре хилалаш, хӀай Ясиран доьзал, баккъалла, Дала шуна кечйина хӀусам – ялсамани ю шуна».**

ШариӀато, стагана санна, зудчунна а билгалбина и дуьненахь, эхартахь ирсе йийр йолу некъ. Дала нийсонца елла царна бакъонаш, хьикматца тӀедеххина декхарш. Цаьршиннан бакъонаш цхьатерра (тождественные) хуьлийла дац, хӀунда аьлча АллахӀа, Шен Ӏилманца, хьикматца церан догӀмаш, хьекъалш тайп-тайпа кхоьллина. Зударийн бакъонаш шатайпа хиларо гойту вайна Исламо царна тидам тӀебахийтар, церан ларам бар.

Юкъаралла кхиарехь, къоман хIоттарехь коьрта меттиг лоцу хIусамо. Исламо зуда хIусаман хьакъйолу декъашхо лору. Стаг доьзалан да хилар санна, зуда а ю берийн нана. Цаьршиммо цхьаьна кхиабо шайн доьзал. Бакъонаш яларе терра, декхарш ду Исламо зудчунна тIедехкина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Зударийн бакъонаш ю, царна тIехь долу декхарш санна. Амма божаршна царна тIехь дарж ду».** *«Аль-Бакъарат», 228.*

Майрачо шен луъург дан мега бохург дац иза, цуьнгахь долчу жоьпаллина бина аьтто бу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Къонахий зударшна тIехIиттийна бу АллахIа, цхьаберш вукхарал базбар бахьана долуш, цара шайн дохнах урдона делла хIума бахьана а долуш. ТIаккха дика зударий – муьтIахь берш, къайлахдерг Iалашдийриш а бу, АллахIа Iалашде аьлла долу».** *«Ан-Нисаъ», 34.*

ШариIато билгалйина зудчун майрачунна хьалха йолу бакъонаш. Уьш ю:

1. Майра декхар ву шен зудчунна яа, мала, тIеюха, хIусам хилийта, цунна хьехам бан, кхето. Нагахь, майрачунна муьтIахь йоцуш, дуьхьалъялахь, Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайна Iеса бовларна кхераме болчу зударшна хьехам бе;** (цунах пайда ца хилахь)**, вуьжучу меттах къастабе уьш;** (цунах пайда ца хилахь)**, тоха царна** (хьехам хилийтарна, лазорна доцуш)**. ТIаккха уьш шуна муьтIахь хилахь – царна зулам дан некъ ма леха аш. Баккъалла, АллахI Лекха-Сийлахь а, Воккха а ма Ву».** *«Ан-Нисаъ», 34.*

2. Иштта декхар ву иза шен хIусамнанна (иза дин девзаш яцахь) дин Iамо, хьеха. Шен аьтто бацахь, дин хьоьхучу хьуьжаре, маьждиге, кхийолчу мажлисе яха пурба дала деза цуо цунна.

3. Майра декхар ву шен зуда дино ма-бохху лелийта. Цуо дехка деза цунна оьздадоцчу духарщца хийрачу нахана юкъа ялар. Зуда гIиллакхах ца йохийтарна, Далла Iеса ца ялийтарна жоьпаллехь ву стаг. Iумаран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шух хIора а Iу ву, хIораммо а жоп дала дезар ду шен Iуналлех. Имам Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву. ХIора стаг шен доьзалехь Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву. Зуда шен майрачун хIусамехь Iу ю, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ю. Ялхо шен элан даьхнина тIехь Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву. Шух хIора а Iу ву, хIораммо а жоп дала дезар ду шен Iуналлех».** *Бухари, Муслим.*

4. Зудчунна тIе ялийна эмгар елахь, цаьршинна юккъехь нийсо лело езаш ву цIийнада. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шаьш нийсо ца ярна кхерахь, цхьа зуда ялаяй тоийта».** *«Ан-Нисаъ», 3.*
5. Шен зудчун къайленаш, цуьнан сакхташ нахе цадийцар тIехь ду майрачунна.

### Зудчунна тIехь а ду майрачунна хьалха кхочушдан деза декхарш

Бусалба дино иштта билгалдаьхна уьш:
1. Шен майрачунна муьтIахь хила езаш ю иза (Далла Iеса хилар доцчу, массо хIуманна тIехь). Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ас цхьаьнга омра деш хилча, цхьанна сужда де аьлла, ас зудчуьнга омра дийр дара, шен хIусамдена сужда де аьлла».** *Тирмизи.*
2. Майрачун сий лардан декхарийлахь ю зуда. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Къонахий зударшна тIехIиттийна бу АллахIа, цхьаберш вукхарал базбар бахьана долуш, цара шайн дохнах урдона делла хIума бахьана а долуш. ТIаккха дика зударий – муьтIахь берш, къайлахдерг Iалашдийриш а бу, АллахIа Iалашде аьлла долу».** *«Ан-Нисаъ», 34.*
3. Шен майрачун пурба доцуш кертара ара ца ялар, бIаьрг ларбар, тийна-таьIначу озаца йистхилар ду зудчо кхочушдан дезаш долу декхар. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Шайн чохь соьцийла шу, ийманe даккале йолчу заманахь санна духаршца кеч ма лойла».** «*Аль-Ахьзаб», 33.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа ала** (хIай Пайхамар) **ийман диллинчу зударшка,** (хьарам долчух) **шайн бIаьргаш охьахьажабе, шайн бехкен меттигаш а ларъе, шайн хазалла а ма гайта** (хийрачарна)**, ша цунах ган магийна** (юьхь, ши куьг) **йоцург».** *«Ан-Нур», 31.*

Бусалба дин – адаман коьрта, ца хилча ца долу пхи хIума Iалашдан дайитина Везчу АллахIа: 1) дин; 2) дахар; 3) хьекъал; 4) тIаьхье; 5) даьхни.

Уьш дерриге кхочушдалур дац стагана, ша оьздачу нанас ца кхиийнехь, дахарехь шена юххехь тешаме хIусамнана яцахь, ийманехь доьзал бацахь а. Цундела бо Исламо зударийн тергам, ларам. Церан дола динчарна йоккха ял кхайкхайо. Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шен доьзалехь йолу кхоъ йоI собарца, яа, мала, тIедуха латтош кхиийначунна – цунах жоьжахатина дуьхьало хир ю».** *Ахьмад, ибн МажахI.*

Къаьсттина терго йо бусалба дино деца-ненаца дика хиларан. Анасера (Дела реза хуьлийла цунна) деанчу хьадисехь аьлла ду, да-нана резадинчо, Дела резавина аьлла. Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со вахара ялсамани чу, суна хезира цу чохь дешар, тІаккха ас хьаьттира: «ХІара мила ву?» Цара жоп делира: «НуІманан кІант Хьарисат ву, дика хилар ишта ду-кх, дика хилар ишта ду-кх, и вара шен ненаца дика хиларехь уггар дикачарах».** *Хьаким.*

ЗухІрис далийна хІара хьадис. Іелин кІанта Хьасана (Дела реза хуьлийла цаьршинна) шен ненаца кхача ца буура. Цуьнан бахьана хІун ду аьлла хаьттича, жоп деллера цуо: **«Ларамаза цунна езарг кхаьллина, нанна Іеса ваьлларг хиларна кхоьру со».**

Веза-Сийлахьчу Дала Шен къинхетамца бусалбанаш дина вайх. Бусалба дино, вайн Іадаташа кхойкху вайга зударийн сий даре, доладаре. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Зударшна дика хила алий, вовшашка весет де».** *Бухари, Муслим.*

Дала Ша резаволчу некъа дІадаха ийман, собар, Іилма лойла вайна массарна – зударшна, божаршна!

***

## Кхечу къомах тардала ма гІерта вай!

Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьана къомах тарвала гІертарг** (леларца, духарца, гІиллакхашца) **– оцу къомах ву».** *Абу Давуд.*

Хастам бу, халкъашлахь вайн эла Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вазвина, цуьнан уммат кхечу уммател сийлаллехь лакхадаьккхинчу АллахІна! АллахІера салам-салават хуьлийла, Іаламех къинхетам беш Дала ваийтинчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, массо хьелашкахь царна тІаьхьабаьзначарна а!

Шен уммат кхечу уммател къаьсташ хилийтархьама, цуьнан сий айдеш, доладеш, и Іамош, дерриг шен дахарехь къахьегна, халкъашлахь шел везаниг,

диканиг хир воцчу вайн хьехамчас Мухьаммада (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Веза-Сийлахьчу АллахIа иштта билгалдаьккхина иза: **«Баккъалла а, шуна ма дара Делан Элчанехь хаза хилла долу масал - ша Делах а, ТIаьхьарчу** (къемат) **дийнах а кхоьруш волчунна а, Дела дукха хьехош волчунна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21.*

Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIех дукха дезаш хилла шен уммат. Цунна чIогIа лууш хилла, дечу Iибадатца къаьстина ца Iаш, бусалба нах духарца, леларца, гIиллакхашца кхечу умматех къаьсташ хила. Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Мекхаш дацделаш, маж яхъяла Iадйиталаш».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, жуьгташа, керста наха а месаш басар ца йо, шу царах тера ма хилалаш».** *Бухари, Муслим.* Цуьнан маьIна: можа юккъехь, коьрта тIехь а долу къоьжа чоьш можа я цIен басар дар ду. Амма Iаьржа басар дар дихкина ду.

Ткъа вай, кхоччуш тIаьхьадозуш дуй-те цо баьхначунна, доггах везий-те вайна иза?! Вайх хIораммо, шега, Дела везий хьуна аьлла, хаьттича, веза эр ма дара. Ткъа Веза-Сийлахьчу АллахIа боху-кх вайга: **«Ахьа ала** (хIай Мухьаммад)**: «Шу АллахI везаш делахь, суна тIаьхьадаза шу – АллахIна дезар ду шу, Цо гечдийр ду шун къиношна, АллахI гечдеш а, къинхетаме а Ву».** *«Алу Iимран», 31.*

Вайн леларшка, духаршка хьаьжча гучудолу, АллахI, Цуьнан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вайна мел веза, цуьнан вай мел сийдо а. Дала Шен къинхетамца бусалба динехь нисдина, хаьржина вайн уммат. Сийлахьчу Къуръана чохь хIара аят деъна цунна тоьшалла деш: **«Шу дара нахана юкъадаьккхина дика уммат, аш диканиг де олуш, вуониг ма де а олуш, АллахIах тешаш а».** *«Алу Iимран», 110.*

Ткъа тахана, цхьа а дин доцчу, тиладеллачу, Дала оьгIазло йинчу нахера оьзда мел доцу, вайн динца, гIиллакхашца ца догIучу хIуманех масал а оьцуш, царал тIаьхьа ца диса гIерташ, къийсалуш хIунда ду вай?! Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шайл хьалха хиллачеран некъашна тIаьхьадозур ду шу, цара диннарг дан гIерташ, уьш моьлкъанан Iуьрга лилхича а, царна тIаьххье цу чу лелхар долуш».**

Цуьнга хьаттира, ахь буьйцурш жуьгтий, керстанаш-м бац, аьлла. **«Кхин муьлш хир бара, уьш ца хилча?!»** – аьлла, жоп делира цуо. *Бухари, Муслим.*

Дуьненан Iилманчаша а шайн талламашкахь билгалдаьккхина ду, дийнатийн баннех уггар боьха, вуон хьожа йогIу бен, хIокху хьадисехь хьахийначу гIамаршлахь бехачу моьлкъанан бен бу, аьлла.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) баьхначунна тIекхаьчна вай тахана. Оцу къаьмнех тардала гIерташ, вешан гIиллакхех, Iадатех довлуш дохку вай. Хууш ма-хиллара, шел дика, онда, хьекъале волчух тарвала гIерта стаг. И къаьмнаш бен дац-те вайна масал эца дисина, я вайл хьуьнаре бу-те уьш?! Ткъа Дела вайга кхин аьлла Iаш ма ву. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху-кх вайга: **«Сийлалла АллахIан а, Цуьнан элчанан а, бусалба нехан а ю».** *«Аль-Мунафикъун», 8.* Модина, цивилизацина тIаьхьадевллачохь, вешан гIиллакхаш, Iадаташ дицдина, нахана гергахь цIе ларъярхьама, дин лелорца моттаргIанаш лелош вай дIадахча, вайх хIун хир-те, вайн тIаьхьенна вай хIун дуьтур ду-те?! Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьана къомах тарвала гIертарг** (леларца, духарца, гIиллакхашца) **– оцу къомах ву».** *Абу Давуд.*

Оцу вай тардала гIертачу нехан долчул оьзда духарш дац-те вайн, дIабаханчу вайн дайша хаза гIиллакхаш, Iадаташ ца дитина-те шайн тIаьхьенна?! Ма доккха, (ла ца даллал) ирча хьал ду-кх тахана вайн урамашкахь дерг. Берзина бу уьш я бац къасталур доцуш, дуьйладелла лела зудабераш, царна юххе бевлла, цIонгеш оьхьуш, кIуозарш охкийна нохчий кIентий, коьртаIуьйра, юьхь басарш йина, маьттаза духарш дуьйхина, къанбелла, кхузткъа шаре бевлла зударий, церан хенара болу коьртаIуьйра лела божарий… ХIун до вай, мича кхача гIерта?!

**Лераме вежарий, йижарий, дай, наной!** Вайн къам кхерамечу зил тIе кхаьчна. Вайн кегий нах, вайна хIун ду ца хууш, хIаллакьхуьлуш бу. Дийнахь, буса Интернето, телефонаша, телевиденис, хаза нехан санна, вуон тIеIаткъам беш бу тIекхуьучу чкъурана. Оцу чухула кегийчу нахана гойтуш, хьоьхуш ду массо маьттаза мел долу эвхьаза суьрташ. Къаьсттина, боккха кхерам бу хIокху заманахь вай саннaчу жимчу къомана.

Хаамийн гIирсаш оьшуш бац бохург дац вай ала хьийзорг. Вайн кегийрхоша царах хIун ирс оьцу, хаа деза вайна. Хаа деза вайна, шен 15-16 шаре яьллачу йоьIан, йишин телефонаш тIехь хIун суьрташ ду, буса хан

яьллачу хенахь цуьнга телефон хIунда етта, я и телефон цунна эша а оьший-те...

## Лераме махкахой!

БIаьргаш болчунна, иэс долуш волчунна ца ган йиш яц вайн махкахь болу хийцамаш. Вайн махках, къомах дог а лозуш, бала а болуш нах бу вайна хьалхабевлла. Къаьсттина жигара дIахьош бу къам кхетош-кхиоран болх. Оцу балха тIехь къахьега деза вайх хIорамма а. Нагахь санна вай вешан къомах доглозуш делахь, цуьнан шатайпа исбаьхьа гIиллакхаш, Iадаташ дендан, лардан деза вай. Цаьрца къаьста вай кхечу къаьмнех. С-М. Хасиевс (историн Iилманийн кандидат, этнограф ву иза) ма-аллара, къоман юьхь – цуьнан гIиллакхаша, амалша, Iедалша гойту. Тахана динехь нисделла, дайн гIиллакхаш дендина, дерриг дуьненна хьалха вайн дайша яьккхийтина сийлахь нохчий боху цIе ларъян аьтто бу вайн, Делан къинхетамца. Амма вай и ца дой, европейски, американски «чеченаш» хилла, цхьа а сий, ларам, кхане йоцуш, бIеннашкахь долчу къаьмнаша юккъехь, дешна, довр ду вай.

**Лараме Нохчи!** Дерриг дуьне – хьан накъостий, мостагIий – хьоьга хьаьжна, ладоьгIна ду. Хьайн накъостийн дог делош, мостагIашна луург ца долуьйтуш, и деза жоьпалла – Нохчалла – дIакхехьа Веза-Сийлахьчу Дала хьуьнар лойла хьуна!

Кегийрхошка кхайкхам бан лаьа, нохчийн яздархочо Музаев Нурдис иттаннаш шераш хьалха аьллачуьнца:
– Варийлаш, шаьш даккхий хилла, нахана юккъе девлча, вайн дайн Iедалех хера ма довлалаш. Лелон атта дацахь а, аша вайн дайх дисина гIиллакхаш лелийчхьана, муьлххачу къомах болчу нахана юккъе шу нисделча а, царна хьалха юьхькIайн чекхдевр ду шу.

Дала Шен къинхетамах ма дохийла вай массо а!

***

## Дала делла совгIат а, аманат а ду вайн ненан мотт!

Хастам бу, халкъашкахь вайн эла Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вазвина, цуьнан уммат кхечу уммател сийлаллехь

лакхадаьккхинчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, массо хьелашкахь царна тIаьхьабаьзначарна а!

Дала Шегарчу хьикматца, лаамца халкъаш къаьмнашка декъна. Делан кхел дуьненахь лелаш хиларан билгало ю хIора къоман шен мотт хилар. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Цуьнан** (АллахIан) **билгалонех ду стигланаш а, латта а кхоллар, шун меттанаш а, беснаш а тайп-тайпана хилар а. Баккъалла а, цуьнгахь делилаш ду Iилма долчарна».** *«Рум», 22.*

**Лераме вежарий!**

Коьмаршачо делла деза совгIат, аманат ду вайн ненан мотт. Далла гергахь, вайн дайшна, наношна гергахь – и Iалашбеш, тIаьхьенга дIакхачо безаш ду вай. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьайга кховдийна тешам** (аманат) **дIакхачабе; хьайна ямартло йинчунна ямартлонца бекхам ма бе».** *Абу Давуд.*

Везчу АллахIа ша дийцича, я Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) АллахIера схьакхачийча бен хуур дац вайн меттанаш кхолладаларан хьикмат, бахьана а. Дала Сийлахьчу Къуръана чохь хьахийна вайна оцу бахьанех цхьа бахьана. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«ХIай нах, Оха шу кхоьллина боьршачух а, стечух а. Оха шух дан а дина къаьмнаш а, тайпанаш а - шуна вовшийн довзийта. Баккъалла а, шух АллахIна гергахь сий дерг – шух алсам Делах кхоьруш верг ву».** *«Аль-Хьужурат», 13.*

Эзарнаш шерийн истори йолуш къам ду нохчий. Iилманчаша чIагIдарехь, Йеменера дуьйна Шумерехула, Митанни, Урарту пачхьалкхашкахула схьаеъна ширачех долчу вайн къоман лар Кавказе. Шайл хьалха кху махкахь цхьа а къам даьхна доцуш, Къилбаседа Кавказехь орамера, бухера къам ду нохчий. Коьртачу декъана, вешан матте, махке болу безам, уьш ларбан болу лаам сов хиларца даима къаьсташ хилла вайн къам. Шен тарихехь дуккха халонаш лайна вай къомо. Хийла чолхе мур беъна, къам дерриг хIаллакьхилла дан герга а хуьлуш. Амма мел хало хиларх, шайн мотт ларбина вайн дайша.

Цуо гойту, вайн къоман кхиарехь, иэс лардарехь матто дIалоцу меттиг мехала а, йоккха хилар. Вайн къоман кхетам кхио аьтто беш, цуьнан тешаме

гIоьнча хилла таханлерчу дийне схьабеъна нохчийн мотт. Оцу хьокъехь халкъан поэта Арсанукаев Шайхис, шел говза кхин ала йиш йоцуш, башха хаза аьлла:

**БIешераш хийла дIаихна и бекаш,**
**Хьацарлахь, къийсамехь кхиъна и бу,**
**Кхоьллинчу халкъана сов хьанал бецаш,**
**Даима ша хилла нохчийн мотт бу...**

БIешерашкахь маршоне сатуьйсуш леттачу нохчаша зийнарг чу а лоцуш, муьлххачу къоман маттана догIуш долу башха могIанаш яздина халкъан поэта Мамакаева Мохьмада:

**Шен ненан мотт халкъо,**
**Сий ойбуш, Iалашбахь,**
**Цу халкъан паргIато**
**Цхьаммо а хьошур яц.**

Генарчу ГIум-Азехь (1944-1957 шш.) я шаьш кхолламо Иордане, Турце, кхечу мехкашка а кхиссарх а, шайн мотт ца бицбар бахьанехь, Делан лаамца – нохчийн къам ца дайна. Оцу маттаца, вовшашкара кар-кара оьцуш, шайн тIаьхьенашка дIакхачийна цара къоман гIиллакхаш, Iадаташ, тарих…

Ша кхиийнчу ненан мотт хаар Даймохк безарх ду, вина мохк безар – **Ийманах** лерина. Хьовсийша ма говза аьлла-кх нохчийн поэта Саидов Билала:

**Хьо ца безаш волчо шен нана лорур яц,**
**Ненан сий ца дечо мехкан сий лардийр дац,**
**Ненан мотт цахаар – шен кхерч цаларар ду,**
**Кхерчан да цахилар – маьттаза вахар ду…**

Ткъа Даймохк безаро, дайн гIиллакхаш лараро гойту стеган **Ийман** а, оьздангалла. Делан къинхетамца, вайн бусалба ду; вешан мотт Iалашбан, иза безаран бухехь Даймохк беза а декхар ду вай.

Халкъан барта кхолларалла, гIиллакхаш, Iадаташ довза а, царах кхета аьтто а бо матто. Цул сов, оцу меттан йозано дIабаханчу вайн дайшна а, тIекхуьучу чкъурана а юккъе шен хьесап далур доцу мехала зIе тосу. Оцу йозано гойту вайна вайн дайн динах, Iаламах… хилла кхетам.

КIорггера ненан мотт хууш, и безаш волчуьнгахь - гIиллакх, яхь, оьздангалла ца хила йиш яц. Дагабахкийта вай вайн хилла нохчий меттан хьехархой. Ма оьзда нах бара уьш! Ма хаза, цIена, аьхна бара цара буьйцу нохчийн мотт. Ткъа нохчий поэташ, прозаикаш Мамакаев Мохьмад, Айдамиров Абузар, Арсанукаев Шайхи, Гадаев Мохьмад-Салахь… нохчийн яхь, оьздангалла ларъеш баьхна.

**Лераме вежарий!**

Бусалба дин, дайн гIиллакхаш – и ши гIортор ю-кх вай вешан къам кхиорехь тIетовжа дезарш. Ненан мотт бицбахь, дайн гIиллакххех, Iадатех херлур ду вай. Цул сов, Делан аманат – мотт – тIаьхьенашка дIа ца кхачийнарш хир ду вай. Ткъа иза доккха къа ду.

Веза-Сийлахьчу Дала хьекъал, собар лойла вайна, вай дайша дитина кост-весет – ненан мотт Iалашбар, нохчаллах ца дохар – кхочушдан. АллахIа Шен къинхетамах ма дохийла вай!

***Илесов Iарби***

**Хьо хастош дош ала хIоьттича,**<br>**Карий со хьуна хервелла.**<br>**Дахар сайн къаналле лестича,**<br>**Хийти-кха, байттамал, аьлла.**

**Хьо хестор-м коьрта ца хилла,**<br>**Ма дац хьо панара зезаг.**<br>**ДIатесна ца буьтуш гIийла,**<br>**Хилла хьох ирс иэца дезаш.**

**Нана, хьо къинтIера яла,**<br>**Хьан кIентий хербелла хьоьха,**<br>**Ши-кхо дош хьан маттахь алахь,**<br>**ДоьалгIаниг ца карош, лоьху…**

*******

***Билгалдахаршна***